**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТИРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**қол жазба ҳуқықында**

**Тажимова Нигора**

# «Фермер хожалығының өндирислик нәтийжелилигин арттырыў»

Қәнигелик: 5А230102- «Экономика (тармақлар ҳәм тараўлар бойынша)»

магистр дәрежесин алыў ушын

**МАГИСТРЛИК ДИССЕРТАЦИЯ**

**Жумыс көрип шығылды ҳәм жақлаўға жиберилди. «Экономика» кафедрасы баслығы**
**______________ э.и.к.З.А.Балташева**
**«______» _____________ 2014 жыл**

**Илимий басшы**
**_________проф.Қ.Убайдуллаев**

**Магистратура бөлими баслығы: ю.и.к.А.Гулимов**

**НӨКИС – 2014**

# МАЗМУНЫ

**КИРИСИЎ……………………………………………………………………...**

**I БАП. ФЕРМЕР ХОЖАЛЫҚЛАРЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫҢ ТЕОРИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ……………………………………………..**

1.1. Аўыл хожалығының аймақлық өзине тән өзгешеликлери ҳәм раўажланыў дәрежеси……………………………………………………………..

1.2. Аўыл хожалығында әмелге асырылып атырған экономикалық реформалардың әҳмийетли бағдарлары……………………………………………

1.3.Фермер хожалықларының шөлкемлестириўшилик-экономикалық тийкарлары ҳәм оны раўажландырыўдың әҳмийети, …………………………..

**II БАП. ӨЗБЕКСТАНДА ФЕРМЕР ХОЖАЛЫКЛАРЫНЫҢ МӘМЛЕКЕТ ТӘРЕПИНЕН ҚОЛЛАП-ҚУЎАТЛАНЫЎЫ………………..**

2.1 Өзбекстанда фермер хожалықларының мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатланыўы

2.2 Мәмлекетимизде фермер хожалықларында дийханшылықты арттырыўдың экономикалық анализи

2.3.Фермер хожалықларында есап- китапты шөлкемлестириўди жақсылаў ҳәм иелеп шығарыў нәтийжелилигин анықлаў усылларын жетилистириў

**III БАП. АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫНДА ФЕРМЕР ХОЖАЛЫҚЛАРЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫҢ ТИЙКАРҒЫ БАҒДАРЛАРЫ ҲӘМ ПЕРСПЕКТИВАЛАРЫ**

3.1. Республика фермер хожалықларын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў процесслериниң анализи

3.2. Шарўашылыққа арналған фермер хожалықларының раўажландырыў бағдарлары

3.3. Фермер хожалықларына агросервис хызметин көрсетиў инфраструктурасын раўажландырыў бағдарлары

**Жуўмақлаў ҳәм усынıслар**

**Пайдаланылган әдебиятлар дизими**

# КИРИСИЎ

**Теманың актуаллығы**. Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен кейин базар қатнасықларына тийкарланған халда өзиниң экономикалық раўажланыў стратегиясын ислеп шықты. Бунда хәр бир регион өзиниң жайласыў орны, демографиялық өзгешелиги тәбийий ресурслары ҳәм басқада өзгешеликлерине қарай раўажланыў жолы ислеп шығылды. Усыған қарай Қарақалпақстан Республикасының экономикасының раўажланыўы да жоқарыда айтып өтилген өзгешеликке байланыслы**.**

Қарақалпақстан Республикасының экономикасының раўажланыўы агросанаат комплекси менен байланыслы. Себеби Республиканың 70% ти аўыллық жерлерде жасайды, қала берсе, үлкениң жерлериниң көп бөлегинде аўыл-хожалық өнимлери жетистириледи ҳәм басқа санаат тармақларына халықты тийкарынан аўыл халқын тартыў имканы жоқлығы себепли Республика усы тармақ арқасында жасап келмекте ҳәм раўажланбақта. Сондай ақ, санаатта ислеп шығарылатуғын өнимлердиң дерлик ҳәммеси аўыл хожалық өнимлеиниң қайта ислеп шығарылады. Соның ушын да Қарақалпақстан Республикасы аграр республика есапланады.

Республикамыз халық хожалығы тармақлары арасында аўыл хожалығы тараўы өзине тән орынға ийе болып, бүгинги күнде аграр тармақ жалпы ишки өнимниң 1\4 бөлегин ислеп шығармақта. Мәмлекетимиздиң өндирис ҳәм интелектуал потенциалның ярымнан артығы туўрыдан туўры аўыл хожалығы менен байланыслы. Аўыл-хожалығы өними мәмлекетке валюта түсимлериниң 55% тен артығын тәмийнлейтуғын зәрүр экспорт дереклеринен бири есапланады.

**Машқаланың үйренилгенлик дәрежеси.** Фермер, дийхан, хожалықларының раўажланыў машқалалары ҒМДА мәмлекетлериниң аграр-экономист илимпазларынан Б. Русанов, Е. В Стрелков, В.А. Гореминин, Л.А. Андреев, В.И. Кудрятов, М.В. Семин, В.И. Михина, А.С. Каминский, В.Ф. Башмачников ҳәм басқалардың илимий жумысларында өз көринисин тапқан.

Өзбекстан Республикасы жағдайында болса, усы машқалаға Ш.А. Акмалхонов, А.К. Исмаилов, Т.С. Маллабаев, А.С. Цамутали, Ф.Қ. Каюмов, В.В. Ким, Р.Р. Раджапов, И.Б. Голеев, А.М. Жураев, Р.*. Хусанов, А.А. Шакиров, А.М. Қадиров, С.Н. Усманов, Ю.С. Дадабаев, Р.П. Пулатов ҳәм басқалар илимий жумыслары менен үлес қосқан.

**Диссертация жумысының мақсети ҳәм ўазыйпалары.** Магистрлик диссертация жумысының мақсети республика фермер хожалықларының өндирислик нәтийжелигин үйрениў, анализлеў ҳәм оның нәтийжелигин арттырыў бойынша пикир ҳәм усынıслар бериў. Диссертация жумысының мақсетинен келип шығып төмендеги ўазыйпалар белгиленди:

- фермер хожалықлары хызметлерин раўажландырыў, оларда дийханшылықты күшейтиў ҳәм оларды мәмлекет тәрепинен ҳуқықый қоллап қуўатлаў дәрежелерин жетилистириў;

- фермер хожалықларының өндирислик нәтийжелигин анализлеў ҳәм ҳәм оны жетилистириў бойынша пикир бериў;

- фермер хожалықларын шөлкемлестириў-экономикалық формаларын раўажландырыў тәжирийбелерин улыўмаластырыў;

-фермер хожалықларында жер ресурсларынан пайдаланыўдың ҳәзирги жағдайына баҳа бериў;

-фермер хожалықларының материал-техникалық тәмийинлениўи ҳәм оларға сервис хызметин көрсетиў дәрежесин анализлеў;

-фермер хожалықлары кооперациясын шөлкемлестириў шәрт-шараятларын илимий тәрептен ашып бериў;

-фермер хожалықларының өндирис ҳәм финанслық жағдайын турақластырыў бойынша усыныслар ислеп шығыў;

**Изертлеўдиң объекти** сыпатында Қарақалпақстан Республикасының фермер хожалықлары таңлап алынған.

**Изертлеўдиң предмети** болып фермер хожалықларының раўажланыў процесслери, олардың базар субъектлери менен өз-ара қатнасықлары ҳәм

базар экономикасы шараятында олардың нәтийжелилигин арттырыў имканиятларын анықлаў есапланады.

**Изертлеўдиң методикасы ҳәм усылы.** Изертлеўдиң методикалық тийкары болып, барлықты диалектикалық көз-қарастан билиўге тийкарланған методикалық принциплер, сондай-ақ базар экономикасы шараятында өндирис нәтийжелилигин арттырыў бойынша қәлиплескен таманы, Өзбекистан Республикасы Президенти И.Каримовтың илимий мийнетлеринде көрсетилип илимий идеялар ҳәм теориялық қолланбалар есапланады.

Изертлеў даўамында таңланған машқаланы үйрениўге системаны қатнас жасаўды тәмийинлеўши төмендеги усыллардан пайдаланылады: экономика-статистикалық, есап-конструктив, статистикалық группалаў, монографиялық баҳлаў.

**Изертлеўдиң информацион базасы** болып, Өзбекистан Республикасы Нызамлары, Өзбекистан Республикасы Президентиниң Пәрманлары, Министрлер Кабинетиниң Қарарлары, Қарақалпақстан Республикасы Экономика министрлиги ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Статистика басқармасы хабарлары, Республика дийхан ҳәм фермер хожалықлары бирлеспеси мағлыўматнамалары, фермер хожалықларының жыллық мағлыўматлары, сондай-ақ усы машқалаға тийисли басқа норматив ҳүжжетлер ҳәм мағлыўматлар хызмет етти.

**Изертлеўдиң илимий жаңалығы** болып төмендегилер есапланады:

- фермер хожалықларын раўажландырыўдың социаллық-эканомикалық ақыбетлери ҳәм аграр тармақты раўажландырыўдағы орны теориялық тәрептен ашып берилген;

- республикамыздың арқа аймағында тийкарғы орынды ийелеп атырған Қарақалпақстан Республикасының өзине тән өзгешеликлерин есапқа алған халда фермер хожалықларында қәнигелестириў зәрүрлиги ҳәм оның өндирис нәтийжелилигине тәсири илимий тәрептен тийкарлап берилген;

- фермер хожалықларында кооперация процессин раўажландырыўдың теориялық тәреплери ашып берилген ҳәм республикамызда оны раўажландырыў бойынша усынислар ислеп шығылған;

- фермер хожалықларында өндиристиң экономикалық нәтийжелилигин анықлаў бойынша методикалық усынислар ислеп шығылған;

- фермер хожалықларында есап ҳәм есабат процессин жетилистириў бойынша методикалық усынислар ислеп шығылған.

**Изертлеўдиң әмелий әҳмийети төмендегилерде өз көринисин тапқан.**

- фермер хожалықлары хызметиниң экономикалық нәтийжелиги дәрежесине анализлер ҳәм илимий тийкарланған усынислар тийкарында баҳа берилген;

- фермерлер хожалықларына берилген жер ресурсларынан пайдаланыў нәтийжелилигиниң ҳәзирги жағдайы анализлери ҳәм де бар машқалалар ашып берилген ҳәм оларды сапластырыў талаплары бойынша әмелий әҳмийетке ийе болған усынислар ислеп шығылған;

-фермер хожалықларының материал-техника базасын беккемлеў ҳәм сервис хызметин көрсетиў системасын жетилистириў бойынша әмелий усынислар берилген;

- фермер хожалықларының өндирислик ҳәм финанслық турақлылығын тәмийинлеўдиң ишки имканиятлары ашып берилген ҳәм олардан пайдаланыў бойынша усынислар таярланған.

Изертлеўдиң тийкарғы нәтийжелери келешекте Қарақалпақстан Республикасы аймағында фермер хожалықларын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыўда, оның тийкарғы нәтийжелеринен болса жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларының оқыў дәстүрлери шеңберинде пайдаланыў мүмкин.

**Изертлеўдиң нәтийжелерин сынаў ҳәм әмелиятта қолланыў.** Жумыстың тийкарғы әмелий әҳмийетлеринен бири, фермер хожалықларында

есап-китап жумысларын жақсылаў ушын оларға жеңил ҳәм қолайлы болған есап-китап нормативи усыныс етиледи. Буның нәтийжесинде, фермерлердиң финанслық нәтийжелерин анықлаў имканияты туўылады, қәрежетлерди кемейттириўге жәрдем береди. Келекшете болса, экономиканың келешеклерин анықлаў ҳәм белгилеўге имканият жаратады.

Фермерлердиң ислеп шығарылған өнимлерин қайта ислеў бойынша кооперацияларда шөлкемлестириў болса оларда пайда алыўды арттырыўға жәрдем береди.

**Диссертация жумысының дүзилиси.** Жумыс кирисиў, үш бап, жуўмақлаў бөлимлеринен ибарат. Жумыстың кирисиў бөлиминде мәмлекет экономикасының ең зәрүр ҳәм әҳмийетли тараўы болған аўыл хожалығының раўажланыўында фермер экономикалық әхмийетлиги, теманың актуаллығы, диссертацияның мақсети ҳәм ўазыйпалары, илимий жаңалығы хаққында айтылған. Диссертация жумысының биринши бабы фермер хожалықларын раўажландырыўда аўыл хожалығының өзине тән өзгешеликлери деп аталып бул бапта фермер хожалықларының экономикалық әҳмийети ҳәм аўыл хожалығының территориялық өзине тән өзгешеликлери, раўажланыў дәрежеси ҳаққында айтылган. Жумыстың екинши бабы фермер хожалықларын финанслық қоллап қуўатлаў машқалалары деп аталған. Бул жерде Өзбекстанда фермер хожалықларының мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатланыўы, мәмлекетимизде фермер хожалықларында дийханшылықты арттырыўдың экономикалық анализи ҳаққында сөз жүритиледи.

Диссертайия жумысының жуўмақлаў бөлиминде таңлап алынған тема бойынша бирқанша усынислар келтирилген.

# І БАП. ФЕРМЕР ХОЖАЛЫҚЛАРЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДА АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫНЫҢ ӨЗИНЕ ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

## 1.1. Аўыл хожалығының аймақлық өзине тән өзгешеликлери ҳәм раўажланыў дәрежеси

Халқының ярымынан көбиреги аўыллық жерлерде жасап, мийнет қылып атырған Өзбекстанда аўыллардағы аграр қатнасықларға үлкен әҳмийет берилип келмекте. Себеби-халық хожалығындағы көплеген салалардың раўаж табыўы, көп миллетли халқымыздың абаданшылығы көп жақтан аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыў менен байланыслы.

Бул мәселениң қандай өмирлик ҳақыйқат екенлигин мәмлекетимиз Президенти Ислам Каримов Вазирлар Маҳкамасиниң 2013 жылдағы социал-экономикалық раўажланыўы ҳәм экономиканы реформаластырыў мәселелери талықлаўға арналған жыйналысындағы сөзинде де усындай деген еди: «Биз қайта-қайта тәкирарланған мине усы бир ҳақыйқатты жақсы аңлап, күнделикли өмиримизде дәстүр қылып алыўымыз керек, бул ҳақыйқат соннан ибарат, яғный, дийханы бай болған мәмлекет ғана бай болады...» Бул уллы мақсетти әмелге асырыў ушын мәмлекетимизде беккем ҳуқықый тийкар жаратылып, халық хожалығының, аўыл хожалығының салаларында әмелий ҳәм қурам өзгерислер әмелге асырылмақта. Усыған тийкарланып айтыў мүмкин, аграр саладағы раўажланыўды тезлетиў ушын мәмлекет аўыл хожалығы саласында ўәлаят ҳәм районларда басланған реформаларды даўам еттириў ҳәм ақырына жеткизиў зәрүр.

Бәсекеге жарамлы өним ислеп шығарыў мәселесинде өзиниң аныклап алыў Қарақалпақстан ушын жүдә әҳмийетли. Бул жерде де аўыл хожалығы экономикасы пүткил халық хожалығында тийкарғы орын тутады. Аўыл хожалық өнимлерин ислеп шығарыў да, кәрхананың, районның ҳәм улыўма республиканың қәнийгелесиўи тәбийий ресурслардың муғдарына, қолай шәрт-шараятларға туўрыдан-туўры байланыслы.

Қарақалпақстанда аўыл хожалығы ислеп шығарыўының өзине тән өзгешеликлеринен және бири-тәбийий ҳәм экономикалық шәрт-шараятларға

байланыслы. Мәселеге усы көз-қарастан қаралғанда, Қарақалпақстан шараятын басқа бир ҳәм материаллық ислеп шығарыў саласына қыяслап болмайды. Сөзсиз, мәмлекттеги ҳәр бир район ҳәм ислеп шығарыў кәрханаларының тек өзине ғана тән болған экономикалық шәрт-шараятлары бар болғана киби, Қарақалпақстанда да территориялық аўыл хожалығы саласын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыўда, экономикалық нәтийжелигин асырыўда шешиўши әҳмийетке ийе.

Қарақалпақстан майданларының географиялық жайласыўы, тийкарынан оның егин майданлары меридиан сызығына ҳәм кеңлик сызықларына жантас екенлиги, бир тәрептен ҳаўа райы шараятындағы суўықлықты келтирип шығарса, екинши тәрептен, аўыл хожалығы егинлериниң биоклимат ҳәм басқа экономикалық шараятларға шыдамлылығын, сәйкесслениўшилигин асырыўда да әҳмийетли роль ойнайды.

Инвесторлар қандайда бир иске реже менен қаржы ажырататуғын болса, ең алды менен ҳәр тәреплеме өлшеп, мың түрли жоллар менен тексерип келетуғын пайда-мәплерди есаплап көреди. Олар тийкарынан төмендеги мәселелерди анықлап алыўды баслы мақсет етип қояды:

-бириншиден, көзленген майданда не егип, өним алыў мүмкин.

-екиншиден, алынған өнимге дүнья базарларында ҳәм ишки базарларда талап қай дәрежеде.

-үшиншиден, талап күшеәеберетуғын болса, өним көлемин көбейтиў имканияты талапқа сай келедиме.

-төртиншиден, жетистирилген өнимди тасып кетиў имканиятлары талап дәрежесиндеме.

-бесиншиден, ислеп шығарылатуғын өнимди көбейтиў ушын запастағы имканиятлар ушын қанша қаржы ажыратыў мүмкин.

Қарақалпақстанның сахый жеринде пахта, гүриш, бийдай, қантләблебиси, айғабағар, жипекшилик, қаракөлшилик өнимлери, қаўын-ғарбыз, картошка, көплеп мийўе, жүзимшилик сыяқлы жүдә көп егин ҳәм

дийханшылық, қатар аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў имканиятлары бар.

Жетистирилип атырған өнимлердиң түрлерине шет елли адамлар арасында қызықып атырғанлар көп. Олар әсиресе пахта, пилле, қаўын, жүзим, қубла климаты мийўелери, ертеписер помидор, болкар бурышы, пияз, чиснок ҳәм тағы басқаларға жүдә қызығады. Россия ҳәм Қазақстан қала-аўылларында атап өтилген өнимлерге, пахтаға қызығыўшылық ҳәм мүтәжлик жүдә жоқары.

Қарақалпақстанда жетистирилетуғын аўыл хожалығы өнимлери ишки базарларда да жүдә өтимли есапланады. 2013 жылда жалпы өним ислеп шығарыў бойынша төмендегише көрсеткишлерге ийе болды: жалпы өним жетистириў 38,7%, соның ишинде пахта жетистириў 24,8%, шарўашылық өнимлери -57,3%. Республика зоналары бойынша палыз егинлери қурамында жалпы аўыл хожалығы өнимлер арасында: қубла майданларда 51,1%, арқа майданларда -48,1%, теңиз бойы (орайлық) территорияларда - 0,84%.

Қубла зонада жайласқан ширкет ҳәм фермер хожалықлары пахта ҳәм дән өсимликлерин егиў, жетистириў, шарўашылық өнимлери ҳәм пилле жетистириўге көбирек сәйкесленген болып, бул зонада улыўма Қарақалпақстан пахтасының ярымы, жипек таласының 80%ти, жоқары сапалы қаракөлшилик өнимлериниң тийкарғы бөлеги жетистириледи.

Үлкениң арқа зонасы аймағында жетистирилетуғын өнимлер егилетуғын майданның үштен еки (2/3) бөлеги жайласқан болып, бул майданлар көбирек гүриш, пахта, жоңышқа жетистириўге, қалған майданларда шарўа малларын тәрбиялаўға мөлшерленген. Бул зонада шарўаның үштен бир(1/3) бөлеги тәрбияланады.

Мойнақ районында (теңиз бойы зонасы) аўыл хожалық өнимлерин жетистириў айтарлы дәрежеде раўажланбаған, көбирек шарўа малларын бағыўға, жәрдемши дийхан-фермер хожалықлары ушын пайдаланыўға тапсырылған.

Салалар ара балансты көрсетилген мағлыўматларға қарағанда Қарақалпақстан Республикасы Өзбекистанда суўғарылатуғын майданның 9,7%ти, халықтың 6,1 тин қураған ҳалда, жетистирилетуғын жалпы аўыл хожалық өнимлериниң тек ғана 2,7%тин ғана жетистирип бере алады.

Кейинги жылларда Қарақалпақстан аўыл хожалығында унамлы өзгерислер, алға илгерилеўлер көзге тасланбақта. Республика аўыл хожалығында мүлкшилик қатнасықлары ҳәм экономиканың көп укладлы формасын раўажландырыў мақсетинде қатар шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый, социал-экономикалық шәрт-шараятлар жаратылды. Әмелге асырылған илажлар нәтийжесинде мәмлекет аўыл хожалығы кәрханаларын ширкетлерге, фермер хожалықларына айландырыў ушын, аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыў ушын тийкар бола алады.

Усыған қарамай, республикада палыз, от-жем жетистирўде, шарўа малларын көбейтириўде әдеўир машқалалар жыйналып қалғаны көзге тасланады. Әсиресе, 2007 ҳәм 2008 жылларда суў жетиспеўшилиги себебли майданларды суўғарыў әдеўир кешиктирилип, оның үстине далалар өткен жылдағыға салыстырғанда суўды кем ишкенлиги сезилип қалды. Мине усындай тәбият ынжықлықлары себепли соңғы үш-төрт жылда республикада пахта ҳәм салы өнимин топлаўда кемшилик сезилди. Деген менен, 2012 жылға келип аўҳал дерлик жақсыланды, әсиресе салы өними керегинен артық жетистирилди.

Аўыл хожалығы саласында өзгерислер басқа салаларда да өзгерис жасаўға туўрыдан-туўры тәсир қылыўы сөзсиз. Республика егин майданларын зоналарға ажыратыў ҳәм оларды түрли қәнийгеликлерге сәйкеслендириў, яғный, экономикалық-климатлық зоналарға ажыратыўда, олардың белгили егин өзгешеликлерин экономикалық нәтийжеге қарай бағдарлаў, от-жем ҳәм шарўа өнимлерин, сондай-ақ басқа аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўде сәйкеслениў шара-илажларын сынақтан өткериў зәрүр.

Дүнья базарларында қарақалпақ жоңышқасына талап артып баратырғаны ҳәм жоңышқаның баҳасы асып баратырғаны бүгинги күнде көп айтылмақта. Жоңышқа әийемги заманлардан берли Түркистан далаларында ең жақсы от-жем сыпатында көплеп егилген. Оннан жоқары өним алынған, қалаберсе, жоңышқаны тәрбиялаў әдеўир аңсат болған. Тилекке қарсы, шарўа маллары ушын күтә тойымлы мине усы от-жемди жетистириў ҳәзирги пайытта жүдә кемейип кетти. 2013 жылда жоңышқа егилген майданлар улыўма республика егин майданының тек ғана 12%тин, жалпы өнимдарлық болса 230 тонна туқымды өндирди(1970 жылда бул көрсеткиш 454 тоннаны қураған еди).

Республика халқы арасында өсимлик майына болған мүтәжлик жүдә жоқары. Бирақ ҳәзирше жергиликли шараятта ислеп шығарылған май халық мүтәжлигин толық қанаатландыра алмай атыр. Қарақалпақстанда жүз жыллар даўамында гүнжи ҳәм басқа дәнли өсимликлерден май алынып, халық тәрепинен тутынылған. Ендиликте болса тап усы мақсетлерде айғабағар өсимлигинен де май алыў жолға қойылған. Айғабағар-жоқары өнимли, кем мийнет талап қылатуғын өсимлик. Егин майданларынан мине усы өсимликти жетистириўде де пайдаланылса мақсетке муўапық болар еди.

Теңиз бойындағы (орайлық) зона ҳәм оған жақын аймақтағы егин далалары ушын Қарақалпақстанға, оның тәбиятына сай, тутыныў ушын жүдә әҳмийетли өсимликлерди өстириб, республиканың социал-экономикалық жақтан жедел раўажланыўын тәмийинлесе болады.

Сондай қылып, республикада дийханшылық өнимлерин жетистириў әдеўир пәсейди. Енди тийкарғы итибар бошоқли дән егинлерин жетистириўге қаратылды. Бул барыста бир қанша утыслар да көзге тасланып қалды. Бул-нан өнимлери менен өзин-өзи тәмийинлеўдиң өсиўи, импорт бойынша ун алыўдың кемейгенлиги, егин майданларынан мақсетли пайдаланыў, өнимдарлықтың асқанлығы, дәнли егинлер жалпы өнимниң көбейиўи нәтийжесинде сондай көрсеткишлерге ерисилген еди.

Пахташылықты раўажландырыў ушын мәмлекет көлеминде илажлар белгиленип, көплеп урыныўлар қылыныўына қарамастан, соңғы жылларда территорияда пахта жетистириў сезилерли дәрежеде кемейди. Аграр салада реформалар басланыўы нәтийжесинде республикада картошка жетистириў меншик майданлар мойнына өтти, лекин усыған қарамастан, картошка жетистириў жүдә кемейип кетти.

Республикада от-жем егинлерин егиў де кемейип бармақта. Бул шарўа малларының да кемейиўине, ҳәм от-жем базасының аўҳалы жаманласыўына себеп болмақта. Булардың барлығы ақыбетте ислеп шығарыў суўретиниң пәсейиўине, шарўа маллары ҳәм қуслар санының қысқарыўына, сүт, гөш, мәйек ҳәм тери жетистириўдиң кемейиўине алып келди.

Аўыллық жерлериндеги трактор парклары тәмийинлениўи керек болып қалды, олардағы машиналардың тийкарғы бөлеги ислетиле берип, иске улыўма жарамсыз болып қалды, ҳәттеки көпшилигиниң ислетиў мүддети өтип кеткен. Көрсеткишлер саны жағынан шамалы (қыясый) көрсеткишлердиң улыўма бағдарын ғана көрсетеди. Реал өмирде бул жағдай қағаздағыдан әдеўир жаман. Егер машиналардың хызмет қылыў мүддетиниң есап-китабына, ислетиў дәўириндеги экономикалық нәтийжелик көрсеткишлерине итибар беретуғын болсақ, жағдайдың жәнеде жаманлығы айдынласады. Себеби-хызмет қылыў мүддети өтип кеткен машиналар қайта-қайта тәмирлене берип, қайта-қайта ислетиле бергеннен соң оңланармеди.

Есап-китаплар соны көрсетеди, хожалықлар тракторларды тәмирлеп, иске түсириў ушын қылынатуғын қәрежетлер, экономикалық нәтийжелик көрсеткишлери пәсейиўи нәтийжесинде улыўма сарып-қәрежетлер көбейген. Егер жақын жыллар ишинде бул барыста өз ўақтында жиддий шара-илажлар ислеп шығылып, әмелге асырылмаса аўҳал бетер жаманласып кетиўи турған гәп. Ҳәзирден-ақ тракторлардан пайдаланыў мүддети (яғный, олардың хызмет көрсетиў дәўири) асып кеткенлиги улыўма аўҳалды айдын көрсететуғын факт.

Лекин базар экономикасы қатнасықларына өтиў дәўиринде, техникаға, ресурсларға, аўыл хожалығы өнимлерине баҳа белгилеўде өзгерислер жүз берип турған бир пайытта аўыл кәрханалары  ушын ажыратылып атырған финанслық жәрдем муғдарлары  жүдә аз.  Бул болса ҳәзирги пайытта қыйын экономикалық аўҳалға түсип қалған аўыллық жерлердеги жағдайды жақсылай алмайды. Жаңа техниканы сатып алыў ушын хожалықларда амортизация фондларынан пайдаланыў жақсы  нәтийже бериўи мүмкин еди. Лекин ҳәзирги ўақытта бул  фонд қаржылары да мақсетсиз сарыпланып, тек 20-40% қаржыдан ғана көзленген мақсет ушын пайдаланылмақта.

Аўыл көрханаларын техника менен тәмийинлеўди жақсылаў мақсетинде машина-трактор парклериниң ислерин раўажландырыў зәрүр. Оларға азған қаржы жумсап, аўыл мийнеткешлери ушын ушын пайдалы ҳәм нәтийжели шерикке айландырып алса болады.

МТПлардың раўажланыўы ушын мәмлекет өзиниң спонсорлық жәрдемин көрсетиўи керек. Буннан тысқары, топырақтын сапасын жақсылаў ушын энергия сарыпын тежейтуғын технологияларды енгизиў, оларды илимий жақтан тийкарлаў да зәрүр болады. Усфындай шара-илажлар нәтийжесинде кем кем қәрежет қылып, дала ислерин жәнеде жанластырыў, жанылғы майлаў материалларын ҳәр гектар есабына 13-25% тежеў мүмкин болады.

Ширкет, фермер ҳәм дийхан хожалықлары ушын хызмет қылатуғын МТПларды шөлкемлестириў, раўажландырыўда еле шешилмеген әдеўир машқалалар бар.

Ҳәзирги пайытта бул машқаланың үзил-кесил шешилиўинен үмит жоқ. хызмет көрсетиў ҳақыларының үзликсиз өсип барыўы( егинлер, жерге ислеў бериў, жыйын-терим ҳәм т.б.)да мәселениң шешилиўинде тоғанақ болып турыпты. Бул болса бириншиден, сарып-қәрежетти жәнеде көбейтеди, екиншиден, хожалықлар, фермерлер, хызмет көрсетиўдиң  жүдә жоқары баҳадалығынан шоршып қаладылар, үшиншиден, булардың барлығы өнимниң өзине түсер баҳасын асырып жибереди. Нәтийжеде өнимлерди

сатыў қыйынласады, мәпдарлық пәсейип кетеди. Усыларды нәзерде тутқан ҳалда, фермер ҳәм дийхан хожалықларына техника сатып алыўы ушын узақ мүддетли қарыз бериў мәселесин ойлап көриў керек болады. Егер усындай қарызларды бериў мүмкин болса, хожалықлар МТП көрсеткен хызметке жараса төлеў қаржылары дерегине ийе болар еди. Усы бәнеде хызмет түрлери калькуляциясында амортизация графасынан ўаз кешиў де мүмкин болар еди. Негедур тап мине усы графа калькуляцияда 32% ти ийелеп турыпты. Егер биз хызметке ҳақ төлеў имканиятын жоқарыда көрсетип өткенимиз сыяқлы шешип бере алсақ, хожалықлар агротехника илажларын өз ўақтында бежериўге муўапық болар еди. өз нәўбетинде МТПлар да хызмет көрсетиў түрлерин көбейтиў, хызмет сапасын асырыў, өзлериниң қарызларын төлеўи, жаңа техника сатып алыў, ис орынларын ҳәм шәрт-шараятларын жақсылаў имканиятларына ийе болар еди. Хожалықлыр, фермерлер ҳәм дийханлар болса кооперативлерге бирлесип, жаңа техниканы сатып алыўы ямаса МТПларға альтернатив ҳалда хызмет көрсете алатуғын басға бир мекеме дүзип алар еди. Демек, қайсы бир техникаға мүтәжлик күшлирек екнин билип алып, усыннан кейин ғана сол техникаға яки хызметке болған мүтәжликти қанаатландырыў яки техниканы хожалыққа саўға қылып бериў имканияты туўылыўы мүмкин.

Узақ мүддетли қарызларды көбинше өнимди қайта ислеў менен шуғылланыўшы көрханалар алыўы мақсетке муўапық болады. Себеби, қарыз қаржыларын олардан натурал ҳалында (өним ҳалында) алыў мүмкин. Егер ири кәрханалар хожалықларға инвестиция қарызларын өнимлер көринисинде болса да үзиўи мүмкин. Бунда да кепилликли базар экономикасы, ҳәм кепилликли инвестиция қарызларын қайтарып бериў имканиятлары ашылады.

Бул барыста соны да белгилеп өтиў зәрүр, истиң алға жылысыўы ушын алдын-ала ҳәр бир хожалықта шөлкемлестириўшилик- экономикалық шара-илажлар көрилип, олар технологиялық тәртиптиң қатаңласыўы, қаржылардың нәтийжели сарыпланыўы, ислер шығарыў системасының базар

конъюнктурасына сай рәўиште өзгере алыўы, мийнетти шөлкемлестириўде заманагөй усыллардан пайдаланыў, сондай-ақ, хожалықлар, ширкетлер ис-ҳәрекетинде ишки запас имканиятларынан пайдаланыўды да ойлап көриў лазым.

Жоқарыда белгилеп өтилген шара-илажлар қанша тезирек әмелге асырыўдан тысқары, соны бөлек атап өтиў керек, Қарақалпақстан Республикасындағы жергиликли аўыл хожалығы базасы мәмлекетимиздеги басқа территорияларға салыстырғанда әдеўир кейинде екенлиги мәлим болып қалмақта. Кәплеген ширкетлер, дийхан-фермер хожалықлары ишки хожалық запаслары имканиятларынан, өнимниң өзине түсер баҳасын пәсейтиў есабынан келетуғын нәтийжеден пайдаланыў ислерин зәрүр дәрежеде еплей алмай атыр. өзине түсер баҳа, еркин баҳаның өсип барыўына қарамастан, ислеп шығарыўда рентабеллик дәрежесин көтериў әдеўир қыйын кешпекте.

Бuның ушын болса, ҳәр бир хожалықтағы жер, суў, энергетика ҳәм басқа ресурслардан илимий тийкарда, ақылға муўапық пайдаланыў имканиятларын излеп табыў, запаслардан интенсив пайдаланыўды үйрениў зәрүр. көплеген хожалықларда жол қойылып атырған кемшиликлерден, атап айтқанда, хожалықсыз, бийпарўалықтан ўаз кешиў материаллық ҳәм пул-қаржы қуралларынан ақылға муўапық пайдаланыўды үйрениў, таяр өнимлерди исрап қылмаў, сапасын сақлап қала алыў ҳәм усы тийкарда ислеп шығарылған өнимниң экономикалық нәтийжелигин асырыў ҳаққында да ойлап көриў керек.

## 1.2. Аўыл хожалығында әмелге асырылып атырған экономикалық реформалардың әҳмийетли бағдарлары

Республикамыз аўыл хожалығында басқышпа-басқыш әмелге асырылып атырған экономикалық реформалардың барысын анализлеў тийкарында олардың төмендеги тийкарғы бағдарларын ажыратып көрсетиў мүмкин:

- мулкли ҳәм қөлемли реформалар;
- жерден пайдаланыў бойынша реформалар;
- суў ҳәм суўдан пайдаланыў мүнәсибетлериндеги реформалар;
- финанс-кредит, салық ҳәм қамсызландырыў тараўындағы реформалар;
- баҳа системасындағы реформалар.

Аграр тараўда әмелге асырылып атырған мүлкли-көлемли реформаларда биринши нәўбетте мулкти мәмлекет ықтыярынан шығарыў ҳәм жекелестириў, түрли мулк формаларында, ең әўеле жеке мулкшиликке тийкарланған хожалық жүритиў формаларын жәриялаўға зәрүр итибар қаратылды. Экономикалық реформалардың дәслепки басқышларында-ақ зыян көрип ислеп атырған ширкет хожалықларын басқышпа–басқыш жуўмақлап, фермер хожалықларына айландырыў бойынша үлкен көлемли реформалар әмелге асырылды. Бул реформалар нәтийжесинде 1999-2007-жылларда жәми 2102 келекшексиз ширкет хожалығы басқышпа–басқыш жаўылып, олардың тийкарында 158738 фермер хожалығы шөлкемлестирилди.

Пухта ойланған дәстүр тийкарында 2008-2010-жыллар даўамында өткерилген муўапықластырыў барысы нәтийжелерине байланыслы фермер хожалықларының жер майданлары көлеми муўапықластырылды.

Бул бағдарда фермер хожалықларының экономикалық өнимдарлығын өсириўге имкан жаратыўшы төмендеги усыллар итибарға алынды:

- фермер хожалықлары ықтыярындағы жер майданларинан тиккелей контурларда, жеке тәртипте мақсетли ҳәм утымлы пайдаланыўды тәмийнлеў;

- фермер хожалықларының қайсы тарауға қәнигелескени ҳәм мәмлекетимиздиң түрли аймақларындағы халық тығызлығын итибарға алыў;

- суў ҳәм басқа зат ресурсларын тежейтуғын жаңа агротехнологияларды қолланыўға қолай шараят жаратыў;

- үлкейтилген фермер хожалықларының комплекс механизацияласыўы бойынша финанслық имканиятларын кеңейтиў;

- зыян менен ислеп атырған ҳәм өзин ақламай атырған киши фермер хожалықларының хызметине шек қойыў.

Әмелге асырылған муўапықластырыў барысы нәтийжесинде, 2011-жыл жуўмағы бойынша, республикамыздағы фермер хожалықларының саны 215 776 дан 66134 ке яки 69,4 пайызға кемейттирилди, бунда бир фермер хожалығына туўры келетуғын орташа жер майданы көлемин 27,4 гектардан 80,1 гектарға шекем көбейтиўге ерисилди. Орташа бир фермер хожалығына туўры келетуғын жер майданын тармақлар бойынша алып қарайтуғын болсақ, бул көрсеткиш пахташылық ҳәм ғәллешиликте 106,3 гектарға, палызшылықта 23,5 гектарға, бағманшылық ҳәм жүзимшиликте 13,1 гектарға, шарўашылықта 205 гектарға тең болмақта.

Республикамызда аўыл хожалығы кәрханаларының сапалы хызмет жүргизиўи ҳәм раўажланып барыўы көп тәрептен олар ушын жаратылған шараятларға байланыслы. Бул бағдарда әсиресе қолайлы финанс-кредит ҳәм салық механизмлерин қәлиплестириў зәрүр орын тутады. Реформалар даўамында фермер хожалықларын финанс-кредит ҳәм салық механизмлери арқалы қоллап-қуўатлаўдың сапалы системасына тийкар салынды:

- мәмлекет талабы ушын сатып алынатуғын аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўши фермер хожалықлары ушын жеңиллестирилген кредит системасы жолға қойылды;

- фермер хожалықлары ушын жерлердиң өнимдарлығына байланыслы болған жалғыз жер салығы төлеў бойынша жеңилликлер жәрияланды;

- фермерлерге техниканы жеңиллестирилген шәртлер бойынша лизинг тийкарында жеткерип бериў тәртиби жәрияланды;

- фермер хожалықлары ушын жеңиллестирилген кредит системасы жаратылды;

- балл бонитети пәс болған жерлерде пахта ҳәм ғәлле жетистиретуғын фермер хожалықларының зыянын қаплаў мақсетинде оларға финанслық жәрдем бериў системасы жәрияланды;

- ирригация ҳәм мелиорация системасын мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў әмелиятқа усынылады.

Коммерциялық банклери ҳәм бюджеттен тысқары жамғармалардың кредит сиясатында дийқан (юридикалық шахс дәрежесиндеги) ҳәм фермер хожалықлары ушын бир қатар жеңилликлер белгиланген болып, оларды төмендегилерде көриў мүмкин:

- Коммерциялық банклериниң жеңиллестирилген кредит бериў арнаўлы жамғармасы қаржылары есабынан берилген кредитлерден пайдаланғаны ушын жеңиллестирилген пайыз ставкасы муғдары Өзбекстан Республикасы Орайлық банки қайта қаржыландырыў ставкасының 50 пайыздан артық болмаған муғдарда белгиленеди;

- “Микрокредитбанк”тиң қаржылары есабынан берилетуғын, ең кем ис ҳақының 200 барабарына шекем болған дәслепки дәрамат ушын микрокредитлер жыллық 5 пайызлы ставкада, бизнести кеңейтиў ҳәм айланба қаржыларды толтырыў ушын ең кем ис ҳақының 500 барабарина шекем микрокредитлер Орайлық банк қайта қаржыландырыў ставкасынан артық болмаған муғдарда белгиленеди;

- жаңа шөлкемлестирилген, юридикалық шахс дәрежесине ийе болған дийқан хожалықларына ең кем ис ҳақының 150 барабары, фермер хожалықларына болса 300 барабары муғдарында дәслепки дәрамат ушын жыллық 5 пайызлы жеңиллестирилген кредитлер бериў жолға қойылды;

- мәмлекет талабы ушын дән ҳәм пахта жетистириўши фермер хожалықларына берилетуғын аванс қаржыларының алдынан 3 пайызлы жеңиллестирилген ставка менен кредит тәрзинде берилиўи жолға қойылды.

- жаңадан шөлкемлестирилген, пахта, ғәлле, овощь, палыз, картошка ҳәм басқа өнимлер жетистиретуғын фермер хожалықлары 2 жыл мүддетке, бағманшылық ҳәм жүзимшиликке қәнигелескен фермер хожалықлары 5 жыл мүддетке жалғыз жер салығын төлеўден азат етилди;

- фермер өз есабынан өзлестирген жер ушын бес жыл даўамында жер салығын төлеўден азат етилди;

- Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2006-жыл17-марттағы 304-санлы Қарарына тийкарланып, шет ел техникаларын алып келиўде қосылған баҳа салығы ҳәм бажыхана төлеўлери ҳәм де шет ел техниклары ушын керекли бөлеклер алып келиўде қосылған баҳа салығынан азат етилген;

- Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2006-жыл 25-марттағы 308-санлы Қарарына муўапық, шет еллерден шарўа малларын алып келиўде қосылған баҳа салығы төлеўлеринен азат етилген.

Фермер хожалықлары техника қуралларын жеңиллестирилген шәртлер бойынша лизинг тийкарында сатып алыўы ушын техника дәслепки баҳасының 15 пайызын төлеп, қалған 85 пайызын 10 жыл мүддет ишинде төлеў имканиятына ийе болды. Бунда лизингтен пайдаланғаны ушын жыллық пайыз төлеўлери Орайлық банк қайта қаржыландырыў ставкасының 50 пайызынан аспайтуғын етип белгиленди.

Аграр тараўда әмелге асырылып атырған **баҳа реформасы** аўыл хожалығы өнимлерине баҳа белгилеўде еркин базар мүнәсибетлерин басқышпа–басқыш жәриялаўға бағдарланды.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2002-жыл 20-августтағы «Пахта баҳасын қәлиплестириў механизми ҳаққында»ғы ПФ-3114-санлы пәрманына тийкарланып, мәмлекет тәрепинен сатып алынып атырған пахта шийки затының баҳасын жәҳән базарындағы баҳалар дәрежесинен келип шыққан ҳалда белгилеў системасы жәрияланды. Буннан тысқары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2008-жыл 29-декабрдеги ПҚ-1024-санлы Қарарына муўапық, 2009-жылда мәмлекет бюджети параметрлеринде экспортқа сатылатуғын пахта талшығы бойынша 20 пайызлық қосылған баҳа

салығын (ҚҚС) төлеўден пахта тазалаў кәрханалары азат етилди, Нәтийжеде усы муғдарда фермерлерге пахта ушын төленетуғын сатып алыў бахалары асырылды. Усы арқалы мәмлекетимиз тәрепинен пахта жетистириўши фермер хожалықларын ҳәм таярлаў кәрханаларын хошаметлеў көзде тутылған болып, пахта талшығының ишки баҳаларын жәҳән базарындағы баҳаларға теңлестириў шаралары көрилмекте. Усының менен бирге, бүгинги күнде жәҳән базарында пахта талшығы баҳаларының бир қанша жоқары екенин есапқа алған ҳалда, баҳа бойынша жүзеге келген унамлы парықтың 25 пайызын фермер хожалықларына төлеп бериў бойынша тийисли илажлар әмелге асырылмақта. Атап айтқанда, 2011-жыл даўамында фермер хожалықларына бағдарланған унамлы парық суммасы 403 315 миллион сумды қурады. Бул жағдай жәҳән базарында қолайлы конъюктура жүзеге келген жылларда фермер хожалықларының турақлы дәрамат алыўы ушын жаңа имканиятлар ашады.

Мәмлекет тәрепинен сатып алынып атырған ғәлле баҳаларын болса аймақлық базарлардағы баҳалардан келип шыққан ҳалда белгилеў системасы жәрияланды. Басқа аўыл хожалығы өнимлериниң баҳалары базардағы талап ҳәм усыныстан келип шыққан ҳалда, шартнама тийкарында белгиленбекте.

Кейинги жылларда фермер хожалықларын турақлы раўажландырыў ушын қолайлы шараятлар жаратыў мақсетинде өнимдарлығы пәс болған жерлерде мәмлекет зәрүрликлери ушын аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўши фермер хожалықларын мәмлекет тәрепинен финанслық қоллап-қуўатлаў ушын қаржылар ажыратыў әмелиятта қолланылмақта. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2007-жыл 5-ноябрьдеги "Өнимдарлығы пәс жерлерде мәмлекет зәрүрлиги ушын аўыл хожалығы өнимлерин жетистирип атырған фермер хожалықларын қоллап-қуўатлаў илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-725-санлы Қарарында фермер хожалықларын турақлы раўажландырыў ушын қолайлы шараятлар жаратыў, оларға сапалы ҳәм әмелий мәмлекет жәрдемин көрсетиў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Мәмлекет бюджетинде өнимдарлығы пәс болған жерлерде

мәмлекет зәрүрликлери ушын аўыл хожалығы өнимлери жетистириўши фермер хожалықларын финанслық қоллап-қуўатлаў ушын мақсетли қаржылар ажыратыў, Финанс министрлигине ҳәр жылы мәмлекет бюджети проектин қәлиплестириўде усы мақсетлерге жер салығы бойынша түсимлер есабынан қаржылар ажыратыў ўазыйпасы жүклетилди.

## 1.3.Фермер хожалықларының шөлкемлестириўшилик-экономикалық тийкарлары ҳәм оны раўажландырыўдың әҳмийети,

Өзбекстан Республикасы халқының көп бөлеги аўылларда жасайды. Аўыл хожалығы-бизиң экономикамыз тийкарғы тармағы болып табылады. Миллий дәраматтың дерлик тең ярымы аграр тармаққа туўры келеди. Аўыл хожалығы эксперт потенциалын ҳәм валюта түсимлериниң тийкарғы бөлегин де тәмийнлейди. Бул тармақтағы реформалар улыўма комплекси өндирисиниң базар қатнасықларына өтиўде өз-ара байланыслы болып есапланады, халық хожалығының басқа тараўлардағы өзгерислер өсими ҳәм шегараларын анықлайды. Бирақ ҳәзирги ўақытта бул тармақ улыўма реформалар шынжырында тар орынға айланған.

Президент Ислам Кармиов айтқанларындай, аўыл хожалығында терең реформаларды алып бармай турып, сырт ел ҳәм өз жаңа технологияларды ҳәм илим-пән жетискенликлерин енгизбестен раўажланыўға ерисип болмайды. Ол, сондай-ақ, бул ҳаққында раўажланған мәмлекетлер тәжрийбелери үлкен әҳмийетли екенлигин айтып өткен еди. Мысалы: Голландия мәмлекетин алсақ, бир голландиялық фермер 80 адам жетистиретуғын аўыл хожалық өнимлерин жетистиреди. Голландия фермерлери тек ғана өз мәмлекети ҳалқын азықлантырып қоймастан, Европа мәмлекетлерине де азық-аўқат өнимлерин сатады.

Туўры, Өзбекстан ҳәм Голландия аўыл хожалығы дүзилиси ҳәм структурасы бойынша көплеген тәрептен ажыралып турады. Бирақ бизиң үлкемиздиң қолайлы климаты жылына бир неше рет өним алыўға мүмкиншилик береди. Буған қарамастан, бизлер азық-аўқат өнимлериниң көп түрлерин басқа мәмлекетлерден келтиремиз.

Соның ушын аўыл хожалығын реформаластырыў, онда меншиктиң ҳәр қандай түрлерин қәоиплестириў ҳәм де конкурентлик орталықты пайда етиў экономикалық реформаларды әмелге асырыўдың бас бағдары болып есапланады. Аўыл хожалығында түрли меншиклик класының пайда болыўы менен базар экономикасының талапларына әдеўир жуўап бериўши жаңа

хожалық жүритиў структурасы қәлиплести. Аўыл хожалығында мәмлекетлик емес сектор кең раўажланды, аўыл хожалық өндириси структурасы өзгерди, басқарыў системасы ҳәм хожалық жүритиў методлары өзгерди.

Мәмлекетлик сиясаттың үстемли бағдары есапланған киши ҳәм орта бизнес секторы пайда етилип, раўажланып атыр. Бул сектордың пайда болыўы көплеген мәмлекетлик кәрханалардың экономикалық крзис шәраятынан, яғный монополистлердиң банкрот болыўынан ямаса экономикалық шығынлы болыўынан оларды мәмлекет қарамағынан шығарып, киши бизнес түрине айландырыў нәтийжесинде экономикалық кризистен алып шығыўы мүмкин. Экономикалық жағынан бул пайдалы, себеби киши кәрхана ҳәм фирмалардың дүзилиўи нәтийжесинде жаңа жумыс орынларының пайда болыўына алып келеди. Қала берсе, киши кәрханаларда миллий валюта курсының турақсыз болған шәраятында да басқарыў аңсат, бул да өз нәўбетинде бюджетке реал пуллардың келип түсиўин тәмийнлейди. Сондай-ақ, бул бизнес түриниң ең баслы артықмашлығы сонда, киши ҳәм орта бизнестиң пайда болиўи ишки базарда конкуренцияның келип шығыўына алып келеди.

Дүнья экономикасында көп муғдардағы фирма, компания ҳәм кәрханалар ҳәрекет етеди. Мысалы, Индияда киши кәрханалар саны 12 млн. нан асады, Японияда 9 млн. Бул киши бизнес, мәселен, тек ғана АҚШда миллий өним көрсеткишиниң дерлик ярымын ҳәм жаңа жумыс орынлары өсиминиң 2/3 бөлегин қурайды.

Соны да естен шығармаў керек, киши кәрханалар экологиялық шәраятларда да төмен тәсир етеди.

Демек, экономиканың аграр секторында киши ҳәм орта бизнести раўажландырыў үлкен әҳмийетке ийе, себеби республиканың көплеген санаат тараўлары, яғный пахта тазалаў, тоқымашылық, жеңил, азық-аўқат ҳәм басқалар аўыл хожалығына толық байланыслы. Бул санаат тараўлары аўыл хожалық өнимлерин қайта ислеп шығарады. Мәмлекет бул тараўды аўыл хожалық өнимлери менен, яғный шийки зат ресурслары менен толық

тәмийнлеп, тараўдың үзликсиз ислеп турыўына кепиллик бериў мүмкиншилигине ийе емес (әсиресе, өтиў дәўириндеги кешип атырған қыйыншылықлардың болыўы себепли).

Бул машқаланың шешиўде аўыл хожалығында жеке секторды, киши ҳәм орта бизнес тараўына кириўши дийхан ҳәм фермер хожалықларын көплеп дүзиў менен ерисиў мүмкин.

Дийхан ҳәм фермер хожалықларының раўажланыўынан жерди бериўдиң өсиўи, ислеп шығарыў тең салмақлылығынан жоқарылаўы, социаллық мәселелердиң шешилиўи, яғный алып барылып атырған экономикалық реформалардың бас мақсетине ерисиў-халықтың турмыс дәрежесиниң өсиўине туўры байланыслы болады.

Дийхан хожалығы семьяллық майда товар хожалығы болып, семья ағзаларының жеке мийнети тийкарында мийрас қылып қалдырылатуғын, өмирлик ийелик қылыў ушын семья басшысына берилген тамарқа жер участкасында аўыл хожалығы өнимин жетистиреди ҳәм реализация қылады. Олардың тийкарғы мақсети жеке мийнетлери, мал-мүлклериниң пайдаланған ҳалда өзлериниң талапларын қандырыў мақсетинде ҳәм де басқа талапларды қандырыў ушын аўыл хожалық өнимлерин өндиреди. Олар шарўашылық, миўйе, палыз өнимлери менен тутыныў базарын толтырыўда актив қатнаспақта.

Фермер хожалығы өзиниң узақ мүддетли ижараға берилген жер участкаларынан пайдаланған ҳалда аўыл хожалық өнимлерин өндириў менен шуғылланыўшы фермер хожалығының (жеке ҳәм жалланған) ағзаларының биргеликтеги ҳәрекетине тийкарланған, юридикалық тәреп ҳуқықларына ийе ғәрезсиз хожалық жүргизиўши субъект. Фермер хожалығы өз иси бағдарын өзи режелестиреди, өним жетистириў структурасы ҳәм көлмин өзи белгилейди. Фермер исбилерменлик қызығыўы, өзиниң қараўындағы материал, мийнет ҳәм финанс ресурсларына қарай имканиятлар баҳасы, сондай-ақ, өним ҳәм хызмет көрсетиў бағдарларында пайда болған

шәраятлар анализинен келип шыққан ҳалда өзи ушын экономикалық қанаатландырыўшы шешимлерди өзи табады.

Президентимиз И.А.Каримов өзиниң докладларында ҳәр дайым соны айтады; «Дийхан ҳәм фермер хожалықлары агроклимат, жер-суў, ҳәр бир регион, ҳәр бир тәбийий зонаның демографиялық өзгешеликлерине толық жуўап беретуғын бағдар бойынша раўажланыўы керек». Фермер-аўыл хожалығында реформаларды ҳәрекетке келтириўши тийкарғы күш. Фермер-бүгинги жәмийеттиң ең актив ағзасы. Актив ғана емес ,ең исенимли ағзасы.

Буны дүнья тәжирийбесинен көрсек болады, Уллы Британия мәмлекетиниң аўыл хожалығында фермер бас фигура есапланады. Фермерлердиң 50% жерди ижараға алып, қалғанлары тийкарынан майда ҳәм орта ҳал фермерлер. Орташа ҳәр бир фермер 50 гектардан зыят жер майданына ийе болып, бирақ соның менен бирге фермерлердиң ярымынан көбиреги 2-20 гектар жер майданына ийе.

Туркияда болса, аўыл хожалығының тийкарғы тармағы дийханшылық есапланады. Мәмлекетте 22 млн, гектар жер сүрилип егиледи. Дән егис майданы 15 млн. гектар, өнимдарлығы 204 гектар артықша дән экспорт қылынды. Миўйениң 38% и, пахтаның 21% и, палыз өнимлериниң 13%и экспорт қылынады.

Аўыл хожалығының тийкарғы ўазыйпасы халықты азық-аўқат, санаатты шийки затқа болған талабын қанаатландырыўдан ибарат, лекин адамзаттың раўажланыўында аўыл хожалығы регионларында, өзиниң бул ўазыйпасын орынлай алмай атыр. Әсиресе бул машқала Өзбекстан Республикасының базар экономикасына енди қәдем қойып атырған дәўирде үлкен әҳмийетке ийе. Келип шыққан машқаланы шешиўдиң тийкарғы жолы аўыр хожалығында дийхан ҳәм фермер хожалықларын дүзиўден ибарат.

**1.3.1-кесте**

**Қарақалпақстан Республикасы фермер хожалықлары бойынша тийкарғы көрсеткишлер**

| **Көрсеткишлер** | **өлшем бирлик** | **2007ж** | **2008ж** | **2009ж** | **2010ж.** | **2011** | **2012** | **2013** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Қарақалпақстан улыўма өндирилген аўыл хожалығы өнимлериндеги фермер хожалықларның үлеси | % | 19,4 | 31,3 | 36,8 | 39,5 | 41,5 | 42,8 | 43,2 |
| Соның ишинде өсимгершиликте | % | 18,0 | 30,0 | 35,4 | 37,9 | 39,7 | 40,7 | 40,9 |
| шарўашылық | % | 1,4 | 1,3 | 1,4 | 1,6 | 1,8 | 2,1 | 2,3 |
| Фермер хожалықларның үлеси | саны | 5855 | 6767 | 8294 | 9066 | 9255 | 9269 | 9311 |
| Фермер хожалықларына бекитилген жер майданы | мың.га | 106,9 | 132,4 | 255,2 | 312,6 | 326,2 | 332,6 | 344,8 |
| Фермер хожалықларында ислеўшилер саны | мың.адам | 37,352 | 49,127 | 64,107 | 80,003 | 92,207 | 115,515 | 138,211 |
| Бир хожалыққа орташа: | | | | | | | | |
| - ислеўшилер | адам. | 6 | 7 | 8 | 9 | 11 | 13 | 15 |
| - жер майданы | Га | 18,3 | 19,6 | 30,8 | 34,5 | 35,6 | 37,5 | 38,2 |

Жоқарыда айтып өтилген пүтин дүнья тәжирийбеси базар ушын, яғный сатыў ушын өним жетистириўши дийхан ҳәм фермер хожалығының абзаллығы әмелде дәлийллемекте, себеби фермерлердиң мақсети ҳәм ўазыйпасы ақырғы нәтийже менен өзара байланысқан болады.

Фермер хожалығы аўыл хожалығындағы исбилерменлик формаларынан бири болып, оларға төмендеги тийкарғы ўазыйпалар жүклетилген:

- аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў, қайта ислеў ҳәм сатыў;
- оларға берилген жер майданларынан нәтийжели пайдаланыў, олардың өнимдарлығын изшиллик пенен асырып барыў;

- тәбият ҳәм мийнет ресурсларынан нәтийжели пайдаланыў мақсетинде жәрдемши хожалық ҳәрекетин раўажландырыў;

- дийхан хожалығы жайласқан жердиң социаллық раўажланыўында дийхан шаңарағы ағзаларының жеке мийнетлери ҳәм пул қәрежетлери менен қатнасыў.

Базар экономикасы жетик раўажланған еллерде дийхан ҳәм фермер хожалықлар мәселеси қысқа ҳәм узақ мүддетли мәселелерде қаралады ҳәм мәмлекетлик сиясат усыған байланыслы алып барылады.

Узақ мүддетли мәселе дегенде дийхан ҳәм фермер дәрамады ҳәм оның өними нырқының улыўма экономика бойынша қәлиплескен дәрамат ҳәм қәддинен артық болыўына байланыслы деп қаралады.

Қысқа мүддетли дийхан ҳәм фермер хожалықларда дәраматының турақсызлылығы, өзгермелилигине байланыслы.

1. Аўыл хожалық өнимлерине деген талаптың өзгермелери менен оның нырқ арасы байланыстың бир қәоипте болмаўы, яғный өнимлерге деген талаптың өсиўи баҳаның жоқарыланыўына алып келеди.

2. Илимий-техникалық прогресстиң раўажланыўы ҳәм оның аўыл хожалық өндирисине унамлы тәсири нәтийжесинде усыныс талаптан озып кетип отырады.

3. Аўыл хожалық мийнет ресурсларының басқа тараўларға көплеп өтип отырыўы, оның аўыл хожалық тараўында ислеўшилердиң орташа дәраматларының жоқарылаўына тәсир тийгизбейди.

4. Иилим-техникалық раўажланыўы ҳәм олардан аўыл хожалығының пайдаланыўы нәтийжесинде өнимди ислеп шығарыў көлеми тез пәт пенен өсип, талаптың өсиў пәти усыныстың өсиў дәрежесине жете алмай қалады.

Дийхан ҳәм фермер хожалықлары өзлерине бекитилген жер майданларынан жетистирген аўыл хожалық өнимлерин шәртнама тийкарында реализация қылынады. Кейинги жылларда хожалықлардың экономикалық жағдайын жақсылаў ушын жылдан-жылға мәмлекетлик буйыртпалар кемеймекте. Мәмлекетлик буйырпаның пахта ҳәм дән

өнимлерине 75%ке шекем, гөш ҳәм сүт өнимлерине буйырпаның улыўма алынып тасланыўы базар реформаларын тереңлестириўдеги әҳмийетли қәдеми болды.

Базар экономикасы жағдайында машқалалардың бири экономикалық ресурслардан пайдаланыў нәтийжесинде максималь дәрамат алыў болып табылады. Жерге ийелик пүтин аграр сиясатының тийкары, шешиўши мәселеи болып табылады. Үлкемиздиң ең бас байлығы-бул жер. Ол жедиреди, иштиреди, жасаў ушын бас шараятлар жаратады. Соның ушын жерден пайдаланыў қатнасының қандай қурылыўынан республика келешегиде, Өзбекстан халқының келешеги де байланыслы болады.

Аўылда базар қатнасықларының раўажланыўы, дийханда хожейинлик сезимлерин пайда етиў, жерди мийрас етип қалдырыў мүлк сыпатында бериў жолы менен болып өтеди. Жер ҳәм дийхан. Бул еки сөз бир-бири менен туўры байланыслы, бири екиншисин толтырып турады. Жер-ғәзийне. Дийхан усы ғәзийнени табыўшы. Егер дийхан қаншелли исбилермен ҳәм шаққан болса, ғәзийне гилти соншелли исенимли қолларға өтеди. Дийханшылықта гәп: «Она замин кунглига йўл топишда, у билан нечоглик тиллани олишда». Ҳәзирги базар экономикасы шәраятында дийхан ҳәм фермер хожалықларын дүзиў, исбилерменликти раўажландырыўда, өндирис шәраятында ҳәр қыйлы резервлерден пайдаланыў талап етиледи. Соның менен бирге аўыл хожалығында жер ресурсларынан пайдаланылады. Жер басқа өндирис ресурсларынан бир қанша парқларға ийе:

- жерден, адам мийнетиниң сарпланыўы нәтийжесинде өним алынады;
- аўыл хожалығы өндирис процессин раўажландырыўда жер өндирис қуралының тийкарғы базасы болып есапланады;
- базар қатнасығы шәраятында көп укладлы экономиканы әмелге асырыў нәтийжесинде жерлерди ҳақыйқый ийелерине тапсырыў белгиленеди.

Фермер хожалығы ширкетлик бирлеспелери сыяқлы теңдей ҳуқуққа ийе. Егер нызамлылық бузылмаган жағдайда мәмлекет тәрепинен

хожалықтың өндирислик ҳәрекет етиўине қадаған етиледи. Фермер хожалықлары еркин ҳәм бәсекилесиў тәртибинде шөлкемлестириледи.

Фермер хожалығын дүзиўде қәлеўши жер участкасының жайласыў орнын көрсетип, район ҳәкимине аўыллық кенеске, ширкет хожалығы баслығына арза береди. Ҳәр қандай жагдайда жер участкасының размери (муғдары) хожалықтың адам санына, қандай тараў бойынша хожалық жургизиўди қәлейтуғынлығына, жерден, суўдан рациональ пайдаланыў жағдайларына қарап район ҳәкими тәрепинен дизимге алынады. Жер участкасы жер ҳаққындағы нызамға тийкарлана отырып ширкет хожалығының жер запасларынан, тоғай фондынан ижаралық кесип алып ислеў ушын алып бериледи.

Айрым жағдайларда жер ресурсларының жайласыў орнын, район халкының демографиялық раўажланыўын (жайласыў орнын район халқының да ҳәм ҳәр бир хожалықтың өз алдына келешектег мүмкиншиликлерин есапқа алған жағдайда өлшемлери белгиленип, фермер хожалығы ушын өз қәлеўи менен 100 жылдан кем болмаган ҳәм 50 жылга шекем мүддетке ийелеп егиўге жер бериледи. Фермер хожалығын барлық затларды (жерден басқа) өз еркинше жумсаўға сатып алыўға, алмастырыўға ҳақысы бар. Сондай ақ жерге еркин хожайинлик етиўге, жер участкасында жайласқан пайдалы қазылмаларды өндирилген өнимлерди белгиленген тәртип бойынша пайдаланыўға хожалыққа жумсаяға ийелик етеди. Жер участкасын тартып алдында ямаса өз еркинше тапсыроганда жердиң өнимдарлығы ушын кеткен қаржыға қайтып алыў, өндирислик өнимди қайта ислеў ямаса сатыў менен шуғылланыў, зәрүр болғанда пухараларды өз қәлеўи менен жумысқа тартыў ҳуқуқы берилген. Фермер хожалықларының ўазыйпалары төмендегиден ибарат: жер ҳәм суўдан өнимли пайдаланыў, меллоративлик аўҳалын жақсылаў, жердиң өнимдарлығын арттырыў, тереторияда өзиниң ҳәрекетлери менен экологиялық жағдайдың төменлеўине жол қоймаў, өз ўақтында жер салықларын, ҳәм өз ўақтында пуқаралық төлемлерди төлеп, өнимниң сапасын басқа да параметрлер бойынша мәмлекетлердиң

стандартлардың талапларын орынлаў өнимди ислеп шығарыўдың бузылмаўына жол қоймаў мийнетти қорғаў илажларын иске асырыў көрсетилген тартипте мәмлекетлик финанс (ақша) ҳәм статистика орынларына өндирис ҳәм финанс бойынша есапларды өз ўақтында тапсырып барыўдан ибарат. Хожалықта есап санақ өткизиў сондай ақ туўрыдан туўры нақ пулга сатып алыў жолы да пайдаланылады тастыйықланған шартнама тийкарында банклер хожалықларға узақ мүддетли ҳәм қысқа мүддетоли кредитлер бериўине миннетли. Фермер хожалықларының кредит шәртнамаларын ҳәм есап шәртлерин баҳлап барыя ушын толық жуўапкершиликке ийе. Хожалық тәрепинен банк мекемесинен алынған ссуда өз ўақтында қайтарылып берилмеген жағдайда олар гиреўге алынған затларды жумсап қарыздың орнын толтырыўы мүмкин. Мәмлекетлик ҳәм шериклик шолкемлер фермер хожалықларына келисилген шартнамалар бойынша кредит бере алады. Район ҳәкими фермер хожалықларына салық төлеў азат етиўде ҳәм салық алдында жеңилликлер туўдырады. Хожалықты жургизиў ушын зәрүр болған затларды мәмлекетлик мекемелерден, шөлкемлерден аўыллық жерде жасаўшы халықтан сондай ақ товарды мәмлекетлик ҳәм ширкетлик ҳәр қыйлы тараўлардан алыў ҳуқукына ийе. Аўыл хожалығы техникалары ҳәм олардың аўысық бөлеклери минерал төгинлер, аралас жемлер, инвентар, қурылыс, жанар май материалларды ҳәм басқа да фермер хожалықларының хызмет ушын зәрүр болған өнимлердиң барлығы ширкет ушын белгиленген көтере баҳа тәртибинде материаллық техникалық системада жетистирилип бериледи. Маллар, тухымлар ҳәм қуслар котерилип егилетуғын аўыл хожалық егинлеринен айрым көтере ҳәм келисилген баҳа менен сатып алынды. Газден, электр-энергиясынан ҳәм водопровод суўынан өндирис зәрүрлигине пайдаланғаны ушын төлем ширкет хожалықлары ушын белгиленген тариф бойнынша төленеди.

Фермер хожалықларындағы техник анализлерди ремонтлаў ҳәм техникалық жақтан хызмет көрсетиўши районлық машина трактор парки тәрепинен жургизиледи. Фермер хожалығы жер участкасын,техниканы есап

үскенелерди қурылыс ҳәм имаратларды еки тарептиң келисими менен есапласып ўақытша бериўге ҳақысы бар. Автомашиналар, тракторлар, ҳәм прецепли механизмлер инвенторлар жерлердиң меллоративлик аўҳалын жақсылая фермер хожалығына баратуғын жол қурыў электр ҳәм байланыс имканиятларын өткизия мәмлекетлик органлардан ҳәм коммерциялық банклерден кредит алыў есабынан иске асырылады. Сондай ақ фермер хожалықлары объектлерди иске қосыў ушын толенетуғын амортизациялық толемнен азат етиледи.

Қәнигелестирилген фермер хожалығында маркетингти шөлкемлестириў басқа хожалықларға қарағанда аңсатлаў болады, буның себеби фермер тек ғана бир ғана өнимге кеўил аўдарғанлығы ушын емес ал сатып алыў ҳәм сатыў көлеми өсип баратырғанлығында. Салыстырмалы шығын ҳаққында мәселе айрықша әҳмийетке ийе. Өним жыйнаўшы комбайнлалрға усаған үлкен машиналар қымбат турады. Бундай техникаларды алыўға жумсалатуғын аммортизациялық шығынлар ҳәм процент есабындағы төлемлер техника пайдаланылатуғын (төлемлер) егислик майданына бийғәрез тәмийинлениўи керек. Бул шығынлар салыстырмалы шығынларға киреди, яғный гектарға қарап шығын шығарылады. Техника пайдаланылатуғын, басқарылатуғын жер майданы қанша үлкен болса, шығын дәрежеси сонша төмен болады. Базар қатнасықлары жағдайында аяыл хожалығын жургизиўдиң прогрессив ҳәм пайдалы формасы бул фермер хожалығы. Өйткени фермерлик хожалықлар көплеген операцияларды шөлкемлестириўшилик илажларды, шийки зат дерегине ҳәм оны өндирислик жақтан бағдарлайды. Маркетинглик хызмет дара дийхан фермер хожалығынан басланады. Фермер хожалығы маркетинглик хызмет арқалы азық аўқат затларына тутыныўшыларына излеўге қолайлы.

# II БАП ӨЗБЕКСТАНДА ФЕРМЕР ХОЖАЛЫКЛАРЫНЫҢ МӘМЛЕКЕТ ТӘРЕПИНЕН ҚОЛЛАП-ҚУЎАТЛАНЫЎЫ

## 2.1 Өзбекстанда фермер хожалықларының мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатланыўы

Аўыл хожалығында әмелге асырылып атырған экономикалық реформалар процессинде фермер хожалықларының нәтийжели хызмет көрсетиўи ушын барлық шөлкемли экономикалық ҳәм ҳуқықый шәраятлар жаратылмақта. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2004 жыл 14 февралдағы «2004-2010 жылда республиканы социал-экономикалық раўажландырыў жуўмақлары ҳәм экономикалық реформалардың барысынын баҳалаў ҳәмде 2004 жылда реформаларды тереңлестириўдиң тийкарғы бағдарлары ҳаққында»ғы қарарында фермер хожалықларын раўажландырыў ушын қолай ҳуқықый ҳәм экономикалық шәраятларды қәлиплестириў, фермерлердиң мәплерин қорғаўды күшейтиў, түрли бақлаўшы органлар ҳәм дүзилмелер тәрепинен олардың хызметине нызамға сәйкес емес араласыўларына жол қоймаў, оларға түрли хызметлер көрсетиў ҳәмде материаллық-техник тәминат дизимини жетилистириў ўазыйпалары белгилеп берилди.

Мәмлекеттиң фермер хожалықлары хызметин тәртипке салыў ҳәм қоллап-қуўатлаў тараўындағы сиясаты административлик, ҳуқықый, экономикалық ҳәм институционал характердеги шаралар комплексын пайда етип,. оларды төмендегише группалаў мүмкин:

Фермер хожалықларының нызамға сәйкес ҳуқықлары ҳәм мәплерин қорғаў ҳәмде кәпиллеў илажлары.

Мәмлекеттиң фермер хожалықларын раўажландырыў ҳәм нәтийжелилигин жоқарылатыўға қаратылған экономикалық хошәметлеў шаралары.

Фермер хожалықларының раўажланыўына көмеклесиўши институционал ҳәм базар инфраструктураларын қурыў ҳәмде қоллап-қуўатлаў шаралары.

Өзбекстан аўыл хожалығында фермер хожалықларының басқа хожалық жүргизиў қәлиплери менен тең шараятларда ҳәм күшли бәсеке тийкарында хызмет көрсетиўи ушын беккем ҳуқықый-нормалық база жаратылған. Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Конституциясы, «Пуқаралық Кодексы», «Фермер хожалығы туўрысында»ғы, «Исбилерменлик хызмети еркинлигиниң кәпилликлери туўрысында»ғы Нызамлар, Республика Президентиниң бир қатар пәрманлары ҳәм Министрлер Кабинетиниң қарарларында фермер хожалықларына берилген кепилликлер, олардың ҳуқықларын қорғаў ҳәмде хошаметлеў шаралары белгилеп берилген. Мысалы, Өзбекстан Республикасы «Фермер хожалығы туўрысында»ғы Нызамының 29-статьясында «Мәмлекет аўыл хожалығы өнимлери жетистириў ҳәм оны реализация етиў менен шуғылланатуғын фермер хожалықларының ҳуқықлары ҳәм нызамға сәйкес мәплерине әмел қылыныўын кепиллейди», - деп айтып өтилген.

Изертлеўлер республикамызда фермер хожалықларының ҳуқықларын ҳәм нызамға сәйкес мәплерин қорғаў барысында да ислер әмелге асырылып атырғанлығын көрсетеди. Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасының «Исбилерменлик хызмети еркинлигиниң кепилликлери ҳаққында»ғы Нызамның 39-пунктине муўапық: «Исбилерменлик субъектлериниң хызметин тексериў бақлаўшы органлар тәрепинен нызам ҳүжжетлерине муўапық режели тәртипте, бақлаўшы органлар хызметин тәртипке салыў бойынша арнаўлы ўәкилликли органның қарарына көре жылына көби менен бир мәрте әмелге асырылыўы мүмкин».

Буннан тысқары, нызамда өткерилип атырған тексериўлердиң исбилерменлер хызметине тосқынлық етпеслиги, тексериў предметине тийисли болмаған мағлыўматлар ҳәм ҳүжжетлер сораўдың қадаған болыўы, бақлаўшы ҳәм ҳуқықты қорғаўшы органлар ўәкиллигине кирмейтуғын талапларды орынлаў ҳуқықы ҳәм басқа бир қатар кепилликлер беккемлеп қойылған.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2003 жыл 22 августдағы 347-санлы «Исбилерменлик субъектлерин мәмлекет дизиминен өткериў ҳәмде есапқа қойыў тизимин жетилистиристириў туўрысында»ғы Қарары менен исбилерменлик субъектлерин, сондай-ақ, фермер хожалықларын мәмлекет дизимине алыў ҳәм есапқа қойыўдың жеңиллестирилген тәртиби дүзилди. Оған қарап исбилерменлик субъектлерин мәмлекет дизимине алыў «бир жола» принципи тийкарында, оларды автоматик есапқа қойыў менен әмелге асырылады. Қарарға муўапық район ҳәкимликлери қурамында мәмлекет дизимине алыў бойынша арнаўлы хызмет болып, оның исшилери исбилерменди мәмлекет дизиминен өткериў менен байланыслы барлық ҳүжжетлерди таярлаў, оларды жол фонды, мийнет, бәнтлик ҳәм социал тәмийнат бөлими, салық ҳәмде статистика органларында есапқа қойыў ислерин өзлери әмелге асырадылар.

Фермер хожалығын жер арендасы менен байланыслы барлық ҳүжжетлер таяр болған жағдайда мәмлекет дизимине алыўдың улыўма мүддети (ишки ислер бөлиминен мөр ҳәмде мүйеш штампын таярлаўға рухсат алыўды да қосып есаплағанда) 12 күннен асып кетпеўи керек.

Изертлеўлердиң көрсетиўинше, фермер хожалықларын мәмлекет дизимине алыўдың бул жеңиллестирилген тәртибин пайда етиўи уллы әҳмийетке ийе болды. Себеби, қарар қабылланғанға дейин фермер хожалығын шөлкемлестириў истегинде болған пуқараларды дизимге алыў ислери тийкарсыз түрде, түрли басқарыўшылық ушын созып жиберилер еди.

Республикамызда фермер хожалықларын ҳуқықый тәрептен қорғаў менен бир қатарда оларды экономикалық рычаглар арқалы ҳәр тәреплеме хошаметлеў шаралары да әмелге асырылмақта. Мәмлекеттиң экономикалық хошаметлеў шаралары төмендеги механизмлерден қуралады:

- финанс-кредит системасы арқалы қоллап-қуўатлаў;
- жеңилликке ийе салық системасынан пайдаланыў;
- баҳалар паритетин сақлаў;
- сыртқы экономикалық хызметти хошаметлеў ҳәм басқалар.

Мәмлекеттиң фермер хожалықлары хызметин экономикалық қуралларлар арқалы қоллап-қуўатлаў шаралары тиккелей ҳәм туўрыдан туўры қәлиплерде әмелге асырылады. Тиккелей қоллап-қуўатлаў фермер хожалықларының раўажланыўына қолай шәраятлар жаратыў мақсетинде мәмлекет тәрепинен берилетуғын экономикалық хошаметлеў шараларынан қуралады. Тиккелей қоллап-қуўатлаў шаралары туўрыдан-туўры фермер хожалықларына бағытланған болады ҳәм олардың материаллық аўҳалын жақсылаў ҳәмде экономикалық нәтийжелилигин асырыўға хызмет етеди. Бундай шаралар қатарына салықлар төлеўде жеңилликлер бериў, жеңилликли шәртлер ҳәм пайызларда кредитлер бериў, мәмлекет буйыртпасы бойынша сатып алынатуғын өнимлерге кәпилленген баҳалар белгилеў, экспорт-импорт операцияларында қолай тарифлер ҳәм төлемлер орнатыў киби экономикалық қураллар киреди. Базда мәмлекет фермер хожалықларына қолай шәраятлар жаратыў ҳәм олардың нәтийжелилигин асырыў мақсетинде туўрыдан туўры қоллап-қуўатлаў шараларын иске салады. Туўрыдан туўры қоллап-қуўатлаўда мәмлекет мәлим бир тараўларда туўрыдан-туўры фермерлерге жеңилликлер жаратпастан, бәлким оларға хызмет көрсетиўши тармақлар кәрханаларына жеңилликлер жаратады. Буннан тийкарғы мақсет усы кәрханалардың фермерлерге жеткерип берип атырған товар-материаллық баҳалықлар ҳәмде хызметлериниң баҳасын сезилерли дәрежеде пәсейтиў ҳәм ақыбет нәтийжеде фермер хожалықларына қолай экономикалық шараятлар жаратып бериў болып табылады. Туўрыдан туўры қоллап-қуўатлаў шараларының объекти тиккелей фермер хожалықлары болмаса-да, олар фермерлер ушын әҳмийетли есапланады.

Фермер хожалықларына салық төлеўде сезилерли жеңилликлер пайда етилген. Әмелдеги нызамшылыққа муўапық олар алдын шөлкемлестирилгеннен баслап 2 жыл даўамында тек ғана жер салығы төлеўден азат етилген. Кейинги жылларда болса олар басқа аўыл хожалығы кәрханалары менен тең шәраятларда жер майданының жайласқан орны ҳәм

топырақтың өнимдарлығы дәрежесинен келип шығып белгиленетуғын баллбонитетлер тийкарында тек ғана жер салығы төлейди.

Фермер хожалықларын финанс-кредит тизими арқалы қоллап-қуўатлаў биринши гезекте жеңилликли кредит бериў механизмин қоллаў ҳәмде кәпиллеў процессин раўажландырыў менен характерленеди. Өзбекстан Республикасының әмелдеги нызамшылығына муўапық фермер хожалықлары төмендеги дереклерден кредитлер алыўы мүмкин:

Коммерциялық банклериниң өз қаржылары есабынан.

Бюджеттен тыс фондлар ҳәм фондлардың қаржылары есабынан.

Халық аралық кредит шөлкемлериниң қаржылары есабынан (коммерциялық банклериниң проектлери арқалы).

Коммерциялық банклердиң кредит сиясатында дийхан (юридикалық тәреп ҳуқықына ийе) ҳәм фермер хожалықлары ушын қолай шәраятлар белгиленген. Мысалы, Әдиллик Министрлиги тәрепинен 2008 жыл 7 мартта 907-сан менен дизимге алынған «Фермер хожалықлары ҳәмде киши бизнес субъектлерин коммерциялық банклери тәрепинен кредитлеў тәртиби»не муўапық айланма қаржыларды толтырыўға берилетуғын қысқа мүддетли кредитлер киши ҳәм орта бизнес субъектлери ушын 1 жылға шекем мүддетке, дийхан ҳәм фермерлер ушын олкеминде ғ жыл етип белгиленген. Сондай-ақ, қысқа мүддетли кредитлерди қайтарыў мүддети киши ҳәм орта бизнестиң басқа субъектлери ушын 12 айдан аспайтуғын (форс-мажор ҳалатынан тысқары) етип белгиленген болса, дийхан ҳәм фермер хожалықларына аўыл хожалығы өндирисин шөлкемлестириў ушын айланма қаржыларды толтырыўға бағытланған қысқа мүддетли кредитлер ушын бул мүддет узағы менен 30 ай етип белгиленген.

Коммерциялық банклериниң жеңилликли кредит бериў арнаўлы фонды қаржылары есабынан берилген кредитлерден пайдаланғанлық ушын жеңилликли пайыз ставкасы муғдары Өзбекстан Республикасы Орайлық банки қайта финанслаў ставкасының 50 % тен артық болмаған муғдарда белгиленеди.

Кейинги жылларда киши исбилерменликти финанслық қоллап-қуўатлаў шаралары кеңейип атырғанлығы себепли кредитлеўдиң жаңа системасы сыпатында микрокредитлеў пайда болды. 2007 жыл 28 февралда 903-сан менен дизимге алынған «Фермер хожалықлары ҳәм өз хызметин юридикалық тәреп жүритиўши киши бизнестиң басқа субъектлери миллий ҳәм сырт ел валютасында микрокредитлеў тәртиби туўрысында»ғы Нызамға көре микрокредит сыпатында фермерлер ҳәм өз хызметин юридикалық тәреп есабында әмелге асырып атырған басқа киши бизнес субъектлери ушын миллий яки шет ел валютасында қарыз берилип атырған күнде биржадан тысқары валюта базарындағы курс бойынша 10000 (он мың) АҚШ долларына тең кредит бериў түсиниледи. Микрокредитлер фермер хожалықларына 3 жылға шекем мүддетке бериледи. Микрокредитлерди нақ пулда,. миллий валютада бериў улыўма кредит суммасының 50 % ине шекем муғдарда, тек фермер хожалықларына халықтан шарўа маллары, таўықлар ҳәм нәллер сатып алыў ушын 1,5 жылға шекем (18 ай) мүддет пенен әмелге асырылады.

Микрокредитлерден пайдаланғанлық ушын пайыз ставкалары Орайлық банктиң расмий қайта финанслаў ставкасынан артық болмаған көлемде клиент ҳәм банк ортасындағы кредит шәртнамасына тийкарланып өз-ара келисиў тийкарында белгиленеди. Егер микрокредит коммерциялық банклериниң арнаўлы микрокредитлеў фонды қаржылары есабынан ажыратылып атырған болса,. жеңилликли пайыз ставкалары белгиленеди.

Кейинги жылларда фермер хожалықларын кредит менен тәминлеўде бюджеттен тысқары фондлардың әҳмийети асып бармақта. Республикамызда “Дийхан ҳәм фермер хожалықларын қоллап-қуўатлаў фонды”, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти қоллап-қуўатлаў “Бизнес-фонды” ҳәм Мийнет Министрлигиниң “Ис пенен тәминлеўге жәрдемлесиў фонды” фермер хожалықларын кредитлеў менен шуғылланады. бюджеттен тысқары фондлар фермер хожалықларын өз қаржылары есабынан коммерциялық банклери арқалы финансластырады.

Бириншиден, “Бизнес-фонд”тың мәмлекет мүлкин меншиклестириўден түскен қаржылар есабына қәлиплестирилетуғын кредит ресурсларының кеминде 50%и, сондай-ақ, “Дийхан ҳәм фермер хожалықларын қоллап-қуўатлаў фонды” қаржыларының кеминде 50 %и ҳәр жылы микрофирмалар ҳәм киши кәрханалар, юридикалық тәреп ўәкиллигине ийе болған дийхан хожалықлары ҳәм фермер хожалықларының басланғыш капиталын қәлиплестириў ушын коммерциялық банклеринде мақсетли кредит линиялары ашыўға бағытланыўы кереклиги қатаң белгилеп қойылды.

Екиншиден, фермер хожалықларына дәслепки капитал ушын ажыратылатуғын микрокредит Орайлық банк қайта финанслаў ставкасының алтыдан бир бөлеги муғдарындағы жеңилликли пайыз ставкасы бойынша 3 жылға шекем мүддетте ең кем айлық ис ҳақының 300 есе муғдарынша деп белгиленеди. Бунда пайызлар төлеўди 12 айға кешиктириў ҳәм тийкарғы қарызды кредит алғаннан кейин 18-24 ай өтип қайтарыўды баслаў шәртлери көзде тутылады.

Бюджеттен тысқары фондлардың кредит линиялары есабынан фермер хожалықларына берилетуғын кредитлер ушын жеңилликли пайыз ставкасы кредитленип атырган проектлердиң өзгешеликлеринен келип шығып, төмендеги муғдарда белгиленеди:

дәслепки капиталды қәлиплестириўге Орайлық банктиң әмелдеги қайта финанслаў ставкасының 1/6 бөлеги муғдарында;

фермер хожалығын раўажландырыў ҳәм кеңейтиў, аўыл хожалығы техникасын сатып алыў, фермерлик имаратларды қурыў ушын Орайлық банктиң әмелдеги қайта финанслаў ставкасының 1/3 бөлеги муғдарында.

«Дийхан ҳәм фермер хожалықларын қоллап-қуўатлаў фонды » кредит линиялары есабынан фермер хожалықларына кредитлер проекттиң қапланыў мүддетинен келип шығып 2 жылдан 5 жылға шекем жеңилликли дәўирди көзде тутқан ҳалда 10 жылға шекем болған мүддетке, «Дийхан ҳәм фермер хожалықларын қоллап-қуўатлаў фонды»ның кредит линиялары есабынан болса 3 жыл мүддетке шекем узайтырыў ҳуқықысыз бериледи.

«Дийхан ҳәм фермер хожалықларын қоллап-қуўатлаў фонды»ның кредит линияларын кеңейтиў ҳәмде оның дереклерин анықластырыў мақсетинде 2007 жыл 10 сентябрде Министрлер Кабинетиниң 366 санлы қарары менен фондға мөлжелленген ким ашты саўдасында жер участкаларын пуқаралардың мийрасқа қалдыратуғын өмирлик ийелик етиўлери ушын сатыўдан алынатуғын пайданың 5,5 % и, дийхан хожалықларынан өндирилетуғын жер салығы суммасының 5 % и ҳәм фермер хожалықларынан алынатуғын жер салығының 2,5 %и муғдарындағы қаржылар ҳәм оны өндириў тәртиби анық белгилеп берилди. Усы қарардың әҳмийети сол, ол «Дийхан ҳәм фермер хожалықларын қоллап-қуўатлаў фонды» кредит ресурсларын толтырыўға жақыннан жәрдем береди.

Статистикалық мағлыўматларға қарағанда 2013 жылы республикамыз дийхан ҳәм фермер хожалықларына 22446,9 млн. сумлық кредит ажыратылған болып, оның 19601,6 млн. сумы яки 82,33 %и коммерциялық банклериниң өз қаржылары есабынан, 1671,8 млн. сумы яки 6,43 %и «Бизнес-фонд»тың 288,3 млн. сумы яки 2,75 пайызы «Дийхан ҳәм фермер хожалықларын қоллап-қуўатлаў фонды»ның 885,2 млн. сумы яки 8,47 %и «Жумыс пенен тәмийнлеўге көмеклесиў фонды»ның кредит линиялары есабынан берилген. Анализлерден ҳәзирги күнде фермер хожалықларын кредитлеўде коммерциялық банклери тийкарғы финансластырыў негизи болып турғанлыгы көринип турыпты, яғный олардың барлық ажыратылған кредитлердеги үлеси 4/5 бөлегинен көбирегин қурамақта.

Фермер хожалықлары раўажланып барыўы, олардың саны ҳәм өндиристеги салмағы артып барыўы менен кредит ресурсларына болған талап ҳәм күшейип барыўы тәбиййй. Солай екен, коммерциялық банклери ҳәмде бюджеттен тысқары фондлардың фермерликти раўажландырыўға бағытланған кредит ресурсларын көбейтириўди ҳәр тәреплеме хошаметлеў керек. Сондай-ақ, көп ҳалларда фермер хожалықларында кредитти тәўекелшиликтен (қәтерден) қорғаў ушын талап етилетуғын гиреўге қойыўда жетерли мал-мүлки болмаслығын итибарға алып, кредит тәўекелшилигин

қамсызландырыўшы институционал тузилмелерин кең раўажландырыў мақсетке муўапық болып табылады.

Республикамыз фермер хожалықларында жетистирилип атырған пахта ҳәм дән өнимлериниң бир бөлегине мәмлекет буйыртпаларының ендирилиўи уллы әҳмийетке ийе. Себеби бул бир тәрептен олардың өнимлерине турақлы талапты пайда етиўге жәрдем берсе, екинши тәрептен Өзбекстан Республикасы Президентиниң 1998 жыл 31 декабрдағы ПФ-2165-санлы Пәрманына муўапық фермер хожалықлары мәмлекет буйыртпасы көлеминдеги жетистирип атырған өним баҳасының 50 %и муғдарында Финанс Министрлигиниң «Мәмлекет мүтәжликлери ушын сатып алынатуғын аўыл хожалығы өнимлери менен есап-китап етиў фонды» қаржылары есабынан аванс пулы (транш) алыў имканиятына ийе. Бунының социаллық тәрепи, фермер хожалықлары өним жетистириў ушын зәрүр болатуғын айланма қаржыларды жоқары пайыз ставкаларында коммерциялық банклеринен қарызға алыўға мәжбүр болмайды.

Республикамызда мәмлекет мүтәжликлери ушын сатып алынатуғын пахта ҳәм дан өнимлериниң сатып алыў баҳаларын көтериўге айырықша итибар менен қаралмақта. Солардан, республикамыз Президентиниң 2002 жыл 20 августдеги ПФ-№114-санлы «Пахта баҳасын қәлиплестириў механизми ҳаққындағы»ғы Пәрманы менен пахта егилетуғын хожалықлардың жоқары сыпатлы бәсекеге шыдамлы өнимлерин жетистириўге хошаметин асырыў ҳәмде баҳа белгилеўде базар экономикасы талапларына жуўап беретуғын дүнья әмелиятында қабыл етилген норма ҳәм принципларды кең енгизиў мақсетинде пахта шийки затына ишки сатып алыў баҳалары, экспортқа ҳәм республика тутыныўшыларына жеткерип атырылған пахта талшығының көтере саўдадағы баҳалары дүнья базарында қәлиплесип атырған пахта баҳасы конъюнктурасына муўапық белгилениў тәртиби пайда етилди. Бунының нәтийжесинде фермер хожалықларының мәмлекет буйыртпалары бойынша жеткерип берилип атырған пахта шийки заты баҳалары сезилерли дәрежеде асты.

Фермер хожалықлары сыпатында қайта шөлкемлестирилип атырған аўыл хожалығы кәрханалары территориясында шөлкемлестирилип атырған альтернатив машина-трактор парклери салық салыў шәртлери ҳәм аўыл хожалығы товар өндириўшилерине көрсетилип атырған хызметлер (жер ҳайдаў,. егиў, ислеў бериў, ҳасылды жыйнаў ҳәм т.б.) ушын есап-китаплар бойынша «Агромашсервис» уйымы ўалаят бирлеспелериниң машина-трактор парклерине теңлестирилди. Сондай-ақ,фермерлер ҳәм басқа аўыл хожалығы кәрханаларына лизинг хызмети көрсетиўши кәрханаларға да бир қатар жеңилликлер берилген. Сондай-ақ, Министрлер Кабинетиниң 2004 жыл 2 ноябрдеги 424-санлы «Аўылды лизинг шәртлеринде аўыл хожалық техникасы менен тәмийнлеў шаралары туўрысында»ғы Қарары менен «Ўзқишлоқхўжаликмаш-холдинг» компаниясы кәрханалары тәрепинен аўыл хожалық техникасын фермерлерге ҳәм басқа аўыл хожалығы кәрханаларына кеминде 7 жыллық мүддет пенен лизингге бериў ҳәм лизинг компаниясы дараматы (маржасы) ның жеңилликли ставкасы Орайлық банк қайта финансластырыў ставкасының 50 % инен жоқары болмаўы белгилеп қойылды. Бунда тракторлар ҳәм орым жыйым техникасы қунының 15 %и аванс сыпатында фермер хожалықлары тәрепинен өз қаржылары есабына ҳәм қалған 85 %и «Ўзқишлоқхўжаликмашлизинг» компаниясы тәрепинен оған Өзбекстан Республикасы Финанс Министрлиги қасындағы «Аўыл хожалығын техника менен тәмийнлеўди мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў фонды» қарыз тийкарында беретуғын қаржылар есабына қаржы менен тәмийнленеди. Киши ҳәм орта бизнести заманагөй технология үскенелер менен тәмийинлеўге, сондай-ақ, мәмлекетимиздиң өндириўшилери тәрепинен таярлап шығарылған әсбап-үскене ҳәм техникаларды сатыўда лизинг хызмети ролин асырыў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2004 жыл 28 августдеги ПФ-3122-санлы «Лизинг хызметин раўажландырыўды оғада хошаметлеў шаралары туўрысында»ғы Пәрманы менен 2004 жылдың 1 сентябринен баслап лизинг төлемлери қосылған қун салығынан, лизингге бериў ушын Өзбекстан Республикасы территориясына

алып келинетуғын технология үскенелери ўәкил банктиң тийисли тастыйығы бар болған тағдирде бажыхана төлеминен ҳәм қосылған қун салығынан азат етилди. Соның менен бирге, лизинг алатуғын хожалық жүргизиўши субъектлер лизингге берилген мүлкке салық төлеўден лизинг шәртнамасы әмел қылатуғын мүддетке шекем азат етилди ҳәм лизинг бериўшини салыққа тартыўда ол лизингге бериў ушын мүлк сатып алыўға алған кредитлер пайызы ҳәмде белгиленген басқа төлемлердиң суммасы оның жәми дараматынан шегирип тасланатуғын болды. Буның жақсы тәрепи ендиликте фермерлер бир тәрептен заманагөй аўыл хожалық техникаларын әдеўир женил шәртлерде ҳәм арзан төлемлер есесине лизингге алыў имканиятына ийе болсалар, екинши тәрептен, лизинг беретуғын кәрханалар ҳәм лизинг хызмети сыпаты ҳәм нәтийжелилигин белгили дәрежеде асырыўға ерисседилер.

Жуўмақлап айтатуғын болсақ, Өзбекстанда фермер хожалықларын тәртипке салыў ҳәм қоллап-қуўатлаў системасы кең болып, ол биринши гезекте аўылда киши ҳәм орта бизнестиң әҳмийетли қәлиплеринен бири болған фермерликти ҳәр тәреплеме хошаметлеў ҳәм қоллап-қуўатлаўға бағдарланған.

## 2.2 Мәмлекетимизде фермер хожалықларында дийханшылықты арттырыўдың экономикалық анализи

Өзбекстан Республикасының ғәрезсизликке ерисиў менен аўыл-хожалығы халық хожалығының барлық тараўлары жаңа экономикалық реформаларды енгизип базар экономикасы қатнасына өтпекте. Усы дәўиде елимиздиң аўыл-хожалығы хызметкерлери өзиниң алдына азық аўқат бағдарламаларын қабыллап бул машқалалы ўазыйпаларды шешиў үстинде жеделли хызмет ислемекте.

Республикамыз аўыл хожалығында экономикалық реформалаоды еледе тереңлестире отырып, фермер хожалықларының жер майданларын оптималластырыў арқалы жеке сектордың үлесин асырыўға ерисилмекте.

2012 жылда республикада 3552 фермер хожалықлары бар болып, дийқаншылықта – 3045, шарўашылықта – 391 ҳәм басқа тараўларда – 116 фермер хожалықлары ҳәрекет етпекте.

Оларға 555,6 мың га жер майданы ажыратылып берилген, соннан егин майданы 307,6 мың га қурайды. Фермер хожалықларында 60,5 мың адамжумыс пенен тәмийинленди.

2012 жылда (ағымдағы баҳаларда) 737667,5 млн.сум жалпы аўыл хожалық өнимлери жетистирилди, 2011 жылға салыстырғанда өсиў темпи (салыстырмалы баҳада) 113,2 процентти қурады. Соның ишинде, дийқаншылық өнимлериниң көлеми 378884,3 млн.сумды (117,0 процент), шарўашылық өнимлериниң көлеми 358783,2 млн.сумды (109,5 процент) қурады.

Жалпы аўыл хожалығы өнимлеринде фермер хожалықларының үлеси 38,6 процентти ҳәм дийқан хожалықларынниң үлеси 59,8 процентти қурады.

2012 жылда республика бойынша 254,6 мың га жер майданына аўыл хожалық егинлари егилди, яғний 2011 жылга салыстырғанда 113,7 процентти қурайды. Соннан дәнли егинлер 109,9 мың га егилип, 2011 жылга салыстырғандаа – 148,1 процентти, техник егинлер тийислисинше 99,2 мың

га – 95,6 процентти, картошка ҳәм овощ-пализ егинлери 21,4 мың га 115,1 процентти, от-жем егинлери 24,1 мың га –88,2 процентти қурады.

2012 жылда республика бойынша 156,8 мың тонна дәнли егинлер (2011 жылга салыстыранда 91,0 процент), 36,4 мың тонна картошка (110,6 процент), 166,4 мың тонна овощ (114,4 процент), 86,3 мың тонна палыз (113,1 процент), 30,5 мың тонна мийүе (111,3 процент) ҳәм 4,2 мың тонна жүзим (110,3 процент) жетистирилди.

Сондай-ақ, шарўашылық өнимлеринен гөш (тири салмақта) 69,2 мың тонна (2011 жылга салыстыранда 106,8 процент), сүт 224,8 мың тонна (111,3 процент), мәйек 96,8 млн. дана (165,9 процент), жүн 1023 тонна (110,8 процент) ҳәм қаракөл териси 85,0 мың дана (109,6 процент) жетистирилди.

**Таблица-2.2.1**

## Аўыл хожалығы бойынша жер ресурсларының бөлистирилиўи

| № | Қала ҳәм районлар атлары | Қ/х жалпы өним | | Жами айдалатугын жерлерга | соннан: | | Жами кгилгке ғәллем айданы, мың га | соннан: | | Дәнли егинлар | | | сонын ишинде: | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 2012 жыл ҳақиқатта млн.сум | 2011 жыл жуума гына салыстыранда % да | | Суўғары латугын жерлер | Лалми кор жерлер | | Суўғары латугын жерлер | Лалмикор жерлер | Майданы, га | Жалпы Зүрәәт мың тн | Зүрәәтлик, ц/га | Дәнли егинлер | | |
| | | | | | | | | | | | | | Майданы, га | Жалпы Зүрәәт мың тн | Зүрәәтлик, ц/га |
| | **КР бойынша** | **737667,5** | **113,2** | **376882** | **376882** | **-** | **64237** | **64237** | **-** | **109869,0** | **278,1** | **25,7** | **64237** | **156,8** | **24,9** |
| 1 | Әмиўдәрья | 103947,4 | 115,9 | 37204 | 37204 | - | 4527 | 4527 | - | 6193 | 30569 | 49,4 | 4527 | 19,37 | 42,8 |
| 2 | Беруний | 96921,5 | 106,8 | 29697 | 29697 | - | 3936 | 3936 | - | 5376 | 18012 | 33,5 | 3936 | 13,14 | 33,4 |
| 3 | Канлыкол | 31763,6 | 126,7 | 26594 | 26594 | - | 5093 | 5093 | - | 12268 | 24152 | 19,7 | 5093 | 8,62 | 16,9 |
| 4 | Караозек | 28214,1 | 112,2 | 31045 | 31045 | - | 5184 | 5184 | - | 10552 | 13608 | 14,8 | 5184 | 5,02 | 12,2 |
| 5 | Кегейли | 43592,4 | 108,3 | 34761 | 34761 | - | 4891 | 4891 | - | 6962 | 12297 | 17,7 | 4891 | 7,65 | 15,6 |
| 6 | Коңырат | 35167,4 | 147,6 | 29172 | 29172 | - | 5655 | 5655 | - | 11788 | 23639 | 20,1 | 5655 | 12,57 | 22,2 |
| 7 | Мойнак | 4999,1 | 132,8 | 4269 | 4269 | - | 180 | 180 | - | 304 | 233 | 9,3 | 180 | 0,15 | 8,4 |
| 8 | Нокис | 39714,1 | 114,7 | 20118 | 20118 | - | 6724 | 6724 | - | 14408 | 36448 | 25,3 | 6724 | 12,09 | 18,0 |
| 9 | Тахтакопир | 28410,0 | 114,3 | 20700 | 20700 | - | 5199 | 5199 | - | 8878 | 13233 | 14,9 | 5199 | 8,68 | 16,7 |
| 10 | Торткул | 89197,6 | 108,4 | 27908 | 27908 | - | 5276 | 5276 | - | 5459 | 31976 | 58,6 | 5276 | 26,16 | 49,6 |
| 11 | Хожели | 56493,9 | 107,5 | 23236 | 23236 | - | 2842 | 2842 | - | 4848 | 15586 | 32,1 | 2842 | 9,07 | 31,9 |
| 12 | Шымбай | 50973,4 | 128,1 | 36867 | 36867 | - | 5595 | 5595 | - | 10840 | 26940 | 24,9 | 5595 | 13,74 | 24,6 |
| 13 | Шоманай | 28748,8 | 120,3 | 25051 | 25051 | - | 5135 | 5135 | - | 6845 | 11471 | 17,4 | 5135 | 4,95 | 10,1 |
| 14 | Еликкала | 92418,5 | 106,6 | 28769 | 28769 | - | 3989 | 3989 | - | 5125 | 19837 | 38,7 | 3989 | 15,61 | 39,1 |
| 15 | Нокис к.. | 3240,2 | 114,5 | 1301 | 1301 | - | 10 | 10 | - | 21 | 94 | 44,8 | 10 | 0,025 | 25,0 |
| 16 | Тахиаташ к. | 3865,5 | 97,2 | 190 | 190 | - | 1 | 1 | - | 2 | 3 | 15,0 | 1 | 0,001 | 10,0 |

**Таблица-2.2.2**

## Аўыл хожалығында өним жетистириў

| № | Қала ҳәм районлар атлары | Давлат хариди учун сотилиши, тонна | | Пахта | | | | Картошка | | | Овощ | | | Мева | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Тапсырма | орынланыуы | Майданы, га | Жалпы Зүрәәт мың тн | | Зүрәәтлик, ц/га | Майданы, га | Жалпы Зүрәәт мың тн | Зүрәәтлик, ц/га | Майданы, га | Жалпы Зүрәәт мың тн | Зүрәәтлик, ц/га | Майданы, га | Жалпы Зүрәәт мың тн | Зүрәәтлик, ц/га |
| | | | | | Тапсырма | жетистириу | | | | | | | | | | |
| | **КР бойынша** | **80100** | **80100** | **94700** | **190** | **215,8** | **22,8** | **5075** | **36,4** | **72,2** | **8539** | **166,4** | **195,6** | **5188** | **30,5** | **67,9** |
| 1 | Әмиўдәрья | 4030 | 4630,4 | 16400 | 33,73 | 44,67 | 27,2 | 980 | 8,86 | 90,4 | 1385 | 24,54 | 177,0 | 1043 | 6,74 | 75,7 |
| 2 | Беруний | 4060 | 5120 | 12400 | 26,31 | 27,69 | 22,3 | 433 | 3,78 | 87,2 | 722 | 15,66 | 215,2 | 864 | 5,44 | 62,9 |
| 3 | Канлыкол | 8230 | 7451,7 | 3300 | 6,15 | 7,68 | 23,3 | 64 | 0,37 | 58,0 | 298 | 4,70 | 157,9 | 184 | 0,65 | 47,5 |
| 4 | Караозек | 6790 | 6790 | 3300 | 6,15 | 7,51 | 22,7 | 90 | 0,69 | 77,3 | 220 | 2,31 | 105,1 | 110 | 0,45 | 48,6 |
| 5 | Кегейли | 6230 | 6230 | 6400 | 12,175 | 14,50 | 22,7 | 105 | 1,32 | 125,7 | 399 | 4,98 | 124,8 | 229 | 2,0 | 97,0 |
| 6 | Куңирот | 7680 | 7680 | 3000 | 5,615 | 6,99 | 23,3 | 76 | 0,39 | 50,7 | 429 | 4,88 | 110,8 | 153 | 0,75 | 68,3 |
| 7 | Мойнак | 280 | 280 | 0 | 0 | 0,00 | 0,0 | 31 | 0,19 | 61,0 | 83 | 1,12 | 134,8 | 40 | 0,13 | 34,3 |
| 8 | Нокис | 9570 | 9570 | 1600 | 2,87 | 3,58 | 22,4 | 275 | 3,08 | 112,1 | 775 | 30,96 | 399,4 | 262 | 3,39 | 133,1 |
| 9 | Тахтакопир | 6680 | 5644 | 3000 | 5,515 | 6,55 | 21,8 | 72 | 0,64 | 89,3 | 164 | 2,44 | 149,0 | 43 | 0,29 | 68,4 |
| 10 | Торткул | 4250 | 4393 | 12400 | 26,31 | 27,20 | 22,0 | 574 | 3,78 | 65,8 | 782 | 18,89 | 241,5 | 690 | 3,06 | 45,7 |
| 11 | Хожели | 3810 | 3809,7 | 9600 | 19,015 | 19,90 | 20,7 | 582 | 3,99 | 68,6 | 573 | 10,83 | 189,0 | 373 | 1,7 | 81,0 |
| 12 | Шымбай | 6830 | 6830 | 4600 | 8,485 | 9,98 | 21,7 | 828 | 3,84 | 46,4 | 914 | 16,95 | 185,4 | 303 | 1,60 | 80,7 |
| 13 | Шоманай | 7390 | 6818,2 | 6300 | 11,365 | 11,71 | 18,6 | 365 | 1,42 | 42,7 | 700 | 5,96 | 91,1 | 160 | 0,33 | 52,5 |
| 14 | Еликкала | 4270 | 4853 | 12400 | 26,31 | 27,89 | 22,5 | 586 | 4,00 | 68,3 | 973 | 21,34 | 219,3 | 685 | 3,73 | 54,4 |
| 15 | Нокис к.. | - | - | 0 | - | 0 | 0 | 8 | 0,054 | 67,5 | 116 | 0,86 | 73,7 | 48 | 0,21 | 80,8 |
| 16 | Тахиаташ к. | - | - | 0 | - | 0 | 0 | 6 | 0,012 | 20,0 | 6 | 0,0 | 25,0 | 1 | 0,004 | 40,0 |

Республика бойынша пилле жетистириу шартнамалары 100,3 процентке орынланды (ягный 816,3 тонна тапсырылды). Пилле жетистириуши районлардың барлыгы өз шартнамаларын толығы менен орынлаган.

Барлык турдеги хожалықларда ири шақлы қарамаллардың бас саны 841,9 мың баска (2011 жылга салыстыранда 105,2 процент), соннан сыйырлар – 262,9 мың баска (102,2 процент), шошкалар бас саны 2,9 мың баска (87,4 процент), қой ҳәм ешкилер бас саны 838,6 мың баска (104,5 процент), атлардың бас саны 19,6 мың баска(103,2 процент)ҳәм таўықлардың бас саны 2549,5мың баска(149,5 процент) жетти.

Барлык турдеги хожалықларда орташа бир сыйырдан саўыр алынатуғын сут муғдары 855 кг ҳәм орташа бир таүықтан алынатуғын майек 95 дана болып, 2011 жылга салыстырғанда 61 кг ҳәм 25 данага кобейген.

2013 жылдың 1 январ жагдайына «Қарақалпақ МТП» бирлеспесине қараслы 15 МТП лар тарепинен аўыл хожалық корхоналары ҳәм фермер хожалықларына 4607,8 млн.сумлык хизмет корсетилип, 2011 жылга салыстырғанда 109,0 процентти кураган.

2012 жылда «Ўзаўылхожалықмашлизинг» компаниясының Қарақалпакстан бөлими тарепинен лизинг арқалы 298 дана аўыл хожалық техникалары,соннан 70 трактор, 14 култиватор, 11 плуг,102 сеялка ҳәм 101 басқа техникалар алып келинген.

Республикага минерал тогинлер ҳәм ядохимикатлар ҚР «Аўыл хожалыққимё» ХАЖ-ниң карханалари тарепинен жеткизип бериледи. 2013 жылдың 1 январ жагдайына аўыл хожалық карханалары ҳәм фермер хожалықлары минерал тогинлер жыллик фондина салыстыранда 127,0 процентке таминлеген.

Республика бойынша 485,4 км магистрал ҳәм хожалықлар аралық суў тармақлары (жыллық жобаға салыстырганда 119,6 процент), 2176,9 км хожалықлар аралық ҳәм ишки хожалық заҳкашлар (жыллық режеге салыстырганда 100,7 процент) тазаланған.

**Таблица-2.2.3**

## Фермер хожалықлары ҳаққында мағлыўмат

| № | Қала ҳәм районлар атлары | 2012 жыл жуумагы бойынша фермер хожалықлары саны, бирлик | 2011 жыл жуумагына салыстыранда % есабында | Оларга бириктирилген жер майданы, мың га | 2011 жыл жуумагына салыстыранда % есабында | Оларда ислейтуғын хызметкер саны, мың адам | 2011 жыл жуумагына салыстыранда % есабында | 01.01.13 й.га ҳәрекетин тоқтатқан хожалыклар саны, бирлик | 2011 жыл жуумагына салыстыранда % есабында | Республикада жалпы аўыл хожалық өнимлерине салыстыранда фермер хожалықлары үлеси, % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **ҚР бойынша** | **3552** | **103,8** | **555,6** | **98,4** | **60,5** | **108,7** | **87** | **140,3** | **38,6** |
| 1 | Әмиўдәрья | 298 | 102,4 | 47,0 | 100,5 | 15,0 | 102,3 | 6 | 120,0 | 44 |
| 2 | Беруний | 313 | 101,6 | 45,6 | 100,0 | 11,7 | 111,0 | 4 | 133,3 | 32,4 |
| 3 | Канлыкол | 167 | 101,8 | 37,2 | 100,0 | 1,0 | 98,5 | 1 | 0 | 47,7 |
| 4 | Караозек | 283 | 99,6 | 41,9 | 100,0 | 2,1 | 85,9 | 4 | 0 | 33,2 |
| 5 | Кегейли | 196 | 96,1 | 46,7 | 98,0 | 5,1 | 131,4 | 6 | 300,0 | 34 |
| 6 | Куңирот | 189 | 100,0 | 37,4 | 99,3 | 1,2 | 91,5 | 9 | 69,2 | 38,9 |
| 7 | Мойнак | 33 | 89,2 | 6,1 | 262,4 | 0,1 | 91,3 | 6 | 200,0 | 4,4 |
| 8 | Нокис | 399 | 113,7 | 32,3 | 101,8 | 2,8 | 162,3 | 13 | 130,0 | 67,3 |
| 9 | Тахтакопир | 127 | 99,2 | 21,6 | 96,2 | 1,2 | 87,9 | 1 | 14,3 | 33 |
| 10 | Торткул | 404 | 113,5 | 61,3 | 86,0 | 2,9 | 161,7 | 14 | 280,0 | 33,9 |
| 11 | Хожели | 243 | 100,4 | 32,3 | 98,7 | 1,9 | 110,8 | 19 | 633,3 | 41,1 |
| 12 | Шымбай | 328 | 99,7 | 53,3 | 104,2 | 3,8 | 99,0 | 1 | 100,0 | 37,1 |
| 13 | Шоманай | 159 | 108,2 | 52,9 | 94,4 | 2,1 | 87,5 | 3 | 30,0 | 45 |
| 14 | Еликкала | 410 | 105,1 | 40,2 | 100,0 | 9,6 | 108,2 | 0 | 0 | 35,4 |
| 15 | Нокис к.. | 1 | 100,0 | 0 | 0 | 0,001 | 100,0 | 0 | 0 | 0 |
| 16 | Тахиаташ к. | 2 | 100,0 | 0 | 0 | 0,002 | 100,0 | 0 | 0 | 0,1 |

**Таблица-2.2.4**

**Дийқан хожалықлары ҳаққында мағлыўмат**

| № | Қала ҳәм районлар атлары | Дийқан хожалықлары саны, бирлик | 2011 жыл январга салыстыранда % есабында | Олардан, юридик шахс мақомини алганлар, бирлик | 2011 жыл январга салыстыранда % есабында | Оларга бириктирилген жер майданы, мың га | 2011 жыл январга салыстыранда % есабында | Жалпы аўыл хожалық өнимлерине салыстыранда дийқан хожалықлары үлеси % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **КР бойынша** | **225904** | **98,7** | **1856** | **130,8** | **45,4** | **100,0** | **59,8** |
| 1 | Әмиўдәрья | 27434 | 100,0 | 360 | 102,9 | 6,2 | 100,0 | 53,8 |
| 2 | Беруний | 21735 | 100,0 | 25 | 147,1 | 4,3 | 100,0 | 66,2 |
| 3 | Канлыкол | 5472 | 100,0 | 213 | 104,9 | 1,2 | 100,0 | 49,7 |
| 4 | Караозек | 7620 | 100,0 | 10 | 25,6 | 2,2 | 100,0 | 64,3 |
| 5 | Кегейли | 11594 | 100,0 | 35 | 159,1 | 2,7 | 100,0 | 64,0 |
| 6 | Куңирот | 20937 | 100,0 | 31 | 134,8 | 1,9 | 100,0 | 54,0 |
| 7 | Мойнак | 4569 | 100,0 | 0 | 0,0 | 0,4 | 100,0 | 93,2 |
| 8 | Нокис | 6627 | 100,0 | 20 | 38,5 | 1,1 | 100,0 | 32,2 |
| 9 | Тахтакопир | 4467 | 58,7 | 8 | 800,0 | 1,4 | 100,0 | 64,6 |
| 10 | Торткул | 27862 | 100,0 | 635 | 148,0 | 5,6 | 100,0 | 64,6 |
| 11 | Хожели | 15453 | 100,0 | 2 | 200,0 | 4,7 | 100,0 | 58,6 |
| 12 | Шымбай | 14946 | 100,0 | 180 | 257,1 | 4,1 | 100,0 | 62,5 |
| 13 | Шоманай | 7153 | 101,6 | 0 | 0,0 | 2,8 | 100,0 | 53,9 |
| 14 | Еликкала | 18926 | 100,0 | 335 | 187,2 | 4,2 | 100,0 | 64,2 |
| 15 | Нокис к.. | 26866 | 100,0 | 0 | 0,0 | 2,3 | 100,0 | 97,6 |
| 16 | Тахиаташ к. | 4243 | 100,0 | 2 | 200,0 | 0,2 | 100,0 | 99,9 |

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2007 жыл 29 октябрдеги ПФ-3932-санлы «Жерлардиң мелиоратив жагдайын жақсылаў сисьемасын түптен жетилистириў шара-илажлары ҳаққында»ғы пәрманы тийкарында 2012 жылда Қарақалпакстан Республикасында 5 мелиоратив системаның 25 объектин қайта реконструкциялаў жумыслары жобаластырыоған. Оның натурадағы көлеми 2176,9 км-ди ҳәм улыўма қуны 13604,0 млн.сумни қурады.

Аўыл хожалығының барлық тармақларын нәтийжели раўажландырыў өнимди жетерли дәрежеде көбейтиў ҳәм оның сапасын жақсылаў илимниң жетискенликлери менен алдынғы тәжирийбени турмысқа әмелий дәрежеде ендириў бул машқаланы шешиўдиң гиреўи болып есапланады. Сондай-ақ жерден, техникадан, аўыл-хожалық малларынан, ҳәм мийнет ресурсларынан нәтийжели пайдаланыў оғада әҳмийетке ийе болады.

Жүзеге келип атырған миллий ғәрезсизлик идеологиясы миллетимиздиң көп әсирлик дәстүри ҳәм үрп әдетлерин өзлигимиздиң тийкарғы белгилерин жәмлестирип жәмийетимиз, мәмлекетимиз өз алдына қойған ийгикли нийетлерин ҳәм ўазыйпаларын, оның раўшанластырмалы зәрүр. Мәмлекетимиз басшысы Ислам Каримовтың шығармаларында әсиресе «Өзбекистан XXI-әсирге умтылмақта» атлы китабында бул мәселелер терең илимий тийкарында ҳәр тәреплеме берилген. Бизиң бас стратегик мақсетимиз базар экономикасына тийкрланған еркин демократиялық жәмийет дүзиў. Базар экономикасы шәраятында мәмлекетлик мүлкти меншиклестириў жеке мүлкти раўажландырыў ҳәм фермер хожалықларын жүргизиў болып табылады. Экономиканың барлық саласы ҳәм тарақларында еркинлестириў барысын избе-из әмелге асырыў ҳәм алып барылып атырған реформаларды еледе тереңлестириў хожалық ислерин баратуғын субъектлердиң ғәрезсизлигин асырыў исбилерменлик хызметин раўажландырыў жолындағы ушырасатуғын тосқынлықларды жоқ етиў- бул тараўдағы өзгерислердиң тийкарғы бағдары болып табылады.

Бул – жеке бизнеске, улыўма, экономикалық хызметтиң базарға тән хызметлерин көбирек еркинлик бериў буның ушын тийисли ҳуқықый тийкар шөлкемлестириўшилик ҳәм экономикалық кепилликлерди жаратыў,

институтциональ өзгерислер финанс ҳәм банк системасын рефораластырыўды тағы да тереңлестириў, раўажланған базар инфраструктурасын пайдаетиў конкуренция орталығын жүзеге келтириўге итибар қаратыў демек.

Кейинги жыллары аўыл хожалығында экономиклык реформаларды әмелге асырыў мақсетинде жоқарғы кеңестиң бир қанша қарарлары қабылланды. Бул қарарлар тийкарында хожалықлар меншиклестирилип исбилермен фермерлерге сатылды. Бир қаншалары акционрлик жәмийетлерге айландырылды. өларға егислик, жайлаў ушын жер майданлары, техника, жанар май, от жем фондлары ҳәм кредит тийкарында ақша қаржылары ажыратылды. Сондай-ақ оларғахызмет көрсетиўши ҳәр қыйлы сервислер шөлкемлестирилди. Жуўмақластырып айтқанда оларға экокномикалық қатнасықларды реформалар тийкарында алып барыў ушын нызамлы ҳуқуқый тийкарлар жаратылды. Республикамызда аўыл хожалығының мәдениятын көтериў бойынша аўыл ҳәм суў хожалығы министрлиги тәрепинен белгиленген ҳам жыллық бағдарламалар ислеп шығылды. Бул бағдарламаның тийкарғы мақсети халқымыздың азық аўқат өнимлерне болған талабын өзимизде жетистирилетуғын өнимлер менен қанаатландырыўға қаратылған. Аўыллық жерлерде қайта ислеўши кәрханалар менен халыққа мәдений турмыс хызметин көрсететуғын орынлардың санын кобейтиў. Базар экономикасы шәраятында фермер хожалықларының раўажланыў оның өндирислик экономикалық нәтийжелилигин жоқарылатыў әҳмийетли машқалалардың бири болып, өндиристиң нәтийжелилигин тәмийинлеўге кең имканиятлар дөретеди. Базар экономикасының қәлиплесиў шәраятында фермер хожалығының экономикалық нәтийжелигин асырыў машқалаларын үйрениў ҳәм усы тийкарында усынıслар бериўден ибарат. Қойылған мақсетке муўапық төмендеи ўазыйпалар белгиленеди:

- Фермер хожалықларының социаллық-экоомикалық жағдайы теориялық жақтан үйренилди.

- Базар экономикасының қәлиплесиўи шәраятында ферердиң менеджер сыпатындағы ўазыйпаларын үйрениў.

- Фермер хожалықларының миллий ресурслар менен тәмийинленгенлиги ҳәм олардан пайдаланыў нәтийжелилиги анализ қылынды.

Фермер хожалығында өндиристиң нәтийжелилиги атлы бириши бөлиминде. Республикамыздың аўыл хожалығында реформаларды әмелге асырыўдың ҳуқықый тийкарлары, қарақалпақстан Республикасы аўыл хожалық өнимлерин өндириў нәтийжеликлерин асырыў имканиятларынан толық пайдаланыўда фемер хожалықларының тутқан орны жоқары екенлиги айтып өтилген. Фермер хожалығын жүргизиў ҳәм өндиристи басқарыў деген екинши бөлимде хожалықты жүргизиўдиң жаңа рефораларын дүзиўде меншиклик қатнаслар сол хожалықтың жоасы жерден пайдланыў ҳуқуқын беретуғын мәмлекетлик акт жоқарғы басқарыў органының қарары. Фермер бирлеспесинде өндиристи басқарыўдың менеджерлик хызмети, ҳәде шешилиўи тийкар болған машқалалар ҳәм мәселелер сөз етилген. Жумыстың жуўмақлаўшы бөлиминде көрилген нәтийжелерден келип шыққан жағдайда жуўмақ ҳәм усыныслар берилген.

Фермер хожалығы өзине узақ мүддетке ижараға берилген жер участкаларынан пайдаланып аўыл хожалығы өнимлерин жетилистириў менен шуғылланды. Фермер хожалықларын ашыў олардың жумыс алып барыўы қайта дүзилиўи ҳәм сапластырылыўы нызам тийкарында тәртиплестириледи. Егер Өзбекистан Республикасының халық аралық шәртнамасында фермер хожалықлары ҳаққында Қарақалпақстан Республикасының нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа қәделер белгиленген болса, онда халық аралық шәртнама қәделери қолланылады. Фермер хожалығының басшылары семьяның ери, балалары, ата-аналары ҳәм басқа да туўысқанлары мийнетке уқыплы жасқа жеткен басқада адамлар ағзалары бола алады. Фермер хожалығында мийнет шәртнама тийкарында исленеди. Фермер, хожалығына 18 жасқа шыққан, аўыл хожалығын да тийисли маманлыққа ҳәм жумыс тәжирийбесине ийе адам баслығы бола алады. Мал шарўашылығы өнимлерин жетистириўге қәнийгелестирилген фермер хожалығы кеминде 30 шәртли бас малы болған жағдайда дүзиледи. Жер участкалары берилгенде фермер хожалығы өзине аўыл хожалық егинлериниң зүрәәтлигин (үш жыл ушын орташа жыллық зүрәәт есабында) жердиң кадастр баҳасынан кем балмаўын тәмийинлеў миннетлемесин алады.

- фермер хожалығы уставында төмендегилер белгиленеди:

Фермер хожалығының атамасы;

Жумыс саласы ҳәм мақсети;

Фермер хожалығының атамасы;

Жумыс  саласы ҳәм мақсети;

Фермер хожалығының баслығы ҳаққында тийисли маглыўматлар;

Фермер хожалығын басқарыў тәртиби;

Жерден, суўдан, ҳәм басқаида тәбийий ресурослардан пайдаланыў тәртиби;

Фермер хожалықларының ҳуқуқлары ҳәм мийнетлери, олардың өндирислик жумысқа қатнасыў тәртиби;

Фермер хожалықларының дәраматларына (пайдаларын) бөлистириў зәлеллерин өтеў тәртиби.

Фермер хожалықларының қарызларын ҳәм зыян қаплаў тәртиби;

Фермер хожалығын қайта шөлкемлестириў ямаса сапластырыў тәртиби; фермер хожалығының уставын өзгертиў тәртиби; фермер хожалығының уставына фермер хожалығының өзгешелиги менен байланыслы болған нызам актлерине қайшы келмейтуғын басқа да режелер киргизилиўи мүмкин.

Фермер хожалығын дүзиўде ҳәм оған жер бериўде аўыллық кеңестиң ақсақаллар, экономистлер, агрономлар, зоотехниклер, инженерлер, суў хожалығындағы қәнийгелер киреди. Хожалықта фермерлерге материаллық техникалық тухым, төгин, жанар май ҳәм суў менен тәмийинлеў ушын хызмет көрсетиўши ширкетлер дүзиледи. Фермер хожалықлары ири жумысларды әмелге асырыў ушын фермер бирлеспелерине бириктириледи.

Фермер хожалықлары районлық фермер хожалықлары ассоциациясына, есаплаў орайында банкиден салық мекемесинде ҳәр бир фермер ушын есап – китап бети ашылады. Фермер хожалықлары жыл даўамында тухым, жанар май, мийнет хақы ҳәм басқада мүтәжликлер ушын банкиден қысқа мүддетке кредит (қарыз) алады. Қарыз алган ақшаға төленетугын процентин муғдарын қайтарыў мүддети банк тәрепинен анықланады, ҳәм ол ақшаның қамсызланыў дәрежесине қарай өзгерип турады. Фермерлерге төленетуғын салық төлеми

муғдары мәмлекет тәрепинен белгиленеди. Егерде фермер хожалықларының жетистирген өнимлерин бахасына салықты, шығынларды ҳәм кредиттиң процентин алып тасласақ онда оның нақ дәраматы келип шығады. Фермер хожалықлары бирлеспесиниң дәраматы хожалық ағзалары арасында мийнет хакы ушын төленеди, келеси жыл ушын төленетугын шығынларға қалдырылады. Фермер хожалықларын пайдалы тараўға айландырыў төлендеги илажларга байланыслы болады. мәселен: фермерлердиң хукыкын, еркинлигин тәмийинлеў фермерлердиң жетистирген өнимлерин сатып алыўда мәмлекетлик баханы дурыс белгилеў, фермер хожалықларды мәмлекетлик хожалықларда қоллап қуўатлаў, жеңиллетилген кредит бериў, фермерлерге хызмет көрсетиўши ширкетлер шөлкемлестириў, фермер хожалықларына жер ажыратып бериўде анық бахасын анықлаўда кәтеге жол қойылмаўы лазым. Базар қатнасықлары жайдайында аўыл хожалығында меншиктиң көп түрлери болады. 1998 жылы 30 апрельде қабыл етилген «фермер хожалықлары» ҳаққындағы нызам базар қатнасықларына өтиўде аўыл хожалықларын раўажландырыў әҳмийетли адым болды. Бул нызам фермер хожалықларын шөлкемлестириў ҳәм ҳәрекетке келтириў ушын экономикалық ҳәм ҳукыкый жақтан тийкар болды; толығы менен аўылда экономикалық қатнасықларды қайта қурыўга бағдарланган пухаралардың жеке шуғылланып ҳәрекет етиў ҳукыкын тәмийинлейтуғын жер өнимин пайдаланыўдагы дийханлардың қызығыўшылығын арттырыў өнимдерлықты жоқарылатыў ҳәм өним сапасын жақсылаў фермер хожалықларының басқа да хожалықлар қатарында тең ҳукыклы раўажланыўы ҳәм өнимли жумыс ислеўи ушын мүмкиншилик жаратып бериўин тәмийинлейди. Нызамда фермер өзиниң өндирислик ҳәрекети даўамында дус келектугын фермер қатнасықларын шөлкемлестириўдиң тийкарғы принциплери жарық көрген.

Биринши үш статьясында дийхан ҳәм фермер хожалықларының халық хожалығы комплекси системасында ҳәм оны дүзиў тәртиби ҳаққында анықлама бериледи. Фермер хожалығын дүзиў ҳәм оның ҳәрекет етиўши байланыслы қактнасықлар ҳәм усы нызам ҳәм басқа да нызамлық актлери менен бағдарланып барылады.

Фермер хожалығы өнимлерин өз хожалығы ағзаларының өндиристе мийнет етиўге қатнасыўы арқасында өз еркинше азық-аўқат өнимлерин өндирип қайта ислеп шығарып, оны сатып ҳәм басқа да жумысларды ислейтуғын хожалық мийнет бирлеспеси болып есапланады.

**2.2.5-кесте**

**Аўыл хожалығында өндирилип атырған аўыл хожалығы өнимлери**

| Егинлер түри | Жыллар | | | | | 2013-жыл % есабында | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2009 | 2010 | 2011 | 2012 | 2013 | 2012 ж-ға | 2013 ж-ға |
| Ғәлле | 18,2 | 23 | 28,1 | 20,3 | 28,7 | 101,8 | 141,4 |
| Соның ишинде салы | 33,5 | 35,6 | 33,4 | 19,7 | 24 | 71,6 | 121,8 |
| Овощь | 88,4 | 97 | 99 | 102 | 87,5 | 98,9 | 85,8 |
| Мийўе | 35,4 | 47,8 | 53,0 | 55,4 | 37,4 | 104,5 | 67,5 |

Булардың барлығын орынлаўда аўыл хожалығында раўажланып атырған фермерлик ҳәрекетлер әҳмийетли орынды ийелейди. Фермер ҳәм дийхан хожалығы Қарақалпақстан республикасының экономикасының өзегин пайда етеди. Өзбекистан республикасы Президенти И.А.Каримов 1999-жыл 2-декабарьде, Нөкис қаласында Қарақалпақстан республикасының сайлаўшыларының ўәкиллери менен ушырасқанда «Қарақалпақстан экономикасының келешеги ҳәм раўажланыўында», өзиниң шешимин күтип турған тийкарғы үш ўазыйпа бар екенлигин атап өтти.

Биринши: Қарақалпақстан халқының өсиў темпин есапқа алған түрде регионның экономикасының қурамын қайта көрип шығыў;

Екинши: барлық тараўларда иске асырылып атырған реформалардың нәтийжелигин арттырыў, аўыл хожалығында фермер ҳәм де дийхан хожалықларын ҳәм киши орта бизнести раўажландырыў;

Үшинши: ең әҳмийетли әпиўайы жумысшылар, хызметкерлердиң мийнетине деген қатнасты өзгертириў, оларды хошаметлеп барыў.

Булардың барлығын орынлап барыў аўыл-хожалығында раўажланып атырған фермерлик ҳәрекетлер әҳмийетли орындыийелейди. Фермер ҳәм

дийхан хожалықлары Қарақалпақстан республикасының экономикасының өзегин пайда етеди. Жерлердиң нәтийжелилигин, өндиристиң рентабеллигин көтериў социаллық ўазыйпаларды шешиў, яғный өткизилип атырған экономикалық реформалардың бас мақсети болған халықтың турмыс дәрежесин асырыўға ерисиў, дийхан ҳәм фермер хожалықларын раўажландырыўға тиккелей байланыслы. Дийхан ҳәм фермер хожалықлары ҳәр бир территория, ҳәр бир область, ҳәр бир административлик районның, агроклимат, жер суў демографиялық өзгешеликлерине жуўап беретуғын бағдарлар бойынша раўажланыўы керек. Президентимиз айтқанындай, дийханның жерге болған қатнасын өзгертиў зәрүр, себеби ол жер, техника жетистирилген өнимниң толық ийесимен деп есапласын, жерге өзиниң шаңарағының абаданлығын көтериўдиң дереги сыпатында өзиниң ул ҳәм қызларына мийрас етип қалдыратуғын мүлк ретинде қарасын, сонда ғана ол өзиниң қалбин топлағанларын, өзиниң мийнетке жерге бағышлайды, ол өзиниң барлық қуралларын топырақтың өнимдарлығын асырыўға қаратады, өзиниң участкасының меллоратив аўҳалын жақсылап барады.

Дийхан ҳәм фермер хожалықларының раўажландырыўдың екинши шәрти- бул фермерлердиң ҳуқықый еркинлиги, яғный фермерлерди бир тәрептен мәмлекет пенен жер ийеси менен, екинши тәрептен базар бойынша барлық шериклер тәмийинлеўши, саўда, транспорт шөлкемлери ҳәм басқа да хызмет корсетиўши кәрханалар менен, сондай ақ ең тийкарғысы кредитит мекемелер менен шәртнамалы ҳәм басқа да қатнасларды әмелге асырыўшы еркин юридикалық тәреп деп тән алыў. Бундай қурамалы коп бағдарлы экономикалық байланысларды иске асырыў ислеяшилерди мәўсимлик жумысқа тартқан түрдеги семьялық мийнетке тийкарланған көплеген дийхан ҳәм фермер хожалықлары ушын қыйыншылық туўдырады. Усы машқалаларды шешиў ушын фермерлердиң басқа юридикалық тәреплер менен өзгерислик экономикалық шериклик принциплерин өзгертиў керек. Базар бойынша барлық шериклер шәртнамалар дүзиў ҳәм оларды орынлаў ушын өзлери фермерлерге келсе мақсетке муўапық болар еди. Экономикалық байланыслардың бул бундай структурасы туўры болып есапланады. Бундай жағдай республикамыздың

аўыл-хожалығының меншиклик факторында қолланылып өзиниң жақсы нәтийжесин берип атыр. Усы себепли фермерлер менен жүзбе-жүз болыў принципин барлык жерлерде орынлаў керек. Дийхан ҳәм фермер хожалықларын раўажландырыўдың үшинши шарти- бул фермерлердиң участкасы шегараларының бузылмаслығы. Фермер хожалығы ең дәслеп аўыл халқының жеке үй алды участкалары тийкарында пайда болады ҳәм дүзиледи. Дийхан ҳәм фермер хожалықларын раўажландырыўдың ақырғы тийкарғы шарти бул жерди оларға мүддетсиз мийрас етип қаолдырыў ҳуқуқының берилиўи, бирақ улыўма халықлық байлық болып есапланатуғын ҳәм хожалық турмысында мәмлекет мулк болып есапланатуғын ҳәм хожалық турмысында, жерден пайдаланыўшылар сыпатында оларға жер салығын төлеп барыў шәрти менен бериў.

Бул қағыйда дийхан ҳәм фермер хожалықларына жер ажыратыўда есапқа алыныўы керек.

## 2.3.Фермер хожалықларында есап- китапты шөлкемлестириўди жақсылаў ҳәм иелеп шығарыў нәтийжелилигин анықлаў усылларын жетилистириў

Фермерлердиң өз хожалық ҳәм ҳәдийселерин туўры жүргизиў ҳәм анализ етиў хожалық ҳәм оринанслық есаптың басланкыш точкасы есапланады Бундай анализ процессинде арерлир өз хожалығының бәрше корсеткишлери туўрысында маклыўмат алады ҳәм бул маклыўматлар жәрдеминде хожалық ҳәм оринаналық хызметти басқарыўды тәртипке салыў ҳәм басқарыў мүтәжликлерин толық қандырады

Анық мағылўматлар ҳәм көрсеткишлерден туўры пайдаланыў ислеп шығарыўды нәтийжели басқарыўдың зәрүр формасы есапланады олардан ислеп шығарыў нәтийжелилигин асырыў ушын ислеп шығарыўдың керили ҳәм күшсиз тәреплерин анықлаўға имкан беретуғын поручение сыпатында да пайдаланыў мүмкин.

Фермер хожалықларында туўры нөлка қайылсан есабат өним сатыў ҳәм оринанслық қаржылардың, ҳәрекети үстикен тез қадағалаў өрнатыўға имканият жаратады , узақ мүддети келешекте болса қарыз алыў ҳәм кредитлер ашыўға жәрдем береди. Ол өним ислепшыкарыў ҳәм оған сарлланған қәрежетлерди өз ара салыстырыўға, қәрежетлер қылыў зәрүр болсан шәраятта болса талап қылынып атырған өзгерислерди тезде киритиўге жәрдем береди мәселен шарўа маллары сүт ислеп шығарыўда азық-аўқатлар сапасы ҳәм қуны және де шарўашылық өнимлери қуне менен биргеликте шарўа малларының өнимдарлығы туўрысындағы есап мағлыўматларын анализ етиў тийкарында технологияға өзгерислер киритиў мүмкин. Егер есап-китап тийкарында маклыўматлар анализы ислеп шығарыў усылларының өзгериўин мақсетке муўапық деп тапса, ислеп шығарыў усылларына қысқа мүддетте өзгерттириў киритиў мүикин.

Шарўа бас саны ҳәрекети, товарларды қабал қылыў ҳәм жөнетиў, сандай-ақ олардан фермарда пайдаланыў кәби мағлыўматларды есапқа алыў пүткил фермер хожалығы исин қадағалаў астында, услап турыў имканиятын береди.

Салық төлеўлери бойынша қарызларды анықлаўға имкан беретуғын дәраматлар ҳәм жоғалыўларды есапқа алыўды туўры жолға қайыў басқарыў

мақсетлерине – улыўма алғанда кәрхана хызмети үстинен қадағалаў ушын да ислеплиўи мүмкин Егер бул маклыўматлар бир қатар басқа көрсеткишлер менен толтырылса, ол ҳалда ферма тәрепинен орынланатуғын ҳәр бир хызмет түриниң салыстырмалы дәраматлылығын баҳалаў ушын имканият жаратылады

Фермер хожалықларында ҳәр қандай есап системасын ислеп шығыўда еки зәрүр өлшемге тийкарланыўы лазым маклыўматларды атап өтиўдиң үәиликсизлигин тәмийнлеў ҳәм өнимлерден компьютерде пайдаланыў ушын дүзетиўлер киритиў аңсат болыўын тәлшийинлеў

Ири шақылы қара маллар, қайлар ҳәм басқалар туўрысындағы маклыўматларды жүдә кеңирек атап өтиў талап қылынады.

Шарўа малларының бас саны олардың жасы ҳәм жынысы сондай-ақ гөш яки сүтке мөлшерленгенлиги, селекция хызмети, базы ҳалларда балса ҳәмиледарлығын есапқа алған ҳалда атап өтилиўи лазым

Фермада шарўа маллары бас саны туўылыў, сатып алыў , олордың өлиўа ҳәм сатылыў мүнәсибети менен тез- тез өзгерип турады. Жақсы жолса қайылған есап- китап шәраятында шарўа маллары бас саны туўысындаға жыл ақарындағы маклыўматлар жыл басындағы макддўматлар менен сәйкес келиўи зәрүр әҳмийетке ийе

Мысал. Фининс жылының басында фермер 160 бас ири шақылы қара мал ҳәм 286 бас қайға ийе еди. Жыл ақырында болса бул көрсеткишлер муўапық рәўшите 175 ҳәм 284 ке тең болды. Жыл даўамында ол 5 бас ири шақылы қара мал ҳәм 45 бас қай сатып алды 99 бас бузаў ҳәм 165 бас қозы туўылды 3 бас бузаў ҳәм 12 бас қозы өлди 86 бас ири шақылы иара мал ҳәм 182 бас қой сатылды. Шарўа маллары байынша мағлыўматлар акти 2.3.1. табл корсетилген

Кесте -2.3.1

Фермердиң пайда айланбасы

| Көрсеткишлер | Ири шақылы қара мал | Қойлар |
|---|---|---|
| Жыл басындат шарўа маллары бас саны | 160 | 268 |
| Сатып алында | 5 | 45 |
| Туўылды | 99 | 185 |
| Жәми | 264 | 498 |
| Сатылды | 86 | 182 |
| Өлди | 3 | 12 |
| Жәми | 89 | 194 |
| Жыл ақырындағы шарўа маллары бас саны | 175 | 304 |

Жақарыда атап өтилген информацияларға ийе болыўы ҳәм фермер хожаалықларында шарўа маллары бас санының өзгериўй менен байланыслы тийкарғы көрсеткишлерди есапқа алыў ушын

- фермер хожалығында шарўа маллары бас санының айлық айланысыи есапқа алыў дәптаршеси
- азық- аўқат келип түсиўин ҳәм сарпларды есапқа алыў дәптершеси
- егинлер бойынша ҳасылдарлық ҳәм қәрежетлерди есапқа алыў дәптершеси
- товар жеткизип бериўиглер тәреплинен жиберилген ҳүжжетлерге байланыслы болсаи маклыўматлар дәстүри
- фермер хожалықларында сатылып атырған товар өними бөйынша есапты дүзлў дәстүрлери
- фермердиң ис жүресинен алып баратуғын жазыўлар дәптери усынылмақта.

Фермер хожалығы баслығы жақарыдағы усынылкан дәптерлерге өз ўақтында тийисли жауыўларды атап өтиў нәтийжасинде хожалықтың ислеп шығарыў ҳәм финанслық хызмети туўрыснда зәрүр информацяларды алады жәнен де олар нәтийжесинде фермер өз хожалығын нәтийжели басқарыў имканияты туўылады.

Атап өтиў 2.3.2. кестеде көрсетилген формада жүргизилиўи мүмкин ҳәм ол ҳәр ай талтырылып барылыўы керек.

Кесте -2.3.2

Шарўа маллары бас санын айлық есапқа алыў

| Ай | Ири шақылы қара мал | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Ай ба-сында** | **Туўыл ыў** | **Сатып алыў** | **Жәми** | **Сатыў** | **өлиў** | **Ай ақы-рында** |
| Январь | 160 | 12 | - | 172 | 10 | 1 | 161Әүә |
| Февраль | 161 | 13 | - | 174 | 11 | - | 163 |
| Март | 173 | 11 | 1 | 185 | 10 | 1 | 174 |
| Декабрь | 172 | 8 | 1 | 181 | 5 | 1 | 175 |

Тийисли шарўа маллары бас саны өртасында от-жем азық- аўқатлары (пийшен х, т, б, ) қәрежетлерин бөлистириў ушын төменде көрсетиплген усыллардың биринен пайдаланыў мүмкан. Буның ушын анық есап таслыўматлары зәрүр болып, ҳәр бир топар бойынша орташа айлық көрсеткишлерди 12 ай ушын жәми муғдарды таўып, саң оны 12 ге бөлиў жәрдеминде есаплаў мүмкин.

Бундай жақдайда фермер орташа муғдар финанс жылының тек бириниш ҳәм ақырғы күни мағлыўматлары байынша анықланғанға қарағанда өз падасы туўрысында толырақ мағлыўматларға ийе болады. Фермер шарўа маллары бас санын бундай есапқа алыў алыў нәтийжесинде азық- аўқатларды бир тегис бөлистириў ҳәм тежем керлик пенен сарплаў мүмкин.

Азық-аўқат әдетте шарўашылық пенен байланыслы болсан тийкарғы қәрежетлер саның ушын оннан пайдаланыў үстинен пуқта қадаталаў орнатыў лазым. Азық –аўқат сарпларын есапқа алыў мийнет працесе ҳәм көплеп фермерлер оннан қаилыўға ҳәрект қылады. Бул болса нәтийжеликтиң пәсеитиўине ҳәм тийисли шарўа топарлары ортасында азық- аўқатларды бөлистириўде қыйыншылықларға алып келеди. Шарўа маллары топарлары ҳәм азық-аўқат түрлери қаншалық көп болса машқала соншалық көп болады

Фермада сатып алынатуғын ҳәм ислеп шығарылатуғын бәрше азық-аўқатларды анық есапқа алыў жолға қайылған болыўы керек. Егер сатып алынған омухта жемниң ҳәр бир түри бирде бир шарўа топарына

мөлшерленген болса, ол ҳалда бул тийисли азық-аўқатқа болған мүтәжлерди анықлаўды аңсатластырады.

Азық-аўқатларды есапқа алыў жүритилип атырғанда ферма хызметкерлери тәрепинен әмелге асырылып атырған жазыўлар имкан барынша минимумға келтирилмеўи керек. Бул қәтелерге жол қоймаслыққа жәрдем береди. Егер азық-аўқат араласпасы тиккелей фермада таярланса, ол ҳалда төмендеги усылдан пайдаланыў мүмкин. Азық-аўқат араластырылатуғын имаратта ҳәр бир ингредиент мәлим жайға жайластырылады ҳәм ол жерге үлкен ҳәрип пенен доска орнатылады. Ол этикет болып хызмет қылады, ҳәр бир түр араласпаға да ҳәрип яки номер бириктириледи. Исши ингредиентлерди миксерге салады, бирақ моторды жағыўдан алдын ол арнаўлы тахташаға араласпа номери ҳәм оның улыўма массасын жазып қояды. Бул тахташа көринеди жайға иске түсириў клавишасы менен бирге асып қойылған болыўы керек. Кейин ол сәнени жазады ҳәм қол қояды, ҳәммеси болып ң әпиўайы белгилеў, бирақ олар кейин ала бәрше пайдаланылған ингредиентлер муғдарын тезде есаплаўға имкан береди.

# III-БАП. АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫНДА ФЕРМЕР ХОЖАЛЫҚЛАРЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫҢ ТИЙКАРҒЫ БАҒДАРЛАРЫ ҲӘМ ПЕРСПЕКТИВАЛАРЫ

## 3.1. Республика фермер хожалықларын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў процесслери анализи

Барлық еллерде аўыл хожылығы материаллық өндирисиниң қурамалы тармақларынан бири болып есапланады. Экономиканың басқа салалары сыяқлы аўыл хожалығы ҳәм улыўма экономикалық нызамларға бойсынады ҳәм раўажланады. Усының менен бирге бул тармақта өним жетистириў өзине тән характерлерине, ең биринши жер, суў ҳәм тәбият пенен байланыслы болып, мәўисимли характерде екенлиги, өним жетилистирилетуғын майданлардан социаллық ҳәм өндирис инфраструктурасы бөлимшелериниң узақта жайласқанлығы ҳәм тармаққа тән басқа түрли характерлери себепли улыўма экономикалық нызамлардың аўыл хожалығы саласында әмел қылыўы айрықша айрылып турады.

Республикамыз аўыл хожалығында әмелге асырылып атырған экономикалық сиясат базар экономикасына өтиў дәўиринде, ең биринши, тармақ раўажланыўын мәмлекетимиз экономикасында артықмаш бағдар сыпатында белгилеп, тармаққа тән болмаған шөлкемлестириўшилик, ҳуқықый ҳәм экономикалық тийкарлар бойынша нормативлик ҳүжжетлерди ислеп шығыў жәнеде әмелиятқа енгизиўди баслы мәселе етип қойды.

Усы көз-қарастан алғанда, магистрлик диссертацияда еркин исбилерменлик, өз мүлкине толық ийелик етиў, сапалы өним жетилистириў негизинде жоқары дәрамат ҳәмде материаллық мәпдарлыққа ийе болған мүликке ийе дийханлар классы - фермер хожалықларын шөлкемлестириў ҳәм турақлы раўажландырыўдың объектив зәрүрлигин белгилеўши тийкарғы факторлар комплекси теориялық ҳәм әмелий жақтан тийкарлап берилген.

Хожалықта еркин мийнет, ғәрезсиз басқарыў ҳәм режелестириў, меншик мүлк, жоқары дәрамат ҳәм мәпдарлық сыяқлы системалардың өз-ара жәмлесиўи фермер хожалықлары жумысларының тийкарғы тәреплери болып, ол аўыл хожылығында өндиристиң турақлы өсиўин тәмийнлейди ҳәм

нәтийжели басқарыўға әмелий жәрдем береди. Фермер хожалығы ең алды менен дийханда өз мийнетиниң анық нәтийжесине жоқары миннетлеме ҳәм жуўапкершилик сезими арқалы қатнасық тийкарында шөлкемлестириледи.

АҚШ, Германия ҳәм Нидерландия мәмлекетлериниң фермер хожалықлары, сондай ақ, кейинги жигирма жыл ишинде экономикалық реформалар нәтийжесинде экономикалық өсим жоқары болып атырған ҚХР мәмлекетиниң аўыл хожалығы үйренилди. Усы мәмлекетлердиң ишки ҳәм сыртқы базарларына аўыл хожалық өнимлерин жеткизип бериўде фермер хожалықларының (ҚХР мәмлекетинде шаңарақлық кесип алыўшы - мүлк ийеси дийхан) үлеси жоқары болса, халықтың аўыл хожалығында мийнет етип атырған бөлеги жылдан жылға кемейип атырған жағдайда керисинше, хызмет көрсетиўши инфраструктура субъектлеринде жумыс пенен бәнт халықтың үлеси көбеймекте.

Усы мәмлекетлердиң аўыл хожалығы тармағы раўажланыў басқышларын анализ нәтийжелери республикамыз фермер хожалықларында төмендеги бағдарлардың ҳуқуқый ҳәм экономикалық механизмлерин базар принцплери тийкарында жетилистириўди билдиреди: аўыл хожалығы товар өними ислеп шығарыўшылар, таярлаў, қайта ислеў, сатыў ҳәм хызмет көрсетиў инфраструктура субъектлери ортасында өз ара иқтиярлылық, материяллық мәпдарлық ҳәм экономикалық шериклик тийкарында кооперация қатнасықларын түрлендириў; аўыл хожалығы өнимлерине мәмлекет мүтәжликлери ушын сатыў режелери (квота) белгилеўде тек ишки базар ғана емес, бәлки жәҳән базарындағы талап ҳәм усынысты есапқа алған ҳалда режелестириў; тармақты финансластырыў ҳәм кредитлеў системасын жетилистириў тийкарында аўыл хожалығы өнимлер жетистириўдиң экономикалық нәтийжелигин тәмийнлеў ҳәм товар өндириўшилердиң материяллық мәпдарлығын асырыўға ерисиў; аўыл хожалығы ҳәм санаат өнимлерине белгиленетуғын баҳалар өзгериўшеңлиги үстинен мониторинг алып барыў ҳәм олар ортасындағы қарама-қарсылықты тәмийнлеў; аўыл хожалығы егинлери түрин ғәрезсиз таңлаў ҳәм жайластырыў еркинлигин тәмиийнлеў; пән-техника жетискенликлерин өндириске енгизиўде

экономикалық хошеметлеў тийкарында инновациялық белсендиликти раўажландырыў; аўыл хожалығындағы актуаль бағдарлар бойынша илимий - изертлеў жумысларын финансластырыўды жетилистириў ҳәм тағы басқалар.

Фермер хожалықларын пайда етиў ҳәрекетин раўажландырыў бойынша республикамызда 1991-жыл 29-декабринде биринши мәрте Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Дийхан (Фермер) хожалықларын жәнеде беккемлеў ҳәм Республикада исбилерменлик ҳәрекетин мәмлекет тәрепинен қоллап - қуўатлаў хаққында»ғы пәрманы ҳәм усы пәрманға муўапық 1991-жыл 30-декабринде Министрлер Комитетиниң №315-санлы «Республикада дийхан (фермер) хожалықларын жәнеде раўажландырыў ҳәм беккемлеў шаралары хаққында»ғы қарары қабыл қылынды. Усы қарарға байланыслы республика бойынша 200,0 мың гектар арнаўлы жер фонды фермер хожалықларын шөлкемлестириў ушын ажратылды. 1992 жыл август айында болса Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси тәрепинен фермер хожалықларын ҳуқуқый тийкарларын өзинде улыўмаластырған «Дийхан хожалығы туўрысында»ғы Нызам, 1998 жыл апрель айында «Фермер хожалығы туўрысында»ғы Нызам ҳәм соның менен бирге бир неше нызамлар қабыл етилди.

Республика бойынша 1990-2004-жыллар ишинде фермер хожалықларын пайда етиў ҳәм раўажландырыў процесслери толық анализ етилип, олар шәртли рәўиште 4 басқышқа бөлинди.

Биринши басқыш (1990-1991 жыллар) - 1991 жыл 29 - декабринде Өзбекистан Республикасы Президентиниң «Дийхан (Фермер) хожалықларын және де беккемлеў ҳәм республикада исбилерменлик жумысын мәмлекет тәрепинен қоллап - қуўатлаў туўрысында»ғы Пәрманы, 1991 жыл 30 декабринде болса Министрлер Кабинетиниң №315 - санлы «Республикада дийхан (фермер) хожалықларын жәнеде раўажландырыў ҳәм беккемлеў илажлары ҳаққында»ғы қарарына тийкарынан фермер хожалықлары жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик хожалықлары қарамағындағы жерлерде ишки ижара тийкарында, аўыл хожалығында жаңа мүлик ийеси класс сыпатында өз жумысын баслады. Бул басқыш республикамызда фермер хожалықларын пайда

етиў ҳәм раўажландырыўға қаратылған дәслепки ҳуқықый-нормативлик ҳүжжетлерди қабыл етиў менен ажыралып турады.

Екинши басқыш (1992-1996жыллар)-фермер хожалықларын пайда етиў ҳәм раўажландырыў менен байланыслы процесслер, қатардан «Дийхан хожалығы туўрысында» ғы нызамның қабыл қылыныўы, аўыл хожалығында мәмлекет хожалықларын мәмлекет қарамағынан шығарылыўы, жәмийет шарўашылық фермаларын жеделестириў ҳәм ким-асты саўдасы арқалы сатыў жыйынлары басланыўын өз ишине алады. Бул басқыш экономиканың аўыл хожалығында түрли мүликшилик ҳәмде хожалық жүритиў түрлерин раўажландырыў басланғанлығы менен тәрийпленеди.

Үшинши басқыш (1997-2000-жыллар) - фермер хожалықларын аўыл хожалықларында артықмаш хожалық жүргизиў түри сыпатында раўажланыўы гүзетилип, бул жыллар Республика дийхан ҳәм фермер хожалықларын қоллап – қуўатлаў фондын шөлкемлестириўи, «1998 – 2000-жылларда аўыл хожалығында экономикалық реформаларды тереңлестириў бағдар»ын, аўыл хожалығында түрли мүлкшилик ҳәм хожалық жүргизиўди раўажландырыўға қаратылған хуқықый - норматив ҳүжжетлер, соның менен бирге «Фермер хожалығы кооперативы (ширкет хожалығы) туўрысында», «Жер кодекси» сыяқлы нызамлардың қабыл қылыныўы ҳәм фермер хожалықларын жәнеде раўажландырыўды қоллап – қуўатлаўға қаратылған шара - илажлар комплексиниң әмелге асырылғанлығы менен айрылып турады.

Төртинши басқыш (2001-жылдан баслап ҳәзирги ўақытқа шекем) - республикамыз аўыл хожалығында фермер хожалықларын артықмаш бағдар сыпатында турақлы раўажландырыў бағдарлардын қабыл қылыў менен түсиндириледи. Бул басқыш Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2003 жыл 24 мартындағы №ПФ-3226-санлы «Аўыл хожалығында экономикалық реформаларды тереңлестириўдиң ең әҳмийетли бағдарлары ҳаққында» ҳәм 2003 жыл 27 октябринде №ПФ-3342-санлы «2004-2006 жылларда фермер хожалықларын раўажландырыў концепцияси ҳаққындағы» Пәрманлары, Министрлер Кабинетиниң 2002 жыл 5 январдағы №8-санлы «Аўыл хожалығы кәрханаларын фермер хожалықларына айландырыў илажлары ҳаққында»,

сондай-ақ, 2003 жыл 30 октябрдағы №476-санлы «2004-2006 жылларда фермер хожалықларын раўажландырыў концепциясын әмелге асырыў илажлары ҳаққында» ҳәм 2004 жыл 24 декабрында №607-санлы «2005-2007 жылларда фермер хожалықларын жедел раўажландырыў илажлары ҳаққында»ғы қарарлары, жаңа редакциясы «Фермер хожалықлары ҳаққында»ғы нызам сыяқлы келешекли ҳүжжетлердиң қабыл етилгенлиги менен өз алдына ажралып турады. Бул басқышта зыян көрип әмелият жүритип атырған ширкет хожалықлары орнында фермер хожалықларын пайда етиў, аўыллық жерлеринде финанс, кредит, банк, салық, қамсызландырыў, агросервис хызметин көрсетиў бөлимлери дүзилисин өзишине алған базар инфраструктурасы субъектлерин жәнеде раўажландырыў жыйынлары ислеп шығылып, әмелиятқа енгизилмекте.

Анализлердиң көрсетиўинше, Республика бойынша 1993-2013 жылларда фермер хожалықларының егин майданы ҳәм жалпы өним муғдары асып бармақта (2-кесте). Атап айтқанда, усы жылларда тийкарғы егин түри сыпатында гүзги бийдай ҳәм пахта егинлериниң майданы 58,1 ҳәм 233,2 мәрте, өнимдарлығы болса 2,1 ҳәм 1,2 есеге өсиўи жағдайында товарлардың жалпы өними сай рәўирште 124,9 ҳәм 290,2 мәртеге көбейди. Усы унамлы өзгерислерди аўыл хожалығының басқа егин түрлери мысалында да көриўимиз мүмкин. Бирақ, фермер хожалықларында аўыл хожалығы егинлериниң өнимдарлығын салыстырғанда пәс көсеткишлерде өсип атырғанлығы себепли жалпы өним тийкарынан егин майданларын кеңейиўи есабына көбеймекте. 2013-жылда фермер хожалықларының босақлы дән егинлери майданы ҳәм оның жалпы өнимин ҳәр бир аймаққа бәрше түрдеги хожалықларға салыстырғанда анализ қылғанымызда, ол Жиззақ ўәлаятында 87,8 – 95,5%, Сырдарья ўәлаятында 82,3 – 81,8%, Қашқадарья ўәлаятында 51,4 – 67,1%, Қарақалпақстан Республикасы ҳәм қалған бәрше ўәлалаятларда орташа 16,4%тен 67,1%ти пайда еткен болса, пахта майданы ҳәм жалпы өниминде фермер хожалықларының үлеси Жиззақ ўәлаятында 85,0 – 98,9%, Сырдарья ўәлаятында 82,1 – 91,5 %, Қарақалпақстан Республикасы ҳәм басқа ўәлаятларда сай рәўиште 16,2 %тен 69,9 %ге шекем шөлкемлестирмекте.

Нәтийжеде республика бойынша жетилистирилип атырған жалпы аўыл хожалығы өнимлери көлеми ҳәм фермер хожалықларының үлеси көбеймекте. Сол қатардан, усы көрсеткиш 1995-жылда 2,5 %ти шөлкемлестирген болса, 2000-жылда 5,1, 2002-жылда 10,0 ҳәм 2013-жылда 18,6 %ти пайда етпекте. Усы жағдайды Қаралпағыстан Республикасы ҳәм ўәлаятлар бойынша анализ қылатуғын болсақ, 1995-жылда ең жоқары көрсеткиш Сырдарья, Жиззақ ҳәм Сурхандарья ўәләятларында 3,0; 5,5 ҳәм 7,1%ти шөлкемлестирген болса, 2013-жылда Жиззақ ўәләятында 39,8, Сырдарья ўәләятында 38,8, Қарақалпағыстан Республикасында 32,2, Қашқадарья ўәләятында 30,3 Бухара ўәлаятында 19,8 ҳәм Сурхандарья ўәлаятында 15,9%ти шөлкемлестирди.

**3.1.1-кесте**

**Республика бойынша фермер хожалықларында аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўдиң дәрежеси**

| | Гүзги бийдай | Салы | Пахта | Сабзабот | Картошка | Мийўе | Жүзим | Палыз |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Аўыл хожалығы егинлериниң майданы, мың гектар** | | | | | | | | |
| 1993 ж.[x] | 12,3 | 2,7 | 3,4 | 0,8 | 0,3 | 4,7 | 2,9 | 0,7 |
| 1997ж. | 87,1 | 11,2 | 105,8 | 5,2 | 1,5 | 4,4 | 5,0 | 3,2 |
| 2000ж. | 209,1 | 29,9 | 299,2 | 8,4 | 2,6 | 14,4 | 7,0 | 6,6 |
| 2001ж. | 248,5 | 7,7 | 333,5 | 10,3 | 2,4 | 17,5 | 7,4 | 6,8 |
| 2002ж. | 368,4 | 15,0 | 463,9 | 10,5 | 2,1 | 22,0 | 8,8 | 8,8 |
| 2009ж. | 577,5 | 47,7 | 573,0 | 17,0 | 2,2 | 27,3 | 10,6 | 15,3 |
| 2013ж. | 715,1 | 20,0 | 792,8 | 19,1 | 3,3 | 37,8 | 16,3 | 14,6 |
| 2013 жыл 1993 жылға салыстырғанда, мәрте | 58,1 | 14,8 | 233,2 | 23,9 | 11,0 | 8,0 | 5,6 | 20,9 |
| **Аўыл хожалығы егинлериниң пайдалылығы, ц/га** | | | | | | | | |
| 1993 ж.[x] | 16,8 | 22,2 | 19,0 | 116,3 | 103,3 | 5,3 | 28,9 | 107,1 |
| 1997ж. | 21,0 | 26,4 | 21,2 | 130 | 105,4 | 32,0 | 34,1 | 86,4 |
| 2000ж. | 25,4 | 19,9 | 18,9 | 156,9 | 112,0 | 36,9 | 56,3 | 98,3 |
| 2001ж. | 28,0 | 17,7 | 21,8 | 170,2 | 121,7 | 39,2 | 53,7 | 101,1 |
| 2002ж. | 38,4 | 26,5 | 20,2 | 188,5 | 129,5 | 42,3 | 45,7 | 107,8 |
| 2009ж. | 33,8 | 30,5 | 18,6 | 206,1 | 135,4 | 34,3 | 31,1 | 115,6 |
| 2013ж. | 35,4 | 28,1 | 23,4 | 173,2 | 123,0 | 46,4 | 47,4 | 125,4 |
| 2013 жыл 1993 жылға салыстырғанда, мәрте | 2,1 | 1,3 | 1,2 | 1,5 | 1,2 | 8,8 | 1,6 | 1,2 |

**Дерег: х) Аўыл ҳәм суў хожалық министрлиги мағлыўматлары негизинде.**

Егерде 1995-жылда фермер хожалықларының үлеси өсимгершилик тармағының жалпы өним көлеминде (ағымдағы баҳаларда) 2,8% ҳәм шарўашылық тармағында 2,1% пайда қылған болса, 2000-жылда сай рәўиште 10,0 ҳәм 1,6 2002-жылда 17,8 ҳәм 2,0 2009-жылда болса 32,9 ҳәм 2,6% лерди

ямаса сол дәуир ишинде фермер хожалықларында дийханшылық өнимлерин жетилистириў улыўма 11,8 мәртебеге көбейген ҳалда шарўашылық өнимлерин жетистириў бойынша салмағы бар жоғы 23,8%ге көбийген.

Республика бойынша 1995-жылда фермер хожалықлары жалпы аўыл хожалық өнимлериниң тийкарында (усы бахаларда) сол қатардан дән ийелери 3,7%, пахтада 2,6 картошка палыз ҳәм гешир бул жерде 3,0, мийўеде 1,7% ти; шарўашылық өнимлери бойыша болса 2,1%, соның ишинде, гөш өнимлери бойынша 2,7, сүт 2,0, жүн ҳәм мәйек өнимлери сай рәуиште 1,4 ҳәм 0,4%ти ийелеген болса 1996-2013-жылларда дийханшылық өнимлерин жетистириўге қәнигелескен фермер хожалыкларын шөлкемлестириў көбейип, ал керисинше, шарўашылық өнимлерин жетистириўге қәнигелескен фермер хожалықларының саны кемейип баратырғанлығы нәтийжесинде дийханшылық өнимлери бойынша фермер хожалықларының үлеси 3,6%тен 32,9%ге яки 9,1 мәртеге, сол қатардан дән, егинлери 4,5%тен 40,8%ге, пахта 4,7%тен 51,7%ге асған халда гөш ислеп шығарыў 2,2%тен 2,6%ге шекем, сүт өними болса 1,6%тен 2,2%ге шекем көбейип, салыстырғанда пәс дәрежеде шөлкемлестирмекте.

Фермер хожалықлары қарамағындағы суўғарылатуғын аўыл хожалығы майданларының тийкарғы бөлиминде мәмлекет зәрүрлиги ушын алынатуғын егин түрлери - масақлы дән ҳәм пахта егиледи. Соңғы жылларда фермер хожалықларында усы егинлер моллығы ширкет хожалықлары көрсеткишлерине салыстырғанда жоқары бөлмақта. 2013-жылда фермер хожалықларында масақлы дән егинлери майданы 750,9 мың гектар, жалпы өним муғдары болса 2633,1 мың тоннаны яки бәрше түрдеги хожалықларға салыстырғанда сай рәуиште 48,5 ҳәм 46,9%ти ийелеген халда егинлер моллығы орташа 35,4 ц/ганы шөлкемлестирип, ширкет хожалықларындағы көрсеткишге салыстырғанда орташа 16,3 центнерге шекем жоқары болмақта.

Сондай-ақ, жәми пахта егин майданында фермер хожалықларының үлеси 54,5%ти, жалпы өнимде болса 51,7%ти шөлкемлестирген халда егинлер моллығы 23,4центнер, ширкет хожалықларындағы көрсеткишге салыстырған болса орташа 5,1 центнерге шекем жоқары болмақта.

Фермер хожалықларында аўыл хожалығы егинлери өнимдарлығын асырыў ушын төмендеги перспективалық илаж әмелге асырылыўы усыныс етиледи: 1). Масақлы дән ҳәм пахта егинлерин топырақ өнимдарлығының дәрежеси пәс, шорланған, мелиоративлик жағдайы жаманласқан жерлерге орналастырмаў ҳәм усындай тайпадағы жерлерде илимий тийкарланған алмаслап егиў системасын толық енгизиў; 2). Агро-техникалық иләжларын өз мүддетинде ҳәм белгиленген сапа дәрежесинде өткерилиўин тәмийнлеў ушын фермер хожалықларының материяллық-техникалық қуралларына болған талабын толық қандырыў; 3). Фермерлерди топырақ өнимдарлығын ҳәм егинлер зүрәтлилигин асырыў жәнеде сыпатын жақсылаўға болған материяллық мәпдарлық ҳуқуқларына кепиллик бериў ҳәм дийханларды буған исендириў.

Фермер хожалықларының басшылары өз хожалықларында қәнигелестириў ҳәм шәртли өлшемде товар жеткериў жобасын анық белгилеген жағдайда ғана жоқары экономикалық нәтийжелерге ерисиўи мүмкин. Республикамыз аймақларының географиялық жайласыўы, тәбийий ықлымы, суў тәмийнлениўи, экономикалық ислеп шығарыў жағдайы, жергиликли халықтың менталитети ҳәм басқа шараятларын есапқа алып, фермер хожалықларын аўыл хожалығы салалары бойынша қәнигелесиўиниң тийкарғы бағдарлары ислеп шығылды.

Фермер хожалықларында қайсы түрдеги товар жетилистирилиўи есапқа алған ҳалда шәртли өлшемди анықлаў - өндирис процессинде материаллық - техникалық қураллары ҳәм басқа ресурслардан нәтийжели пайдаланыўдың улыўмаластырылған түри есапланып, ең алды менен сыпатлы, көп ҳәм арзан товар жеткерип бериў, материаллық мәпдарлық, өз - өзиниң қәрежетлерин қаплаў ҳәм финансластырыў ҳәм принцплери тийкарында хожалық жүритилиўине имкәнят жаратады.

Анық болғаны сыяқлы, фермер хожалықларына ажратылған жер майданларының тийкарғы қурамында пахта ҳәм масақлы дән егинлери тәрбияланады. Усы жағдайды есапқа алып, республикамыз бойынша суўғарылатуғын жер майданы ҳәм аўыл хожалығында бәнт халық ҳәркыйлы болған аймақларда жумыс алып барып, масақлы дән жетистириўге қәнигелескен 28355 ҳәм пахташылыққа қәнигелескен 22829 фермер

хожалықларының 2002-2013 жыллардағы егин майданы ҳәм зүрәәтлик көрсеткишлери топарларға бөлинип, анализ етилди. Анализ нәтийжелери фермер хожалықларында масақлы дән егин майданы 20,1 – 40,0 гектар, пахташылықта болса 40,1 – 60 гектарды көсеткендегиге қарағанда жоқары зүрәәтлиликке ерисилиўин көрсетти. Топарлаў мағлыўматлары тийкарында шәртли өлшем сыпатында орташа 40 гектар жер майданына ийе болып, пахта, ғәлле ҳәм азық аўқат егинлери жетистириўге қәнигелескен фермер хожалықларының экономикалық нәтийжелилик дәрежеси есаплап шығылды. Фермер хожалығы өз жеринде алмаслап егиўди жолға қойған ҳалда жәми майданның 15,2 гектарында (38 %) пахта, 16 гектарында (40 %) бийдай ҳәм 8,8 гектарында (22 %) азық - аўқат егинлерин жайластырыўы усыныс етиледи.

## 3.2. Шарўашылыққа арналған фермер хожалықларының раўажландырыўбағдарлары

Шарўашылық өнимлерин жетистириўге экономикалық фермер хожалықларын раўажланыў пәти пәс дәрежеде сақланып қалмақта. Республикада аймақларының географик жайласыўы, тәбиий – климаты, суў тәмийнлениўи ҳәм азықлы егинлериниң қурамын есапға алып, төмендеги аймақлар бойынша шарўашылықға қәнигелескен фермер хожалықларын раўажландырыў усыныс қылынады: биринши аймақ – суўғарылатуғын жерлерде, сол қатардан пахта ҳәм ғәлле жетистирилетуғын ҳәмде қала әтрапында жайласқан аймақларда сүт-гөш жетистириўге қәнигелескен; екинши минтақа – суўғарылатуғын ҳәм шәртли суўғарылатуғын жерлерде жайласқан (таў алды, лалми, жарты - шөл жерлер) аймақларда тәбиий азық аўқат базасына ийе болып, сүт - гөш ҳәм гөш, қарақөлшилик өнимлерин жетистириўге қәнигелескен; үшинши регион - тәбиий азықлы егинлери бар болмаған ярымшөл ямаса таў аймақларда гөш ҳәм қарақөлшилик өнимлерин жетистириўге қәнигелескен.

Шарўашылық өнимлерин ислеп шығарыўға қәнигелескен фермер хожалықлары ушын суўғарылатуғын аймақларда ҳәр бир шәртли мал бас саны есабына ең кеминде 0,30 ға суўғарылатуғын жер майданы ажратылыўын есапға алып, төмендеги жөнелисте қәнигелескен фермер хожалықларының алтарнатив өлшемлери ислеп шығылды: 1. Сүт ҳәм гөш ислеп шығарыў ҳәмде жас малларды өсириў (3.2.1-кесте) ;2. Сүт ислеп шығарыў ҳәм малларды өсириў; 3. Жас малларды өсириў.

Дийханшылық өнимлерин өндириўге қәнигелескен фермер хожалықларын шөлкемлестириў бойынша ислеп шығылған ҳәм усыныс қылынып атырған алтарнатив өлшемлер системасы республикамыздың аўыл хожалығында пайдаланатуғын жер майданларынан жәнеде нәтийжели пайдаланыў тийкарында сыпатлы ҳәм арзан өним жетистириў ҳәмде жоқары пайда алыўға шараят жарататуғын керекли бәсеке сыпатында қолланылыўы мүмкин.

Белгили, 1999-жылдан баслап өз жумысын зыян менен жуўмақланған жәмәат хожалықлары тарқатылып, олар негизинде фермер хожалықлары

шөлкемлестирилген болса, салыстырғанда экономикалық беккем жәмәат хожалықлары 1998-жыл август айында қабыл қылынған «Аўыл хожалық кооперативи (ширкет хожалығы) ҳаққында»ғы Нызамға муўапық ширкет хожалықларына айлантырылды. Бырақ, ширкет хожалықлары өз жумысында нызамда белгиленген тәртипте ағзаларының ширкет мүлкине, жерине, жетистирилип атырған өнимниң сыпатын ҳәм муғдарын асырыўға болған материалық мәпдарлықларын тәмиийнлемеди яки мүлк ҳәм жер пайына болған ширкет ағзалары әмелде ширкеттиң мүлкдар ийеси сыпатында ис жүргизе алмады.

Фермер хожалықларында бар жер, мүлк ҳәм жетистирилген өнимге ийелик ҳәмде еркин мийнет қылыўға болған мүтәжликтиң жоқарылығы пәс рентабеллы ҳәм зыян менен ислетилип атырған ширкет хожалықлары орнында да фермер хожалықларын шөлкемлестириўди зәрүр қылып қоймақта.

Сол себепли, ширкет хожалықлары негизинде фермер хожалықларын шөлкемлестириў арқалы тармақ нәтийжелилигин асырыў ҳәм аўылда ҳақыйқый мүлкдарлар қатарын көбейттириў бүгинги күнде баслы бағдарлардан есапланып, өткен дәўир ишинде сол мәселениң шөлкемлестириўшилик, экaномикалық ҳәм ҳуқықый тыйкарларын пайда етиўши исбилерменлер комплекси ислеп шығылды.

3.2.1-**кесте**

**Сүт гөш ислеп шығарыў ҳәм де жас малларды өсириўге қәнийгелескен фермер хожалықларының шәртли өлшемлери.**

| Көрсеткишлер | өлшем бирлиги | 30 шәртли мал бас саны ушын | 40 шәртли мал бас саны ушын | 50 шәртли мал бас саны ушын |
|---|---|---|---|---|
| Мал бас саны, жәми | бас | 40 | 52 | 65 |
| Азық-аўқат егинлери ушын талап етилетуғын жер майданы | Га | 9 | 12 | 15 |
| ш.ж. орташа бир шәртли мал бас саны ушын | Га | 0,30 | 0,30 | 0,30 |
| | мың сўм | 13440,0 | 17494,0 | 21780,0 |
| ш.ж.:сүт | мың сўм | 6750,0 | 8820,0 | 10950,0 |
| гөш | мың сўм | 6240,0 | 8044,0 | 10080,0 |
| Бузаўларға иширилген сүт | мың сўм | 450,0 | 630,0 | 750,0 |
| **Жәми қәрежетлер** | **мың сўм** | **10547,4** | **13832,0** | **17305,4** |
| Ш.ж.: ис ҳақы, жалғыз сациаллық ажратпа менен биргеликте | мың сўм | 3591,0 | 4668,0 | 5740,4 |
| Жем-хашак | мың сўм | 4707,1 | 6054,0 | 7744,0 |
| Жанылғы майлаў материаллары | мың сўм | 506,3 | 690,0 | 843,0 |
| Жумыс ҳәм хизметлер | мың сўм | 666,0 | 880,0 | 1110,0 |
| Усы ремонт | мың сўм | 200,0 | 287,0 | 375,1 |
| Урчитиш | мың сўм | 160,0 | 236,0 | 283,0 |
| Ветеринария дәри-дәрманлары | мың сўм | 217,0 | 307,0 | 363,0 |
| Басқа қәрежетлер | мың сўм | 500,0 | 710,0 | 847,0 |
| 1 центнер азық бирлигиниң тән бахасы | мың сўм | 3,9 | 3,8 | 3,9 |
| 1 центнер сүт жетистириўге сарпланған жем-хашак (оз.бирл.)тәнбахасы | мың сўм | 13,7 | 13,7 | 13,8 |
| 1 центнер салмақ өсиўи ушын сарпланған жем-хашак (оз.бирл) тәнбахасы | мың сўм | 70,0 | 58,7 | 82,9 |
| Пайда (+), Зыян (-) | мың сўм | 2893,0 | 3662,0 | 4474,6 |
| Пайдалылық дәрежеси | % | 27,4 | 26,5 | 25,9 |
| Ҳәр бир шәртли мал бас санына алынған пайда | мың сўм | 96,4 | 91,6 | 89,5 |

Ширкет хожалықлары негизинде фермер хожалықлары пайда қылыў қатнасығы менен жерлерде бар жерлерден пайдаланыў ҳәм аўыл хожалығы егинлерин жайластырыў, пайдаланатуғын жерлери болажақ фермер хожалықларына бириктириў, қайта баҳаланған товар—мүликлерин ҳәм товар-материаллық байлықларын сатыў ямаса тийисли шөлкемлер балансына өткериў, агросевис хизмет көрсетиў мекемелери хызметин жолға қойыў ҳәм өз ара есап-китап ислерин журитиў сыяқлы илажларин өз ишине алған

шөлкемплестириў, ҳуқықый ҳәм экономикалық тийкарларын жәнеде жетилистириў талап етилмекте.

Фермер хожалықлары ҳәм банк шөлкемлери ортасында өз-ара хызмет көрсетиў бойынша байланысларды жақынластырыў ҳәм беккемлеў зәрүр. Ҳәзирги күнде бурынғы щиркет хожалығы үлесинде жаңадан пайда болған фермер хожалықларының баслықлары банк пенен болатуғын финанс-кредит қатнасықларын әмелге асырыў ушын тийкарынан район орайында жайласқан банк бөлимине барыўына туўра келеди. Бул болса өз нәўбетинде ҳәр бир фермер хожалығы баслығының көп ўақтын жоғалтыўға, хожалықта орынланыўы зәрүр болған агротехникалық иләжларды өз ўақтында әмелге асырылмаўына себеп болмақта. Бизлердиң пикиримизше, республикамыз аўыл хожалығында фермер хожалықларын баслы раўажландырыў концепциясына муўапық заманагөй финанс-кредит хызмет көрсетиў системасын қәлиплестириў ушын: агросанаат комплексине сапалы финанс-кредит хызметин көрсетиўди тәмийинлейтуғын түрли мүлкшилик түрдеги банклердиң институционал орталығын жаратыў; 2010 жылға шекем аўыл аймақларында финанс-банк хызмети көрсетиў системасын раўажландырыў Бағдарын ислеп шығарыў; аўыл хожалығында замин-ипотека кредитлеў системасын енгизиў бойынша арнаўлы бағдар ислеп шығыў; аўылда кишигирим ҳәм фермер хожалықларын турақлы раўажландырыў мақсетинде кредит-кооперация бирлеспелери хызметин түрлендириў бойынша арнаўлы бағдар ислеп шығыў; коммерциялық банклери тәрепинен жер салығы ҳәм келеси өнимди гиреўге алыў тийкарында кредит ажыратыў системасын жетилистириў ҳәмде әмелятқа енгизиўди эпиўайластырыў керек.

Усы бағдарлар бойынша мақсетли бағдарларды әмелиятқа енгизилиўи: аўыл хожалығы товар өнимин ислеп шығарыўшы фермер хожалықларын финанслық пул ҳәм материаллық ресурсларға болған талапты толық қандырыўға әмелий жәрдем береди; агросаат комплексинеа тийисли болған ҳәмме хожалық субъектлерин нәтийжели хызмет көрсетиўин тәмийинлейди; аўыл хожалығында бюджеттен тысқары басқа финанслық қаржыларды тартыў тезлестиреди; банк системасын турақластырылыўы ҳәм жәнеде нәтийжели

хызмет көрсетиўин тәмийинлейди; мәмлекетде басқышпа- басқыш жер ҳәм аўыл хожалығы өнимлери базарын шөлкемлестириўдиң экономикалық ҳәм ҳуқықый механизмлерин жаратады; аўыл хожалық кәрханалары экономикасын, алдағы нәтийжеде болса мәмлекет экономикасының турақлы өсиўин тәмийинлейди.

Фермер хожалықларында суўғарылатуғын жерлерде топырақ өнимдарлығының пәсейиўи ҳәм шорланыўдың алдын алыў, суўдан өнимли пайдаланыў ҳәм де егинлер өнимдарлығын асырыў ушын төмендеги усынысларды әмелиятқа енгизиў усыныс етиледи:

-аўыл хожалығында илимий тийкарланған алмасып егиў системасын енгизиў. Алмасып егиў системасында палыз егин майданларын кеминде 20-22 пайызға жеткизиў, азық-аўқат егинлери майданды көбейттириў болса суўғарылатуғын жерлерде топырақ өнимдарлығын жақсылаў, аўыл хожалық егинлери өнимдарлығын асырыў хәм шарўашылық кәсибиниң раўажланыўын тәмийинлейди;

-республика ҳәм жергиликли бюджети, жәҳәнниң жетекши финанслық институтларының мақсетли кредитлери, бийғәрез финанс жәрдемлер ҳәм басқа фонд қәрежетлери орнына суўғарылатуғын жерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаў, хожалықлар арасында ҳәм ишки коллектор ҳәмде дренажларды тазалаў ҳәмде қайта ислеў бойынша 2010-2015 жылларға мөлшерленген арнаўлы бағдар ислеп шығыў;

-аймақлардың тәбийи-ықлым, топырақ өнимдарлығы ҳәм суў тәмийнатындағы жағдайларын есапқа алып, аўыл хожалық егинлерин жайластырыў мәселесин түптен қайта көрип шығыў ҳәм топырақ өнимдарлығы 40 балл – бонитеттен пәс болған жерлерде пахта ҳәм масақлы дән егинлери орнына имканият дәрежесинде туқымлық жоңышқа, күнгебағар, ақ жүўери, жер ғозасы ҳәм соладка (мазалы мий) егинлерин жайластырыў;

-аўыл хожалығы жерлеринен пайдаланыўшылар, жер ийелери ҳәм ижарашылардың топырақ өнимдарлығын төменлеткенликлери ушын административлик ҳәм экономикалық жуўапкершилиги ҳәм керисинше, топырақ өнимдарлығын асырғанлығы ушын экономикалық хошаметлеў

механизмлерин әмелиятқа енгизилиўи керек. Соның ушын әмелдеги «Жер кодекси»инде топырақ өнимдарлығын пәсейттирген фермер хожалықлары баслықларын жынаят ямаса административлик жуўапкершиликке тартыў ҳәм керисинше, топырақ өнимдарлығын асырғанлығы ушын экономикалық хошаметлеў тәртиплерин өз ишине алған 11 бап 82 статиясына қосымша өзгертириўлер киргизиў мақсетге муўапық.

## 3.3. Фермер хожалықларына агросервис хызметин көрсетиў инфраструктурасын раўажландырыў бағдарлары

Аўыл хожалығына агросервис хызметин көрсетиўши инфраструктура бөлимлери белгили дәрежеде қәлиплести. Республикамыз бойынша фермер хожалықларына агросервис хызметин көрсетиў ушын 2005-жыл 1-январынан баслап 185 ДАЖ МТПдан тысқары 579 алтернативли МТП, 442 банк, 516 суўдан пайдаланыўшылар бирлеспеси, 471 химя өнимлери саўдасы ҳәм 91 зооветеринария хызмети бөлимлери, 60 консалтинг орайлары жумыс көрсетпекте. Бирақ, усы инфраструктура бөлимлери фермер хожалықларының саны, қәнигелескенлиги, аймақлардың үлкен-кишилигин есапға алып емес, бәлки ҳүкимет қарарында белгиленген муғдардан келип шығып шөлкемлестирилмекте. Нәтийжеде ҳәр бир аймақта шөлкемлестирилип атырған инфраструктура бөлимлери фермер хожалықларының экономикасы ҳәм хизметлерге болған талабын толық қандыра алмай атыр.

Республика бойынша фермер хожалықлары қарамағындағы техника қураллары менен тәмийнатының дәрежеси үйренилгенде, 2013-жыл 1-январ жағдайы бойынша ҳәр 1000 гектар егин майданы есабына айдаў тракторлары 1,7 дана, культивация тракторлары 18,7 дана, транспорт тракторлары 9,8 дана, омочлар 2,2 дана, культиваторлар 10,8 дана, дән егиў сеялкалары 4,0 дана, шигит егиў сеялкалары 10,5 дана, трактор қосымшалары 21,6 дана жетиспеўшилиги есапланды (3.3.1-кесте).

Алтернативалы МТП жумысын раўажландырылыўы фермер хожалықларын агротехникалық сервис хизметлерине болған талабын бир қанша қанаатландырып, хожалықлардың нәтийжели жумыс жургизиўине тиккелей унамлы тәсир көрсетпекте. Алтернативалы МТП лардың шөлкемлестирилиўи механизация бойынша агротехникалық илажларды өткериўде фермер хожалықлары ушын таңлаў имкәнин берип, МТП лардың хожалықлар алдындағы жуўапкерлигин асырды. Бирақ, алтернативалы МТП лардағы техника кураллары сол аймақтағы фермер хожалықларының талап дәрежеси ҳәм қәнигелескенлық жағдайына жуўап бермейди.

**3.3.1-кесте**

**Фермер хожалықларында техника қуралларын муғдарға салыстырғанда тәмийнленгенлик жағдайы (01.01.2013-жыл есабында)**

| Техника қураллары түри | 1000ға майдан есабына (дана) | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Муғдар бойынша | Хақыйқатта * бар | Муғдарға салыстырғанда парқы +;- | Муғдарға салыстырғанда жетиспейди, дана |
| Айдаў тракторлары | 2,8 | 1,1 | -1,7 | 1756 |
| Культивация тракторы (3-балонлы) | 21,7 | 3,0 | -18,7 | 25723 |
| Культивация тракторы (4-балонлы) | 12,0 | 2,2 | -9,8 | 21005 |
| Омочлар | 3,4 | 1,2 | -2,2 | 1679 |
| Култиваторлар | 16,9 | 6,1 | -10,8 | 5096 |
| Дән егиў сеялкалары | 4,8 | 0,8 | -4,0 | 6388 |
| Шигит егиў сеялкалары | 13,3 | 2,8 | -10,5 | 5626 |
| Дән орыў камбайыны | 2,0 | 0,9 | -1,1 | 770 |
| Трактор тиркамалари | 24,0 | 2,4 | -21,6 | 32103 |

Алтернативалы МТП есабындағы техника қуралларын фермер хожалықларындағы техника қураллары санына қосып есаплағанымызда да бар жағдайға салыстырғанда техника қуралларының түрлери бойынша тәмийнленгенлик дәрежеси 35%ге шекем көбейиўи, культиватор ҳәм шигит егиў сеялкалары болса муғдарға салыстырғанда 5 ҳәм 25% жетиспеўлиги анықланды. Сондай-ақ, алтернативалы МТП балансындағы техника қуралларының да 30% ке шекемгиси насаз ҳәм оңланыўға мүтәәж жағдайда сақланбақта. Алтернативалы МТП ларда тийкарғы түрдеги техника қуралларының басым бир бөлеги физикалық ескирген, соның ишинде, баланстағы техника қуралларының 0,2%ти 2008-жылда сатып алынған болса, 2,1% ти 1-3-жыл, 2,4% ти 4-6-жыл, 4% ти 7-8-жыл ҳәм 90,9% ти 8-жылдан артық мүддет пайдаланылған. Әсиресе, Ферғана ўәлаяатында 99,3%, Қарақалпағыстан Республикасында 96%, Бухара, Қашқадарья ҳәм Хорезм ўәләятларында 91,6-91,9% техника қуралларының хызмет мүддети 8-жылдан артық болса, қалған бәрше ўәләятлар бойынша усы көрсеткиш 72,3-89,4% ти қурамақта.

МАЖ МТП лар тәрепинен көрсетилип атырған агротехник сервис хызметлери баҳасының жоқарылығы себепли өнимлердиң өзине түсер баҳасы қурамында механизация қәрежетлер салмағы 25 пайызды қурамақта. Буған

тийкарынан әмелдеги «Салық кодекси»нде барлық түрдеги аўыл хожалығы машиналары ҳәм үскенелерине амортизация ажыратылғанлары 15 пайыз муғдарында бир түр өлшемде белгиленгенлиги себеп болмақта. Фермер хожалықларын финанслық техникалық қуралларына болған талабын лизиңг арқалы қанаатландырыў хәм бунда мәмлекет бюджети есабынан финансластырылып, республикамызда ислеп шығарылған, сапа дәрежеси нәтийжелилик_көрсеткишине_кепиллик берилмеген техника қуралларын лизинг тийкарында фермер хожалықларына сатып атырған «Ўзқишлоқхўжаликмашлизинг» лизинг компаниясының монополлық дәрежесине бәсеке орталығын__жаратыў мақсетинде республикамыздың агросанаат комплекси системасына киретуғын таярлаў, қайта ислеў, санаат өнимлерин ислеп шығарыў ҳәм коммерциялық банклери, сырт елдиң финанслық институтлары ямаса санаат өнимлерин ислеп шығарыўшы кәрханалары қатнасында қосымша кәрхана сыпатында лизинг компанияларын шөлкемлестириў ҳәм оларды мәмлекет тәрепинен экономикалық хошаметлеў мақсетке муўапық.

Усынып атырылған жаңа түрдеги лизинг компаниясы коммерциялық банклериниң (шет ел ямаса республикамызда жумыс көрсетип атырған) кредитлери есабынан республикамызда ямаса шет елде санаат өнимлерин өндириўши кәрханалар менен техника қуралларын сатыў - сатып алыў шәртнамасын дүзеди. Компания усы шәртнамалардан келип шыққан ҳалда фермер хожалықлары менен лизинг шәрнамасын дүзип, бирлемши басқыштағы лизинг төлеми әмелге асырылғаннан соң техника қуралы фермер хожалығы есабынан қамсызландырылады. Санаат кәрханасы, фермер хожалығы ҳәм лизинг компаниясы биргеликте сервис хызмет көрсетиў ҳәм техникадан пайдаланыў нәтийжелилигин анықлағаннан соң шәртнама тийкарынан фермер хожалығына техника қуралы жеткизип бериледи.

Лизинг компаниясын шөлкемлестириў ҳәм оның жумысын базар экономикасы принциплери тийкарында жолға қойыў арқалы:

- аўыл хожалығы техника қуралларын ислеп шығарыўшыларды раўажландырыў, фимнанслық – техника қураллары базарында еркин бәсеке түрлендириледи;

- аўыл хожалық товар өнимин ислеп шығарыўшыларға техника қуралларының узақ мүддетке кредитке берилиўи хошеметлендириледи;

- фермер хожалықларын аўыл хожалығы техника қуралларына болған талабы басқышпа-басқыш қандырылады;

- аўыл хожалығы техника қураллары ислеп шығарыўшылардың товар өнимлерин сатылыўын көбейиўи нәтийжесинде тутыныўшылар қатары кеңейттириледи;

- аўыл хожалығында товар өними ислеп шығарылыўының көбейиўи ҳәм мийнет өнимдарлығының асыўы тәмийинленеди.

Фермер хожалықларын кредит пенен тәмийинлеў оларды келешекте нәтийжели жумыс көрсетиўинде тийкарғы орынды ийелейди. Коммерциялық банклери тәрепинен фермер хожалықларына барлық ажратылған кредитлериниң кем дегенде 80 пайызы, Республика фермер хожалықларын қоллап-қуўатлаў жамғармасы тәрепинен болса бар-жоғы 3-4 пайызы ажратылмақта.

Коммерциялық банклери ҳәм финанслық фондлар республикамыз бойынша келешекте фермер хожалықларының саны ҳәм майданы, қәнигелескен дәрежеси ҳәм басқа жағдайларын толық анализ қылмастан, бир түр муғдарда кредит ажыратыў режесин енгизиў усылынан бас кешип, Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлиги, Республика фермер хожалықлары бирлеспеси менен биргеликте фермер хожалықларының жақын ҳәм узақ жылларда раўажланыў келешегин ислеп шығып, онда тийкарғы итибарды жайларда аймақлық киши банклерди шөлкемлестириўди көбейттириў арқалы фермер, дийхан ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыў, оларға басланғыш финанслық капитал сыпатында жәрдемди кредит ажыратыў, материаллық-техникалық тәмийнаты, тийкарғы қураллар ҳәм айланыс қаржыларынан болған талапларын қанаатландырыў бойынша мониторинг өткериў ҳәм сол тийкарда кредитлер ажыратыў портфелин есаплаў зәрүрлиги тийкарлап берилген.

Қамсызландырыў системасы фермер хожалықлары жумысын түрли тәбийий бахытсыз ҳәдийселер тәсиринен қорғаўда үлкен роль ойнайды. Фермер хожалықларында аўыл хожалығы егинлери ҳәм шарўа малларын қамсызландырыў системасын анализ нәтийжелери орынларда көплеп фермерлер аўыл хожалығы егинлери ҳәм шарўа малларын қамсызландырыў тәртибин билмеўлери, қамсызландырыў хызмети хызметкерлери болса фермер хожалықлары ортасында мал-мүлк қамсызландырыўының жеңилликлери бойынша илажларын (көргизбели оқыў семинарларын өткериў, реклама, буклет яки қолланба таярлаў ҳәм басқалар) реже тийкарында алып бармаслығын көрсетпекте. Белгили, фермер хожалықларының тийкарғы үлкен майданларында мәмлекет мүтәжи ушын сатып алынатуғын пахта ҳәм басақлы дән егинлери, белгили бир фермер хожалықларында болса мийўе-палыз егинлери, бағшылық, жүзимшилик ҳәм шарўашылық өнимлери жетистирилип, олардың барлығы еркин қамсызландырылады. Мәмлекет мүтәжи ушын сатып алынатуғын өнимлер ушын жыл даўамында жеңилликли кредит ажратылыўы ҳәм бунда олардың есап бетлеринде еркин пул қәрежетлериниң жетиспеўшилиги себепли дүзилетуғын қамсызландырыў шәртнамалары ҳуқықлы күшке кирмей қалса, басқа түрдеги өнимлерди жеткизип беретуғын фермер хожалықларының зүрәәти ҳәм түрли объектив ҳәм субъектив себеплер (финанс қәрежетиниң жетиспеўшилиги, қамсызландырыў системасына исенимсизлик, түрли бюрократлық тосықлар ҳәм басқалар) себепли қамсызландырылмай атыр. Таярлаў, хызмет көрсетиў шөлкемлери ҳәм фермер хожалықлары ортасында дүзилип атырған шәртнамаларды орынланыўында унамлы жағдай жүз бермекте.

Экономиканы еркинлестириў шараятында контрактация шәртнамаларында мәмлекет мүтәжи ушын жетистирип атырған өнимлер көлеми ҳәм сыпаты көрсетилген жағдайда егинлер түрин ғәрезсиз жайластырыў ҳуқуқы фермер хожалығы баслығының ықтыярында болыўы зәрүр. Әмелдеги усы жағдай болса фермер хожалықларында топырақ өнимдарлығын асырыў бойынша иләжларды әмелге асырылыўы шегаралап қоймақта.

Мәлим болғанындай, бүгинги күнде басым көпшилик фермер хожалықлары өним сатыў бойынша шәртнама жуўапкершиликлерин орынлап келмекте. Соны есапқа алып, фермер хожалықларында мәмлекет мүтәжлиги бойынша жетилистирилетуғын өнимлерге шәртнама дүзилиўинде олардың көп жыллық жумыс нәтийжелерин есапқа алған жағдайда жантасыў мақсетке муўапық. Өнимди сатыў бойынша шәртнама жуўапкершиликлерин ҳәр дайым орынлап, жоқары зүрәәт алып атырған фермер хожалықлары менен тек өним түри ҳәм муғдары (тонна) есабында шәртнама дүзилиўи ҳәм оларға егин майданлары ҳәм зүрәәтлилигин ғәрезсиз белгилеўге имкәният берилиўи зәрүр. Усы жеңиллик бир ўақыттың өзинде бириншиден, нәтийжели жумыс көрсетиўи нәтийжесинде жоқары унамлы көрсеткишге ийе болған фермер хожалықларына исеним билдирилип, олардың мийнети мәмлекет тәрепинен хошаметлендирилген болса, екиншиден, хожалықта топырақ өнимдарлығын асырыў, басқа егинлер есабынан дәраматты көбейттириў ҳәм өз жумысын тек жеңилликли кредит қаржыларына байланыслы болып қалмаўына имкәният жаратады, үшиншиден, жоқары нәтийжеде жумыс көрсетип атырған фермер хожалықларын көбейттириўге мүмкиншилик жаратылады.

Магистрлик дисертация жумысында фермер хожалықларында мәмлекет мүтәжи ушын жетилистирип атырған өнимлерди туўрыдан-туўры жеңилликли кредит менен тәмийнлеўдиң жаңа системасы ислеп шығылып, оны әмелиятқа енгизиў усыныс етиледи.

Усы механизмди әмелиятқа енгизиў менен биргеликте кредитлеў системасын жетилистириў бойынша төмендеги экономикалық методикасын әмелге асырылыўы усыныс етиледи:

- мәмлекет мүтәжлиги бойынша сатып алынатуғын пахта шийки зат өнимин жетистириў ушын ажратылатуғын жеңилликли кредит муғдары режелестирилген сарып - қәрежетлердиң кеминде 80 % муғдарында болыўы зәрүр. Усы шараятда пахта жетистириўши фермер хожалықлары ушын агротехникалық иләжларын өз ўақтында сыпатлы өткериў ҳәм режедеги зүрәәтти жетистириў имкәнияты жаратылады. Жетилистирилип атырған пахта шийки зат өниминиң 100 % мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алыныўы ҳәм

режелестирилген сарып - қәрежетлердиң 80 % бөлеги жеңилликли кредит тийкарында ажратылыўы келеси кредитти үстеме проценти менен қайтарылыў имкәниятын толық кепиллейди;

- фермер хожалықларында пахта ҳәм масақлы дән егинлеринен тысқары басқа түрдеги дийханшылық ҳәм шарўашылық өнимлери жетилистирилиўи есапқа алып, усы тайпадағы өнимлерди жетистириў процессинде айланба қәрежетлердиң жетиспеген бөлеги қысқа мүддетли жеңилликли кредит ажыатыў тийкарында шешилип, ол негизинде жетилистирилип атырған өнимлер зүрәәтлилигин гереўге қойыў есабына берилиўи лазым;

- мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алынатуғын аўыл хожалығы өнимлерине жеңилликли кредитлер линиясы фермер хожалықлары менен таярлаў ҳәм қайта ислеў кәрханалары ортасында контрактация шәртнамасы дүзилгеннен соң бир мәртебе ашылыўы ҳәм зәрүр ўақытта кредит суммасынан фермер хожалығының басшысы ғәрезсиз ҳәм еркин пайдаланыў ҳуқуқына ийе болыўы шәрт.

Жоқарыдағы анализлерден жуўмақ шығарып соны айтыў керек, баслы бағдар сыпатында фермер хожалықларын турақлы экономикалық раўажландырыў республикамыз аўыл хожалығында тийкарынан төмендеги 4 үлкен әҳмийетли ўазийпаларды шешилиўинде тийкарғы роль ойнайды Бириншиден, ислеп шығарыўды интенсивли раўажландырыў, өнимди жетистириў, таярлаў, қайта ислеў, сатыў ҳәм хызмет көрсетиў салаларын, базар инфраструктурасын обьектлерин кескин раўажландырыўды тәмийнлеў; екиншиден, фермер хожалықларын белгили түрдеги аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўге қәнигелескен ҳәм егинлер қурамын алтарнатив жайластырыў системасын жетилистириў; үшиншиден, АСК  тармақлары ортасында өз-ара ислеп шығарыў – экономикалық қатнасықлар – хожалықлар ара кооперация ҳәм аграрсанаат интеграция системасын қайтадан түрлендириў ҳәм ақырғы төртиншиден, тармақты ҳәм ислеп шығарыўдың алтарнатив өлшемлерин белгилеў имкәнияты жаратылады.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен кейин базар қатнасықларына тийкарланған ҳалда өзиниң экономикалық раўажланыў стратегиясын ислеп шықты. Бунда ҳәр бир ўәлаят өзиниң жайласыў орны, демографиялық өзгешелиги тәбийий ресурслары ҳәм басқада өзгешеликлерине қарай раўажланыў жолы ислеп шығылды.

Президентимиз өз баянатында фермер хожалыклары ҳәрекетине артықмаш әҳмийет қаратыў лазымлығын айрықша атап өтти. Келешекте фермерлер аўыл хожалығы өнимлерин өндиретуғын тийкарғы хожалық субъектине айланыўы тийис.

Республикада фермер хожалықларын баслы бағдар болған келешекте раўажландырыў бойынша алып барылған изертлеўлер нәтийжесинде төмендеги жуўмақ ҳәм усыныслар ислеп шығылды.

1. Мәмлекетимиз ишки базарын азық - аўқат өнимлери менен тәмийнлеў ҳәм сыртқы базарға бәсекеге шыдамлы таяр аўыл хожалығы өнимлерин шығарыў, ең тийкарғысы, республикамыздың экспорт потенциалын беккемлеў ҳәм валюта түсимин көбейттириў мақсетинде экономиканың аўыл хожалығы тармағында өндиристи финанслық жақтан турақлы болған фермер хожалықларын келешекте артықмашлыққа ийе бағдар сыпатында турақлы раўажландырыў стратегиялық бас мәселе есапланады. Усы жағдай төмендеги факторлар менен түсиндириледи:

- фермер хожалықлары экономикалық ҳәм ҳуқуқый жақтан ғәрезсиз, жумысы толық хожалық есабында, өзиниң қәрежетлерин қаплаў ҳәм финансластырыў принциплери, тийкарғы ислеп шығарыў қуралларына (жер майданларынан тысқары) жеке мүлкшилик тийкарында жүритеди;
- жер майданларынан узақ мүддетли ижара тийкарында пайдаланыў, барлық ислеп шығарыў қураллары ҳәм жетилистирилип атырған өнимлерге толық ийелик фермер хожалығына мүлкдарлық сезимин жаратады;
- басқарыўшы ҳәм өндирис ўазыйпаларын фермерде жәмлесилиўи тармақта есап алып барыў ҳәм қадағалаў хызметкерлери санын кескин қысқарыўына алып келеди;

- дийханлардың бир орында ислеўи ҳәм жасаўы менен байланыслы социаллық мәселелерди қосымша қәрежетлерсиз шешилиўине шараят жаратады;

- фермер хожалықлары қарамағындағы жер майданлары үлкен болмаған көлемде болыўы мәлим бир қолайсызлықлар, атап айтқанда, ҳаўа – райы яки басқа тәбийий процесслер нәтийжесинде жүзеге келип атырған апатшылықларды тезлик пенен жоқ қылыў имкәниятын береди;

- бир яки бир нешше шаңарақтың өз – ара шериклигиндеги мийнетлери табыслы нәтийже ушын шаңарақ ағзаларында жоқары жуўапкершилик, анық есап – китап, қатаң тәртип – интизам, жоқары мәпдарлыққа ерисиў ҳәм де өз шаңарағының татыўлығын тәмийнлеў есапланады.

2. Фермер хожалықлары қарамағындағы суўғарылатуғын майданлардың үлкен бөлегинде мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алынатуғын егин түрлери - масақлы дән ҳәм пахта егилиўиг, бирақ, айрым фермер хожалықларында пахта ҳәм бийдай егинлериниң зүрәәтлилиги төмен екенлигин есапқа алып, төмендеги иләжларды әмелге асырылыўы мақсетке муўапық:

- масақлы дән ҳәм пахта егинлерин топрақ өнимдарлығы төмен, шор басқан, мелиоративлик жағдайы жаман жерлерге жайластырмаў;

- агротехникалық иләжларын өз ўақтында ҳәм сыпатлы өткериўди тәмийнлеў мақсетинде агросервис хызметин көрсетиў шақапшалар жумысын жақсылаў ҳәм де фермер хожалықларында материяллық- техникалық тәмийнлениўин беккемлеў;

- фермер хожалықларын топрақ өнимдарлығы ҳәм егинлер зүрәәтлилигин асырыў ҳәм де сыпатын жақсылаўға болған мәпдарлық системасын жетилистириў.

3. Фермер хожалықларын келешекте финанслық - техникалық қураллары менен беккем тәмийнлеў ушын:

- узақ мүддетли, жеңилликли кредитлер ажратылыўын жолға қойыў;

- лизинг тийкарында техника қураллары тәмийнлениўин күшейттириў, Қарақалпақстан Республикасы ҳәм ўәлаятлар бойынша фермер хожалықларының дәраматларын түрли дәрежеделигин есапқа алған ҳалда

басланғыш лизинг төлемлери ҳәм де мүддетин белгилеўде классификацияланылған механизмди әмелиятқа енгизиў;

- лизинг системасының мәмлекет тәрепинен басқарылыўын ҳәм оның монополия көринисине бәсеке орталығын түрлендириў мақсетинде жеке ямаса қоспа кәрхана сыпатындағы лизинг кәрханаларын пайда етиўди мәмлекет тәрепинен экономикалық хошаметлеў;

- сырт елден аўыл хожалығы техника қуралларын алып келиў ямаса республикамызда өндиристи жолға қойған жеке меншик, жәмийетлик ҳәм қоспа кәрханаларды мәмлекет тәрепинен экономикалық хошаметлеў системасын жетилистириў;

- мәмлекетимиз аўыл хожалығын техника қуралларына келешектеги талапларын есапқа алған ҳалда финанслық - техникалық қураллары базарын түрлендириў бойынша арнаўлы бағдарды ислеп шығыў ҳәм онда техникалық қуралларының еркин базары ҳәмде екилемши базарын раўажландырыў илажларын көзде тутыў зәрүр.

4. Белгили болғанындай, фермер хожалықларында тийкарғы майданларда пахта ҳәм масақлы дән егинлери жетистирилип, мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алынсада, олардың зүрәәти ықтиярлы рәўиште қамсызландырылады. Бизиң пикиримизше, келеси жыл өниминен баслап мәмлекет мүтәжи ушын сатып алынатуғын аўыл хожалығы өнимлериниң өними мәжбүрий қамсызландырыўы системасына киргизилип, зәрүр болатуғын финанслық қәрежет-бирлемши төлеў қуны жеңилликли кредитлер суммасына көзде тутылыўы зәрүр.

Улыўма, Республикамызда аўыл хожалығы тармағынан алынатуғын өнимлерди қамсызландырыў шөлкемлестириўшилик - экономикалық механизимлерди жетилистириў талап етиледи. Әмелдеги «Қамсызландырыў жумысы хаққында»ғы нызам экономиканы еркинлестириў шараятында фермер хожалықларын артықмаш бағдар сыпатында турақлы раўажландырыў принциплерине толық жуўап бере алмайды. Раўажланған мәмлекетлер аўыл хожалығында қамсызландырыў тәжрийбелерин есапқа алған халда республикамызда «Аўыл хожалығын қамсызландырыў хаққында»ғы жаңа

нызамды қабыл қылыў арқалы қамсызландырыў системасының хуқуқый ҳәм экономикалық механизимин жетилистириў мақсетге муўапық.

5. Фермер хожалықларын кредитлеў системасына келешектеги зүрәтин гиреўге алған халда кредит ажратыў механизими жаңа бағдар сыпатында оны әмелиятға енгизиўди жетилистириў ҳәм бунда бириншиден, кредит тек ғана пахта ҳәм бийдай егинлери ушын ажратылыўы себепли фермер хожалықлары тәрепинен оған салыстырғанда талап төмен дәрежеде болыўын есапқа алған ҳалда келешекте кредит бағдарын барлық түрдеги аўыл хожалығы өнимлерин жетистирип атырған фермер хожалықларына толық енгизиў; екиншиден, кредит бағдарланған мақсетлер түрин кеңейттириў ҳәм оннан пайдаланыўда фермер хожалықларына толық имкәният, ғәрезсизлик ҳәм еркинлик жаратыў; үшиншиден, келеси зүрәәтти гиреўге қойған ҳалда қосымша кредит ажратыў системасы фермер хожалықлары жумысын артықмашлық ийе раўажландырыў ҳәм нәтийжели болыўын тәмийнлеўи ушын, атап айтқанда техника қураллары, қайта ислеў техналогияларын сатып алыў, хызмет көрсетиў ҳәм таяр өнимлер ислеп шығарыўды раўажландырыў тийкарында жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириўге қаратылыўы зәрүр.

6. Фермер хожалықлары раўажланыўы мийнет қылып атырған ағзалар ҳәм жалланба жумысшыларды социаллық қорғаў мәселесине мәмлекет тәрепинен итибар берилиўин талап етеди. Орынларда алып барылған анализлердиң көрсетиўинше, фермер хожалықларында мийнет қылып атырған жалланба жумысшылар, әсиресе мәўсимлик аўыл хожалығы жумысларында бәнт болған пуқараларды социаллық қорғаўы нызамлы жолға қойылмаған. Айрым жағдайларда жалланба жумысшылар фермер хожалығы басқармасы менен аўыз-еки дүзилген шәртнамалар (өз-ара келисиў) тийкарында жумыс жүритпекте. Фермер хожалығы басшысы олардың социаллық қорғаўы ҳәм мийнет қәўипсизлигин тәмийнлеў бойынша нызам ҳәм нызамлық ҳүжжетлерде белгиленген миннетлемелер әмелде толық орынламайды. Сол себепли де фермер хожалықларында хызметкерлерди жаллаў ҳәм жумыстан босатыў «Пуқаралық кодекси», «Мийнет кодекси» ҳәм де «Фермер хожалығы ҳаққында»ғы нызамлар ҳәм нызамлық нормативлик ҳүжжетлер талапларына

муўапық әмелге асырылыўы зәрүр. Бунның ушын ҳәр бир район көлеминде фермер хожалықлары басшылары ҳәм оларда мийнет қылып атырған жумысшылар қатнасыўында оқыў шынығыўларын турақлы бақланыўы, оқыў - методикалық ҳәм жергиликли хабар қураллары арқалы түсиндириў жумыслары алып барылыўы мақсетке муўапық.

## Пайдаланылған әдебиятлардың дизими

1. Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. –Т.: «Ўзбекистон», 2012 -36 б.
2. Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг 2011 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2012 йилга мўлжалланган энг муҳимустивор йўналишларга бағишлнаган Ўзбекситон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги «2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади» мавзусидаги маърузасини ўрганиш бўйича ўқув қўлланма. – «Ўқитувчи» НМИУ, 282 б.
3. И.А.Каримов «Мамлакатимизда демократик ислоҳатларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси» Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги мавзусидаги маърузаси. –Т.: Ўзбекистон, 2011 -56 б.
4. И.А.Каримов. Барча режа ва дастурларимиз Ватанимиз тараққиётини юксалтириш, халқимиз фаровонлигини оширишга хизмат қилади: 2010 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2011 йилга мўлжалланган энг муҳим устивор йўналишларга бағишланган ЎзР Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси. Т.: Ўзбекистон, 2011 -48 б.
5. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ислом Каримонинг Ўзбекистон Республикаси Олий мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг 2010 йил 12 ноябрьдаги қўшма мажлисидаги «Мамлакатимизда демократик ислоҳатларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси» мавзусидаги маърузасиини ўрганиш бўйича ўқув-услубий мажмуа. Т.: «Иқтисодиёт» 2010
6. Ўзбекистон Республикаси Президенти И. Каримовнинг 2010 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2011 йилга мўлжалланган энг муҳим устувор йўналишлирга бағишланган ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасида-ги «Барча режа ва дас-турларимиз Ватанимиз тараққиётини юксалтириш, ҳалқимиз фаровонлигини оширишга хизмат қила-ди» мавзуси-даги маъруза-сини ўрганиш бўйича ўқув қўлланма. – Т: Иқтисодиёт.-2011.-202 бет.

7. И.А.Каримов «Ўзбекистон иқтисодий ислоҳатларни чуқурлаштириш йўлида» Тошкент «Ўзбекистон» 1995й.
8. И.А.Каримов «Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: ҳавсизлига таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари». Тошкент «Ўзбекистон» 1999й.
9. Ўзбекистон Республикаси Президенти фармони «2006-2009 йилларда фермер хўжаликларини ривожалнтириш концепцияси тўғрисида»
10. Ўзбекистон Республикасида тадбиркорлик туғрисидаги қонун ҳужжатлари I-китоб Тошкент 1999 й
11. Ўзбекистон иқтисодий ахборотномаси №1-2 2009 йил
12. Ўзбекистон респубкасининг «Қишлоқ хўжалик кооперативи (ширкат хўжалиги) тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон қишлоқ хўжалигида ислоҳотларни чуқурлаштиришга оид қонун, ҳукумат қарорлари ва меъерий хужжатлар туплами. Т.: Ўқитувчи 1998. й
13. Ўзбекистон респубкасининг «Фермер хўжалиги туғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон қишлоқ хўжалигида ислоҳотларни чуқурлаштиришга оид қонун, ҳукумат қарорлари ва меъерий хужжатлар туплами. Т.: Ўқитувчи 1998. й
14. Ўзбекистон респубкасининг «Деҳқон хўжалиги тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон қишлоқ хўжалигида ислоҳотларни чуқурлаштиришга оид қонун, ҳукумат қарорлари ва меъерий хужжатлар туплами. Т.: Ўқитувчи 1998.
15. Ўзбекистон респубкасининг «Тадбиркорлик туғрисида»ги Қонуни. Қишлоқ хўжалигида ислоҳотларни чуқурлаштиришга доир қонун ва меъерий хужжатлар туплами. Т.: Шарқ 2-қисм 1998
16. Каримов И.А. «Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекситон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари» номли асарини ўрганиш бўйича-ўқув қулланма. Тошкет. Иқтисодиёт – 2009 й.
17. Мамлакатимизни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамияти барпо этиш – устувор мақсадимиздир. – Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузаси // Халқ сўзи, 2010 йил 28 январь.

18. Ўзбекистон Конституцияси – биз учун демократик тараққиёт йўлида ва фуқаролик жамиятини барпо этишда мустаҳкам пойдевордир. – Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 18 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси // Халқ сўзи, 2009 йил 6 декабрь.
19. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари / И.А.Каримов. – Т: Ўзбекистон, 2009. – 56 б.
20. Мамлакатимизни модернизация қилиш ва янгилашни изчил давом эттириш – давр талаби. Президент Ислом Каримовнинг 2008 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2009 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамаси мажлисидаги маърузаси // Халқ сўзи, 2009 йил 14 февраль.
21. Каримов И.А. Энг асосий мезон – ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш. Т.: Ўзбекистон, 2009. – 24 б.
22. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамаси мажлисининг Қарори. 2008 йилда Республикани ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2009 йилда иқтисодиётни барқарор ривожлантиришнинг энг муҳим устувор вазифалари тўғрисида. 2009 йил 13 февраль.
23. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ислом Каримовнинг «Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари» номли асарини ўрганиш бўйича ўқув қўлланма. – Т.: Иқтисодиёт, 2009. – 120 б.
24.Ҳакимов Рашид. Агросаноат мажмуаси иқтисо-диёти. Дарс. – Т.: Иқтисо-диёт, 2007 -364 б.
25.Абдуганиев А.,АбдуганиевА. Қишлоқ хўжалиги иқтисодиёти. Дарслик. –Т.: Ўзбекистон Ёзувчилар уюшмаси Адабиёт жамғармаси нашрёти 2006, 288 б.
26.Экономика отраслей АПК И.А.Минаков, Н.И.Куликов, О.В.Соколов и др.: Под ред И.А.Минакова –М.: КолосС, 2008 – 464 с.

27.Серова Е.В. Аграрная экономика: Учебник для студентов экономичес-ких вузов, факультетов и специальностей. –М.: ГУ ВШЭ, 2007 -480 с.

28.Муҳаммаджонов О. Ўзбеикистоннинг ер манъбалари ва ундан фойдаланиш. Т. «Меҳнат» 1995

29.Попов Н.А. «Экономика сельского хозяйства» Учебник Москва «Дело и сервис» 2001 й.

30.Қишлоқ хўжалиги корхоналарини фермер хўжаликларига айлантириш ва уларга хизмат кўрсатувчи инфратузилма объектларини ташкил этишда фойдаланиш учун зарур бўлган ҳуқуқий, меъёрий ҳужжатлар тўплами. Тошкент 2005 й.

31.Фермерлик фаолияти қонун ҳимоясида. Тошкент 2005 й.

32.Акмурзин У «Дийхан-фермер хожалықларында бухгалтериялық есапты шөлкемлестириў» Нокис 1996 ж.

33.Адильчаев Р. Назарбаев О «Тәбияттан пайдаланыў экономикасы» Нөкис «Билим» 2006

34. Расулов М. «Бозор иқтисодиети асослари» Тошкент 1999 й.

35.Назарбаев О «Менеджмент тийкарлары» Нөкис 1995 ж.

36.Тлеубергенов Ш. Назарбаев О.«Агроэкономика ҳам агробизнес тийкарлары» Нөкис 1998 ж.

37. Убайдуллаев К. Регулирование экономических отношений и его роль в развитии и повышений эффективности сельскохозяйственного производства в Республике Каракалпакстан Нукус 2000 г.

38.Усмонов С «Фермер ва деҳкон хужаликлари» Тошкент 2004 й

39. Убайдуллаев Х. Джумагалиева Г. Проблемы и перспективы развития фермерских хозяйств в Республике Каракалпакстан Нукус 1995 г

40. Хошимов З.Ражабов П. «Эколого-экономические факторы оценки природных ресурсов» Сельское хозяйство Узбекистана журналы, №4 2006

41.Юсупбоев К. «Қорақолпоғистоннинг аграр секторида иқтисодий ислоҳатларни амалга ошириш хусусиятлари» Тошкент 2003

42. Пайдаланылған сайтлар www.ceep.uz, www.bearingpoint.uz, www.pca.uz www.bpvak.com , www.5ballov.ru